# ҚУТЛЫ ҚӘДЕМ

Қ. АРАЛБАЕВ



ПОВЕСТЬ

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1970—ЖЫЛ

www.ziyouz.com kutubxonasi

Индекс $\frac{7-3-3}{66 \quad 70 \text{ М}}$

**КК 2 Аралбаев Қ.**
**А—68 „Қутлы кәдем“** Повесть, Нөкис. „Қарақалпақстан“ 1970. 156-бет.

„Қутлы кәдем“—Қурбанбай Аралбаевтың туңғыш повести. Онда Қоңырат қарақалпақларының революцияға шекемги аянышлы турмысы, Хийўа ханы ҳәм жергиликли феодаллардың қол астында езилген мийнеткешлер массасының өмири сөз етиледи.

Повесттиң тийкарғы темасы—рабочий класының туўылыўы, мийнеткешлер арасында революциялық түсиниклердиң ояныўына бағдарланған. Бул, повестиң бас қаҳарманлары болған Сейитнияз, Қылышбай ҳәм Базаргүл образларынан айқын көринеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИРИНШИ БАП

Россиядан қайтып келгеннен соң Қылышбай көп ўақтын үйинде өткерди. Ара-тура әкеси Сейтниязға көмеклесип, ҳәр кимниң жүгин, қап-қанарын арқалап тасығаны болмаса, еле тыянақлы талаптың басына жип тағып алатуғын жумыстың түри жоқ. Сейтнияз ҳаммал бүгин қандай да бир үмит пенен: „я несип,“ деп төсегинен ертерек турды да есигиниң алдын, үйиниң дөгереклерин сыпырып бола сала таң намазын оқыў ушын жай намазын жаяман дегенше сәҳәр сағымы менен мешит минберинен жаңғырған молла азаныың „ассалатул хайрулминанәўм!“ деген соңғы ҳаўазы еситилди. Сол ўақытта Зийўар кемпир де Бекманбай байдың сыйырларын саўып, гүбисин шайып, үйине оралғанда ғаррысы таң намазын оқыўға кирискен еди.

Зийўар кемпир әри-бериниң арасында ғаррысының да, Қылышбайдың да чайын демлеп, сыртқа шығып кетти.

Таң намазының соңғы сәждесине басын қойғаннан кейин Сейтнияз жайнамазды қайырып жүгинди де бул сапары жайнамаз үстинде узақ отырды, әлле нәрселерди айтып аўызы тынымсыз жыбырлады.

—Я алла! Бәршеси өзиңниң қолыңда. Дүнья-малды айтпай-ақ қояйын, ең болмаса маңлайыма таўық та бермедиң, енди маңлайымдағы жалғыз ул перзентим-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң бахытын аш, қыз десе қызым да бар, бирақ нашар қай ўақ, бир ўақ киси бендеси, барған жеринде ол да хор-зар болмасын, елимиздиң залымларына инсап бер, бийшара қулларына рәҳим ет, ендиги тилегим усы!“ деди жалбарынып. Сөйтти де күндеги талабына кийетуғын келте шал шекпенин, тоғанақлы арқанын керегеде илиўли турган жерйнен алып әтештан қасына жыйнады. Алды менен бәйкем етигин аяғына кийип, шолақ жеңил шекпенди қақпақтай жаўырынына илдире сала жән-жағына қарады, сырттан қарағанда ол палўанға уқсап көринди. Ол жасында той-мерекеде арқасы қозып ортаға шыққанын билмей де қалатуғын, анаў-мынаў палўан менен тутысқанда талайын жамбастан қайтарып көтерип уратуғын да еди. Соңында адамлар оны Сейтнияз „қырыс“ деп атайтуғын болды. „Шынжырлы палўан“. „шойын палўанлар“ менен де талай сапар тойларда арысландай алысқан мәҳәллерин көз алдында елеслетип гейде: „ ўаҳ, жаслық дәўрен-ә!, өтип кеттиң-аў“ деп аўыр гүрсинип қояды.

„Әне, Қылышбайым айнымаған өзим, өзиме тартқан, жаман көзден сақласын, ендиги ғайратты соған берсин!,“—деди өзине өзи.

Сейтнияз, күнликши баласы Қылышбай менен қаланың сарай көшесине келгенде бәззазлар[1] дүканларын әлле қашан ашып, айдынлы, пашшайы, дарайларды дүканның тақтай текшелерине топ-тобы менен текшелеген, көбиси қазангүл, мәтири шаршыларды дүканларының маңлай алдына керилген жиплерге дизип болған еди. Тек шершилер ғана жәнжебил, салайы мекке, арпа бадиян, зырныйық, шыншөп, ўарьян, нарпоз[2] сал-

---

1. бәзазлар—саўдагердиң бир түри.
2 Дәрилердиң атлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған қалталарын енди жайғастырып отыр. Сол ўақта Сейтеке де қаланың ол көшеси менен бул көшесин аралап жүр еди. Көшелер күндегиге қарағанда азада ҳәм кеўилли көринеди.

Қурбан ҳайттың ғалаўыты болғанға ма, шар тәрептен ыққан бай, саўдагерлерден басқа қытайы-қотан масқарапазлар, рус, мусылман ойыншылары да көп келипти. Ғәлле базарындағы кең майданға тахта дәрўаз қурылыпты. Ойыншылар арасында аржақ-бержақта аты шыққан Қурбан сазшы, Мәтиякып тарақшы, Бекман ҳоққашы деген сазенделерде бар. Арқасы жерге тиймеген шымбайлы Оразбай, ҳанқалы Қәлендер, үргенишли Мәткәрим, хийўалы Абдулла, ташаўызлы Теке палўанлар да келипти.

Атақлы палўанлардың келгенин билген Сейтекеге қалтыратпа пайда болды: „Айтқандай, бүгин ҳайттың биринши күни ғой, калашыларда бүгин неге көп келген екен десем көбиси ҳайтлап келип атыр екенғой, ғаррылығымның алдында палўанлардың биреўлери менен ҳәл салысып, күш-қуўатымды тағы бир сынап көрейин, ығбалым ислеп, биреўлерин көтерип урсам жутымлык бир нәрсели боларман,—деди.

Бирақ Қылышбай әкесиниң айтқанына көнбей намысы келди де:

—Гүресетуғын қандай палўан болса да өзиме жибере бер,“ Пилмамыт“ болса да ҳәллесемен!—деди әкесинде, жора-жолдасларында исендирип.

Зийўар кемпир Бекманбайдың сыйырын саўып дигирманын тартыўдан, напын жабыўдан қолы босамайды. Гейпара күнлери қуптанда қайтып: „уўҳ!“ деп демин бир алады. Сәнем де қарап отырмайды, жармажаўғанын писирип, ара-арасында есик алдында кериўли турған өрмекти де қаққышлайды. Үйи сыртынан көриўге көренишлеў болса да, Сәнем оны өзиниң то-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыған қызыл ақ басқур, баў-шуўлары менен пардозлаған.

Сәнемниң курдасы Базаргүлде де Сәнемниң бойына сиңген қәсийеттиң белгиси оның жүриси-турысынан, зийреклиги менен хош үрей, милайым ҳәм әлпайымлығынан, қолының өнеринен мәлим еди. Ол да жийек тигиў, ақ басқур, қызыл басқур, ҳәтте ақ шашақ ғалы-гилемлерди тоқығанда жан ендирип, гүлине гүл қондыратуғын еди. Қоңсы үйлериниң естияр адамлары: „Паҳ!, қызың болса, Сейтнияз күнликшиниң, Мусет шаршының қызындай болсын, булар кимниң үйине келин болып түссе де, ол үйдиң маңлайы жете қарыс!—деп аўызларынан түсирмей мақтайтуғында еди.

Қылышбай бүгин де әкесине жәрдемлесип талап ислеп жүр. Бир ўақытта Омарбайдың нәзери көше ортасынан таўдай жүк арқалап, жорғалап өтип баратырған қуўатлы жас жигитке түсти. Үлкен баласы Төреханға ашқызып қойған таўар дүканының текшесине минип отырған Омарбайдың тусына келе бергенде азаматтың арқасындағы жүкке тағы бир қараған байдың мойны ишектей созылып, еки көзи уясынан шығатуғындай болып аларып кетти.

—Пай, заңғар нар екенсең!,—деди шыт аршынлап атырған Төреханға қолы менен нусқап көрсетип.—Таўды астан-кестен қылыў қолынан келетуғын жигит екен!..

Омарбай, бул жаңадан тап болған жигиттиң қайдан келгенин билгиси келип, өзине тәбия бәззазлардан сорастырды. Бәззазлардың биреўи оны атаў ишинен талап излеп келген биреў қусайды десе, тағы биреўлери: „Мәтимбайдың дийқаны екен, бай ҳақысын бермеген соң есигинен кетип калыпты. Ҳәзир күнликшилик етип жүрген қусайды", дести. Сол мәҳәлде Қылышбай әкеси Сейтнияз бенен арқаны, жумыс кийимлери дас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

малланып байдың алдынан шаққан басып өтип баратыр еди. Бай оларды прикти де қасына шақырып еди, бирақ Сейтнияз байға: „Асығыспыз, не жумысыңыз бар еди“ демекши болса да, өзин сабырлы пишинде тутып „хызметиңизге ҳәзирмиз“, деген сөзди мақул көрди.

—Мен сеннен мынаў, қасыңдағы жас жигиттиң кимниң баласы екенин сорайын деп едим,—деди бай.

—Бул мениң балам!

— Анық өзиңниң балаң ба?

—Аўа бай аға! Ҳақыйқат өз балам!

—Сениң мудамы жалғыз жүргениңди көретуғын едим.

—Ол айтқаныңыз дұрыс. Арал жағасындағы байларда, Макарьяның заводларында рабочийлық етти. Қолыма келгени жақында ғана, қарап жатқысы келмей маған көмек берип жүргени.

—Ўаҳа, балаңыз русиятты да көрген екен!—деди бай, муртынан күлимсиреп.

—Аўа, бай аға!

—Балаңыздың аты ким?

—Қылышбай.

—Үйлендирипиедиң?

—Үйлендириўге шамам келмей жүр.

Сейтнияздың бул сөзи байға қонып кетти.—„Енди баланды қолға түсирдим ғой“,—деди, ишинен.

—Онда, балаңа қыз алып берейин!—,деди бай, көз қыйығы менен жылмыйып,—бирақ балаң, мениң есигимде жүреди, буйырған хызметимди ислейди, қалай деймен?

Сейтнияз „ мақулма „дегендей баласына қарады да:

—Жүдә мақул!—деди сақалын сыйпалап.

—Кийим-кеншек те беремен, бәлки өзиң де, ҳаялбалашағаң, болса оларға да қарасып турарман, олар да бизиң үйге қол-қабысын тийгизер!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Байдың былпылдамай сөзине қудайға исенгендей болған Сейтнияз күндикши бирден:

— Болады, бола...и!. Сизиң есигиңизге бергеним-берген!-деди.

Омарбай ҳийлеге р қолы менен Сейтнияздың арқа-сынан қағып:

— Қудайдан тилеген адамсыз-ә! Ертеңнен қалмай балаң мениң қасыма келсин!

—Таңнан аман шықсақ, ертең ықтиярыңызда болады!,—деди Сейтнияз. Қылышбай да әкесиниң ырайын қайтармай, оның сөзин мақуллады. Әкели-балалы екеўи Омарбайдың қасынан әстен кейинне бурылып, қараңғы көшениң ортасы менен қубла тәрепке айланғанда:

— Қәнекей, со...ай бәзиргенлер өз аяғы менен келе берсе, дәўлетимизге дәўлет қосыла берер еди!,—деди бай дүкәнның төринде турған баласына қарап.

Қылышбай ғәллебәзар майданына келебергенде жайма дүкән саўдагерлери бир-бирине ҳәл салысып, қарыйдарларды тартыў мақсетинде өз малларын мақтап турғанларын көрди... Биреўлери алдында топ-тобы менен жайыўлы турған айдынлы, жасыл жапырақ қызыл гүлли дарайы сәтинлерди, қаўаша гүлли ҳәр қыйлы шытларды, биреўлери, казангүл мәтири шаршыларды ақтар-теңкерин шығарып, олай-былай айландырып қарыйдарларды қызықтырмақшы болып атыр.

Қатар дизилискен Жайма дүкәнлар таўсылар емес. Қарақас қызыл зәрбарақ табақ-қасықлар, жез, периўза, сырша менен сырланған гүзелер, бадиялар қуяш нурына шағылысып алысқан жарқырайды. Қырмызыға боялған жүннен тоқылған каршынгүл нағыслы ҳәр қыйлы ғалы-гилемлер, екинши қатарда үйин-үйин қара гулабы гүрбек, торнабат, бийшек, пошағы кыртыслы ғаррықыз қаўынлар, жүзим, шабдалы, карели, себет-себет мийўелер...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Булар базардан алатуғыны жоқ, көп иркилмей үйлерине қайтты.

* *
*

Жаз. Әлемди күндей күйдирген аптап. Қойыў терекли үйлердиң дөгереги ғана салқынлаў. Бүгинги күн шилдениң мыс қайнатар күнлериниң бири. Тек бийик тереклердиң уша басындағы жапырақлары гейде, билинер-билинбес қыймылдайды.

Сейтнияз үйине келип отырғанда Зийўар кемпир ғаррысының бир қапталына келип диз бүкти. Сол ўақытта ғарры кемпирине тигилип қарап, тамағын қырынды да өзлериниң арасында елеге шекем аяқланбаған сырдан сөз баслағысы келип:

— Ҳаял!,—деди,—сен еситтиң бе?.

Чайнектен кесеге чай қуйып атырған Зийўар, не айтар екен деп, Сейтнияздың сөзине қулақ салды.

—Аўа, не гәп?

Сейтнияздың көмекейинде бир нәрсениң бар екенин ҳа дегеннен сезгенликтен:

—Қәне айта бер, қулағым сенде!,—деди, Зийўар кемпир.

—Қылышбайды Омарбайдың есигине бердим, бай оны үйлендиретуғын болды.

—Балаңды да, сени де қолына түсирип, қулағына шыйыртпақ салмақшы шығар,—деди Зийўар, ырза болмағанын билдирип.

—Не шыйыртпақ салатуғын еди,—деди Сейтнияз,— биреў балаңа қыз алып берсе, саған да қолын созып турса шыйыртпақ салған бола ма?!.

—Омарбай анаў қаллаш балаға да жалларында сондай ўәде берип, майлы быламыққа батырған жоқ па еди, ақырында жала салып, ақ үйли еттирди, байлардың жарылқағаны сол ма?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Байлар ҳәммени сондай ете берер ме екен?!

—Өзиңнен мысал ал!—деди Зийўар—Мырзаның есигинде жүргениңде ҳақыңды бермей, қуўып жибергенин талай сапар айтқаның есиңнен шықтыма, балаңды да сол дәрдесерге салмақшымысаң?...

Сейтнияз өзиниң басынан өткен зардапларын көз алдында елеслете баслады, ербийген сақалын сермеп ойға батты.

—Дурыс айтасаң!,—деди муңайған пишин менен,—онда баланың ықтиярына салайық, не дер екен?!... Ол да ойланып көрсин, бизлерде ойланайық кемпир.

## ЕКИНШИ БАП

Бир күни барлық цехларды ҳәрекетке келтирип турған машина тоқтап қалып, завод устасы оның ремонтын питкере алмай, қатты қыйланып атырғанда Қылышбай жеңин сыбанып, устаға көмеклесе кетти. Машинаның винтлерин босатып, бөлеклерди жаздырып алды. Май, бензин өтетуғын түтиклерди уста менен бирге тексерип шықты да, көп бөлеклерде ҳәкис жоқ екенин анықлады. Бирақ бензин, май өтетуғын еки-үш түтиктиң ишине май тығылып қалған екен. Қылышбай оны устаға көрсетти.

— Зәбердес, зийрек жигит екенсең, балам, бул өнерди қайдан үйрендиң?—деди таңланған уста.

Уста Қылышбайды қасына алып заводтың баска цехларында тексерип шықты. Прессти барластырып болып, және бир мәртебе машинаның қурастырылған бөлеклерин бирин ашып, бирин қайта-қайта бурап беккемлеп шықты.

—Қылышбай,—деди уста, қолындағы майын дасмалға сүртип турып,—машина күтә жақсы сазланыпты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

сен болмағанда бир өзиме қыйын еди, кәсибиңнен берекет тап, иним!

—Қолдан келген хызмет болса аянатуғын мен емес,—деди ол.

Рабочийлар—кими прессти, кимлери жыйықларды, тайланған пахталарды айланшықлап апыр-топыр болып жүр. Ремонтлаў күнлеринде орынланбай қалған жумысларды өтеў ушын ба, қол қаўсырып қарап турған адам жоқ. Машинаның двигатели жүрип кетти. Жыйықларға да, пресске де жан кирди, узын, қысқа қайыс илдирилген дөңгелеклер зырлап айланып тур. Өз мийнетлериниң нәтийжесине ырза болған усталар биринс-бири:

—Жарайсаң, уста атам!—жарайсаң!

—Жарайсаң, иним, жарайсаң!,—деседи.

Усташылық өнерин Қылышбай Россия байларының заводларында жүргенде үйренген. Сонлықтан машинаны ремонтлаў да, бузып, қурастырыў да оның қолынан келеди, ҳақыйқат уста десе болады.

* * *

Заводтағы рабочийлардан он-онбес адамның үйи жабанда. Жумыс көп болған күни олар завод шарбағындағы жатақханада қонып та қалады. Бирақ та оның жатақхана деген аты болмаса, ишинде адам ықлағандай сыйқы жоқ еди. Қыс айларында жөнлеп отта жағылмайды. Заводта жумысы көп болып үйине қайтпай, түнде жатақханада ҳәр дайым қонып қалатуғын Қылышбайдың буған жаны шыдамады.

— Бул қалай, бул жайда ҳайўан емес, адам баласы жатады. Омарбайдың өзин кәтсиз, суўық, усы изей жайда бир күн жатқызсаң қалай көрер екен, қойың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул барып турған инсапсызлық! Монша деген нәрсе тусиңе де кирмейди!—деди бир күни.

Бул жатақханада Қылышбай бүгин түни бойы уйықламай шықты. Пите, бүргениң шаққан азары менен тәни шийедей қып-қызыл бөртик басып кетти. Көрген азарын кимге айтарын билмеди. Дүнья-дүнья дей бергенше Омарбай рабочийларының жатақханасынан хабар алса қайтеди!, деп өзинен-өзи тоңқылдайды, ҳәтте мал қорадан артықмашлығы шамалы жатақхананы сөгип, адам баласына мийримсиз завод ийесине налынып отырған Қылышбайдың үстине сменнен босаған рабочийлар келип қосылды.

— Әне,—деди Қылышбай,—сизлерге Омарбайдың ғамхорлығы! Мәкәрья байларының заводларында ислегенимде де бундай сумлықты көргеним жоқ,—деп еди, рабочийлар: „қолымыздан не келеди“ дегендей, оған жалтаңлап қарады.

— Жатақхананың мына ызғары болса,—деди рабочийлардың биреүи,—көп узамай-ақ, көбимиз қуяң болып аяқ қолдан айрыламыз ғой! Бизлерден бурынғы адамлардың биразы ден саўлығынан айрылып, заводтан шығып кетиўге мәжбүр болған.

—Аўа, илажың қанша,—деди және бир рабочий,— шыдағаныңша шыдай бересең, арзы-ҳалыңды айтқан менен бай саған „әне, жол!“ деўден қайтпайды, заводтан айдап салады, бала-шағаң менен далада қаңғырып қаласаң!... Неше жыллардан бери завод босағасында қул болған талай адамларды бай сәл нәрсе ушын бәле салып қуўып жибергенин өз көзим менен көрдим, заман зордики!..

Қылышбайдың тула бойы жуўлап кетти.

—Әмекилер! Айтқанларыңыздың бәри де рас, „қудай қарғаса жанын алады, бай қарғаса малын“ деген. Байлардың да оқпаны толып, тулыбы ақыр бир күн



www.ziyouz.com kutubxonasi

жарылар, бирақ орны келген жерде байға талабымызды айта бериўимиз керек, тартына берсең, төбеңе шоқмар менен ура береди,—деди.

Рабочийлар Қылышбай менен әдеўир ўақытқа шекем сөйлесип муң-мутажларын айтысты. Байдың аяғына бас ийип жығыла бериў керек емес деген Қылышбайдың пикирине қосылды. Бул жигиттиң буннан былай ақылласып, берген кеңесине қулақ асып, бирликте ҳәрекет етиў тилеклерин билдирди.

Рабочийлар көп ўақытлардан бери мийнет ҳақы ала-алмады. Бул байда пулдың азлығынан емес еди. Быйылғы жылдың пахтасын алыўға пул көп керек болды, дийханлар бир-еки қыйтақ жеринен өнген азы-кем пахтасын ешейин чай пулыға байдың шарбағына әкелип қанарларын босатады. Кими пахта базарындағы саўдагерлерге сатады. Арзанға түсириў ушын саўдагерлер, байлардың пахта қабыллаўшыларыда түрли сылтаў таўып, дийханлардың пахтасын гейде кешке шекем жортаға алмайды. Сөйтип таза пахталарды да дийханлар оғада арзан тек ғана чай пулына таслап кетиўге мәжбүр болады. Бундай мәҳәлде завод ийелери рабочийларға тегинликте мийнет ҳақы бере қоймайды. Пулды „пайдасыз“ затқа жумсаўға болама? Дүньяға дүнья қосатуғын байға рабочийлардың ўақтында ҳақы алған-алмағаны бир пул, көнсе сол, көнбесе әне, жол!“ деп қарайды. Байдың бундай қорлығына рабочийлардың қаны қызып қайнап та кетеди.

* * *

Омарбайдың заводындағы рабочийлардың балашағасы соңғы күнлери кәрежеттен тарықты. Ҳәрким-ҳәркимнен қарызланыпта көрди, соңында оның да илажы болмады. Изинен кәрежет-пул сорап келген балашағасына не дерин билмей, кимлери ҳайран болады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

анаў-мынаў нәрсе менен алдастырып жибериў мүмкиншилиги жок, кыска жип гүрмеўге келмейди.

Күндеги әдетинше балалары қант, нан сорап биййзар ете бергенсоң еки баласын жетеклеп, бир рабочийлардың ҳаялы заводта канар аркалап жүрген кисисиниң қасына келди, оннан нан пулы сорады. Оның нәрсем жоқ деўге тили бармады, арқасындагы канарын жерге тартып урды да, еки баласын қолтықлап, қанарга минип отырды, балалары әкесинен нан сорай баслады. Аш карын менен кешеден бери қанар арқалап жүрген әкесиниң ҳалын нәрестелер қайдан билсин. Бийшара рабочий кисесинде бир нәрсе болса балаларынан аяп турма! Сорлыда, әттең ҳеш нәрсениң илажы жоқ, нәрестелерине ишн ашыйды. Тағы бир неше ҳаяллар да балаларын ертип, кисилериниң ислеп атырған жерине карай жол тартты. Олардың биреўлери куры келмейин деп кисилерине қаткан жарты зағара менен бир чайнек көк чай демлеп алып келипти, енди кешки тамағы қара кайғы.

Күн тал түс болды. Гүздиң дәслепки мәҳәллери, гейде жыллы, гейде салқын. Бирақ, бүгин түс аўғанша күн жаздағыдай жыллы еди. Күйеўлериниң изинен келген ҳаяллар куяшқа бөртип бүгинги аўкат, каржықәрежет ҳаққында ыза болып жабырласып кисилериниң ҳақысын бермей себепсиз ирикken байды қарғамакта. Ҳаяллардың изине ерип келген балалары әри-бери ойнап жалықты, шешелеринен кант, нан сорап, баяғы кыйқаңшылығын тағы сала баслады.

—Ана, нан бер, деймен!—деди арықлаў бала.

— Кише, аш болдым, неге нан бермейсең маған!—деди жыламсырап екинши бала.

Отыз жасларға барып қалган ақ бозлақ, орта денели бир ҳаял баласының аш болып, нан сорап жерге аўнап-аўнап шырқырап жылағанына жаны шыдап тура



www.ziyouz.com kutubxonasi

алмады. Сол ўақытта бай ҳаяллардың тусынан пахта бунтларына қарап үш-төрт адам менен өтип баратыр еди. Баяғы ҳаял усы киятырған бай ямаса байбетшелер шығар, деген ойға кетти де, „Қулды жастап, бегди урады“ дегендей жер тепсинип, нан сорап жылапатырған баласының қолынан услап:

—Нанды әкеңниң ҳақысын бермей, сизлерди ашырқатқан иймансыз байдан сора!—деди де, баласына бир шаппат алдырып жиберди.

Кисилериниң изинен келген ҳаяллардың көбиси байдың түри-түсин билмейтуғын қусайды, олар да аўзына келген сөзлерин аяп қалмай атыр.

— Дүньяға көзи тоймаған жалмаўыз!...

— Гөриңде өкир, ширкин!..

— Әкелериниң ҳақысын бермей, бала-шағаны зар жылатқан мийримсизлер!..

— Аш болып жылап атырған нәрестелердиң көз жасын айтсаңа! Не жазығы бар еди, бийшаралардың!— деседи.

Ҳаялдың карғыс сөзи байдың төбесине отлы шала менен урып, өңменинен ништердей болып өтсе де қасындағы адамларға сыр бермейди. Бай соқпақ жолға жақын келип қалғанда, ҳаяллар тағы қарғысын үдетип жиберди. Бай ҳаяллардың тусына келгенде я иркилерин, я иркилмесин билмеди. Иркилейин десе қасындағы адамлардан тартынады, иркилмейин десе ҳаяллардың карғаған сөзлери жети жүйесинен өтип баратыр. Ол ҳаяллардың тусынан исип-кеўип зордан өтип кетти. Қарғыстың не себепли айтылғанын иши билип баратыр.

Пахта бунтларын, оннан кейин заводты аралап, байдың қасындағы адамлар завод шарбағының арқа дәрўазасынан шығып кетти. Бай машинаханада иркилди. Тамақ сорап жылаған баласын сабаған ақ бозлақ келиншек машинаханада иркилген адамның Омарбай екенин



www.ziyouz.com kutubxonasi

орастырып билди де, қасындағы ҳаяллларды ертип байдың машинахананадан шыққанын күтип отырды.

Батық мурын, қапа сақаллы бай қызарып бөртип машинахананадан шыққанда, ҳаяллар орынларынан өрре турды да, бай менен аманласты. Бай ҳаяллардың дизе бүгип берген сәлемине қарамай түри-түсин суўытып завод дәрўазасына қарай бет алды.

Баласын урып қарғаған жаңағы ақ бозлақ ҳаял турған орнынан шаққан қозғалып, баласын арқасына қағып салды да бес-алты адым озған байдың изинен қатты жүрип кетти.

— Қайнаға,—деди басына бүркенген шаршысының бир мүйеши менен бетин көлегейлеп,—сизге айтажақ азырақ арзымыз бар еди...

— Не сөз!—деди бай жекиринип.

Машинахана қасындағы ҳаяллар да келип, ақ бозлақ ҳаялдың қасына тоқтады.

— Бизге напақа, үнем керек!

— Напақа деген не!

Басқа ҳаяллар да:—напақа керек напақа!—деп жабырласты.

Бай жаңадан қатты ашыўға минди.

— Бул атаңа нәлетлерге қандай напақа керек, ким буларды үйреткен?!—деп, қатты-қатты сөгинди де завод дәрўазасында турған қараўылға ҳаялларды қуўып шығарыўды буйырды.

Ақ бозлақ ҳаял байдан тартынғанды қойды, напақа, үнем!.. деген сөзин каттырақ даўысы менен тәкирарлады.

Басқа ҳаяллларда оған демеў болып:

— Аштан өлемиз бе, бизлерге напақа бериңиз! Кисилеримиздиң маңлай тери, табан етиниң ҳақысын бериңиз!—деди жән-жақтан шуўлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳешкимнен аўыр сөз еситип көрмеген бай тулыбына сыймай кетти.

— Мынаў атана нәлетлерди шығар дегенде шығар деймен!—деп қатты даўысы менен қараўылға жекиринди.

Ирени сурланып, ашыў кернеген ҳаяллар:

— Бай қайнаға, сизде инсап барма, балаларымыз аштан өлетуғын болды ғой!—десип атыр қайта-қайта.

— Ҳақы деген не?

— Сизден мийнет ҳақымызды сорап турмыз!

Бай рабочийларға алып топылды.

— Көргенсиз, ийтлер! Мен ҳақыңызды берип болдым, менде бир пулыңызда қалған жоқ!

Байдың көз-көреки салған дөҳметине рабочийлардың тула бойы калтырап кетти.

— Ҳей бай, ҳақымызды қашан берип един? Өтирик айтып уялмайсыз ба?

— Менде ҳакыңыз қалған жоқ, дедим ғой ақыры!

— Ҳарамы гәззап,—деди рабочийлардың биреўи.

— Не дейсең, кимге айтасаң!..

— Саған!—деп тәкирарлады ол.

— Ҳә атаңа нәлет, жалаң аяқ, шық заводтан!—деди бай қатты ашыўланып оған.

— Сениң атаңа нәлет!—деди ол өршелесип.

Бай оның қарсыласып сөгискенине шыдап тура алмады. Жаңағы рабочийдың шекесине бир шаппат урды, рабочий да байды урмақшы болып жудырығын көтергенде Қылышбай да, басқа рабочийлар да байға гижине баслаған еди, бай дәрҳал завод кеңсесине қарай шегинип кетти. Рабочийлардың ҳақы сораған талабын аяқсыз қалдырды. Ҳаяллар менен еркек адамлардың шаўқымы, балалардың шырқыраған сести гә көтерилип, гә басылады. Напақадан дәрек таппаған бийшаралар байды қарғай-қарғай балаларын жетеклеп



www.ziyouz.com kutubxonasi

үйлерине тарқаса баслағанда, оларға араласа ескен топалаң шаңғыт гыр әтирапты гүңгиртлендирип жиберди. Бирақ рабочийларды ғазеплендирген ыза еле басылған жоқ, жудырығы түйиўли, алба-далбасы шыққан жумыс шапанларының шолақ жеңинен шыққан сом темирдей билеклериниң тамырлары тарамысланып, булшық етлери булкилдейди.

Не жазығымыз бар? Омарбайдың қулы болғанымыз ба? Отқа менен кирип, күли менен шыққанымыз ба? Күни-түни заводтың шаңын жутып, топырағын жалмағанымыз ба? Аштан өлиўге қарағанда ҳақымызды сорағанымызда жазықлы болыппыз ба? Басқа не жазығымыз бар! Жоқ, бул байдың етип отырған ғәзеби, рабочийлар бундай ақыретке соққы бериў ушын гүресемиз...

## ҮШИНШИ БАП

Базаргүл жигит ағасының кеше тигип болынған бөз, ала шапанын жийеклемекши еди. Басқа жумыс пенен бәнт болғанлықтан шапанның жийегин шалысыўға жеңгесиниң оған қол-қабысы тийер емес. Ҳәммеде де үй машқаласы бар. Соңлықтан Базаргүл жийек шалысыўға енди көмек сорап кимге барсам екен деп отыр еди. Сол ўақытта ойламағанда Сәнем келгенде Базаргүлдиң қуўанышы қойнына сыймай кетти.

— Сени маған қудай қалай жеткерди!, „Жолы болар жигиттиң жеңгеси шығар алдынан“ деген, мен әжағамның шапанына жийек тутпақшы едим, жеңгемниң қолы тиймей тур, енди не қыламан деп, отыр едим, сениң келгениң жақсы болды,—деди, ол күле шырай менен.

— Өйбей, қурдасжан, зәриўиң солма еди, ямаса оннан да үлкенирек буйымың барма еди?—деди, Сәнем.

— Яг-ә, қурдас оннан үлкен ҳәзир буйымым жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәнем өзиниң үй машқаласы көп болса да Базаргүлдиң сөзин жыққысы келмеди.

— Әй курдас-ай, қолдан келетуғын нәрсе ғой, ал ҳәзир десең ҳәзир-ақ кирисейик, шалт-шулт екеўмиз демде питкерип таслаймыз.

Базаргүл жийексиз дөнбе шапанды алып, есик алдындағы курақ көрпе төселген сыпаға алып барып қойды. Тағы ишкериге кирип жийекке таяр етип қойылған еки түте қызыл жип алып шықты, ийнелерди түтениң биреўиндеги қызыл сабақ пенен сабақлады.

—Мезгилсиз жийеклениң атырған бул қандай шапан? —деди Сәнем билмеген кисидей.

— Кимдики болатуғын еди, әжеғамның шапаныдағы!

— Сәўер ярындики болып жүрмесин!.. Сәнем бул сөзди айтты да, Базаргүлдиң бетине күлимсиреп қарады.

—Өйбей, курдас! Сен билмейтуғын қандай сәўер ярым бар еди, расым, әжағамның шапаны.

— Аўа, анаў Омарбай аўылының жигитлери сениң сыртыңнан өсек таратып жүрген кусайды,—деди ол. Базаргүл бежирейип турды да, мыйығын тартты.

— Мейли, қыздың сыртынан ким не айтпайды.

— Мениң дегишиеме өкпелейин дедиң-аў, курдас болған соң ойнап айтып едим, мәлел болса кешир!—деди Сәнем.

— Өкпелегендей ҳеш нәрсе айтылған жоқ—деди Базаргүл.

— Онда мен саған бир тамаша сөз айтайын ба?—деди.

Ол қандай қызық гәп?

— Ҳеш кимге айтпайсаң ба?

— Мениң гәп шашып жүргенимди көриппедиң?

— Айта берейинбе?—деди, тағы тәкирарлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Айта бер неге иркилесең?

— Ондай болса мениң әжағам саған сөз салмақшы кусайды!..

— Не дейди, оны кимнен еситтиң?—деди Базаргүл таң қалып.

— Билемендағы!

— Сөйтсе де жән-жағынан шығып анықлап болып— айтсаңа курдас! Қәне айт айтпасаң разы емеспен! Кимнен еситтиң? деп Сәнемди қыстастырды сорады, оны баўырына басып кушақлап жалына баслады.

— Қоймадың ғой Базаргүл енди айтайын, сизиң коңсыңыздың үйине дигирман таргыўға барғанымда гәптен гәп шығып, сол үйдиң қызынан еситтим.

Базаргүл әўели жасырмакшы болса да, соңынан:

— Егер, ол қыз солай деген болса, бир нәрсени аңғарған екен!—деди де мырыс етип күлди.

— Мәзи билмегенсип отыр екенсең ғой, Хә бәле— деди Сәнем! Мәз—майрам болып Қәне, онда той қашан?

Бетлери гә қызарып, гә күле шырайланып, Базаргүл биразға шекем ийбенип турды.

— Аманлық болсын, басқа жерде аўзыңнан бул ҳаққында сөз шыға көрмесин!—деди, мукыятлап. Сизиң кимде кеўлиңиздиң бар екенин өзиңнен сораса не дер едиң?—деди Базаргүл оған.

— Япырмай, сениң де кәпелимде кисини қысындыратуғының бардағы! Еситсең, сезсең өзиң-ақ айтағой! Қәне, ким менен „бәлеси" бар деп ойлайсаң?—деди Сәнем.

— Меннен жасыралмайсаң!

— Ал, онда айтағой!

— Айтаман,—деди Базаргүл—Айтсам, Әмет.

— Ырастан да соны меннен гүман етесең бе, най таңқан „адамыңа" қара. Аспанның асты, жердиң-



www.ziyouz.com kutubxonasi

усти қапылып, енди маған Әмет қалдыма?!—деди де Әметте кеўли бар екенин Базаргүлден жасырғысы келди. Қылышбай менен Әмет ҳаққындағы еки қыздың арасындағы сырлы сөзлер бул сапары толық аңласылмай қалып қойды.

Базаргүл, жипек шалыўға кирисемен дегенше дәстурхан үстинде аўдарылып атырған чайнекти тиклеп, төгилип атырған шәмбени кесеге жыйнап салды. Сәнем дәстурхандағы нанды, қант кәмпитти қызыл шаршыға орады да, дәстурханды бүклеп далаға қағып, оны кир арқанға жайды. Сөйтти де жийек шалыўға қайымласып атырған Базаргүлдиң қасына барды. Екеўи жийекти гезеклесип шалыўға кирисги. Базаргүл жийек шалыўдың биринши гезегин өзи алды. Ийилген сегиз бармақ жипек жипти ҳәр қолының төрт бармағына илдирип дизерлеп отырды да, шапанның бир шетин дизесине қойды, сабақлаўлы турған еки ийнениң биреўин қолына алып, дизесинде турған шапанның оң шалғайын ийне шаншыўға аўдарғышлады, оң қолындағы сабақлы ийнени түйиреп:

— Бир еки шал!—деди Сәнемге. Үшинши шалыўға қарағанда Сәнем бирине-бири айқастырып шалынған жийектиң еки ортасынан ийнени сабағы менен кесесине өткерип алды. Ол жийекти усти-үстине шалыўға қарағанда әлле неғып есиктен Зийўар келин кирди.

— Ҳаў, Сәнемжан мында екенсең гой, қызларым талапларыңыз оң болсын, бәрекелла болыпты!—деди. Сәнем де Базаргүл де ийбенди.

— Аўа, апа көмеклес деген менен қолымыздан келгенин усындай етип ермеклеп атырмыз.

Бир сүйемдей тигилген жийекти қолына услап көрди де:

— Жақсылап жийеклеп атыр екенсиз. Олардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

исине кеўили питкен Зийўар кемпир Базаргүлдиң үйинен елгезерди алып шығып кетти.

Жийек ерсили-қарсылы шалынып, ийнеде избе-из еки жийектиң ортасынан зуўқылдап өтип тур. Демде шапанның шалғайынан жағасына шекемги оң жақ параўызының жийеги тигилип болынды. Енди өзиниң гезеги бойынша Сәнем Базаргүлдиң орнына келип отырды.

Шапанның еки параўызының жийеги тигилип бола келгенде:

— Сәнем, ҳа Сәнем!—деген шақырған даўыс даладан үсти-үстине еситилди.—Тезирек келип кет!

Сәнем шешесиниң даўысы екенин бирден билди: „Ҳәзир!—деди де, еки қолындағы жийекти тез-тез шалды. Ийилген жийек жип соңғы үш-төрт шалымнан кейин таўсылды. Ендиги жип ийиўге таяр етилгенше Сәнем Базаргүлден жуўап сорап, үйине кетип баратырған жеринде артына айланды да:

— Омарбай да сени айттырады деген мыш-мыш сөзлерде еситиледи. Қыз ержете басласа ондай мыш-мыш бола береди, мениң де сыртымнан, кимлердиң не деп сандырақлап жүргенин қудай билсин,—деди

Базаргүлдиң түри аяқ астынан жалын шыққандай бирден бозарып кетти.

— Өйбей Омарбайы несі тағы! Бахтыма қара тигилмесе болар еди!—деди де аўыр гүрсинди.

— Әй достым!—деди, Базаргүл,—ҳәр ким не десе дей берсин, „Жүреримди жол билсин, қонарымды ел билсин“, деген жумбағымның түйинин келе жағымның өзи шешер... көрермендағы.

— Қурдасың менен не сөйлестиң, мен үйден кирип-шығып жүрген де қулағыма еп-ерси сөзлер шалынды ғой,—деди жеңгеси.

Қыз дәслеп недерин билмей турды да, соңынан:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Омарбай деген үйге жаўшы жиберип қуда түсетуғын кусайды! —деди.

—Оны саған ким айтты,—деди жеңгеси ҳайран қалып.

—Расын, өтиригин билмеймен, әйтеўир сондай мыш-мыш гәп бар, неде болса ишиме дәрт толып, тулыбыма сыймай баратырман, егер усы сыпсыңы расқа шығып әкем ҳәм ағам мени Омарбайға ылайық көрсе, мениң ҳалым не болар екен? Олар мени соған ылайық көрип, көзи калай қыйр екен?—деди муңайып.

Базаргүл жалынышлы нәзери менен жеңгесине қарады. Көзлери сүзилип, алмадай қызарган бетлери бозарып кетти, муңлы дәрт ишине сыймай тағы қатты гүрсинди.

— Өйбей Омарбай дейсеңбе, ажағаң ондай нәмәрт жигитлерден емес еди, сени кабандай Омарбайға ылайық көре коймас!—деди жеңгеси тәселле берип.

Ол бийкешине сын көзин таслады. Базаргүлдиң гүл-гүл дөнип туратуғын бет келбетинде әлле қандай муң, кеўлинде кайғы ҳәсирет пайда болғанын сезди де, оның дыққатын басқа нәрсеге аўдармақшы болып, өзи токып атырған каршыннан сөз қозғады. Өжирениң өң жақ капталындағы көрпе-дастық жыйналған сандық үстинде турган дөпбе шапанды жүктиң үстинен алды да, тигилген жийеклерин бармақлары менен түрткилеп атырып:

—Оң шалғайдың жырмашынан ийинге шекемги сениң тиккениңе, жаға ортасынан сол жак пештиң жырмашына шекемги тигилгени қоңсы қыздики, усайды—деди жеңгеси.

Базаргүл оның сөзине дәрҳал жуўап бере коймады. Кеўли шапанда болса да, „бир жерин бүлдирип алдым ба, неге сорай койды“ деген гүдик ой менен жеңгесиниң қолындагы шапанының өзи жийеклеген жерин бармақлары менен сыйпалады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтти де Базаргүл сезилер-сезилмес жымыйып көз қыйығын жиберди де оннан жуўап күтти.

— Екеўиңиздики де жаман емес!—деди жеңгеси,— шапан тигиўшилердиң әўлийеси де жийекти сизлерден артық етип тиге алмайды. Ә-жағаң қуўанып, төбеси көкке тийетуғын болды, қарақларым! Сүйгениң менен бирге қартай!

Қыз жүреги әлле қайда, узақларға қырандай шарықлап ушып кетти. Бирақ Омарбайдың қуда түсиўи ҳақындағы суўық ҳабар Базаргүлди әбден тынышсызландырды.

## ТӨРТИНШИ БАП

Хожайын заводына тағы бир келгенинде рабочийларға азыкем-үш чайы-қара тенге пул бериўге ўәде қылған еди. Бирақ сөзинде турмады. Соңында бул ўәдесин жутып қойды. Сол ўақыттан бери өлмес аўқат етип, зордан еплестирген пақырлар енди бул оңысықларының да ушына шығып киятыр. Оның үстине салғырттың аўырманлығы да күн-күннен қысып баратыр.

Енди кимге жалыныў керек? Әлле, ийшан-уламаларды алдына салып, солар арқалы байға тағы да өтиниш етип көриў керек пе? Бир күнлери завод рабочийлары Мустапа менен Исметулла ийшанлардың алдына дизе бүгип барғанда да, өтинишлеринен нәтийже шықпай қалған еди. Қайтама ийшанлар байдың тәрепин алып, рабочийларға:—питнешилик етип жүрипсизлер, сизлердиң бул жүргениңиз, „қудай таала“ алдында кеширмеслик „гүна“, соның ушын да қудай тааланың бәддуўасына ушырағансызлар“ деп, олардың өтинишлерин пасыққа шығарған еди.

Мәтен уста деген рабочий Омарбай заводындағы гарры рабочийның бири еди. Әнебирде заводтың пуў



www.ziyouz.com kutubxonasi

қазанындағы труба тығылғанда, трубаны қазан ишине колын суғып ашаман дегенде, сууы қайнап турған қазан Мәтенниң басына жетти. Завод ишинде ҳәр кимге дәпинип турған бай трубаны қалай болса да тез аш деп, арқасынан қатты-қатты ийтергишлегенде Мәтенниң қазан сыртындағы зәңгиден аяғы тайып жығылып, қайнаған сууға қулап, куйип өлгенинде ийшанлар оны да „қудай тааламыздың асый бенделерине көрсеткен ғәзеби, кисиден көретуғыны жоқ“ деп Омарбайдың тәрепин алған еди.

— Көрдиңизлер ме алдыңызға тутқан ийшан-уламалар да байлардың сөзин сөйлеп кетти. Байлардан ҳақы талап етиудиң бөген бир жолын излеу керек,—деди Қылышбай, ийшан уламалардан, нәтийже шықпайтуғынын тағы бир мәртебе түсиндирип, — Ағайинлер!— деди және — Омарбайдан көрген жәбириңизге, балашағаңыздың үнемсиз қалғанына сизлерден де бетер мениң де жаным ашыйды. Рус байларының заводларында ислегенимде де байдан ҳақымды неше айлап алалмай, неше күнлеп аш жүргеним есимнен шыққан жоқ, сол азаплы күнлер бүгин сизлер менен бирге тағы да басымызға түсип отыр. Макарья рабочийлары әбден жанына батқан соң ауыз бириктирди, жумыс уақтын кысқартыу, мийнет ҳақыны арттырып, ҳақыларын уақтында бериуди талап етип, завод ийесиниң алдында өз уәкиллерин талай сапар жиберди, бирақ, бай олардың талабына қулақ аспады. Қайтама, бурынғы қысыу, қысыума, патша ҳәмелдарларына жаманлап, рабочийларды тырп еткизбей қойды. Сонда да, басын қанжығаға тиккен қаллашлар ауызбиршилигин күннен-күнге күшейтип, бир күни заводтағы жумысты тоқтатып, хожайынлерине қарсы көтерилди.

— Бийшара күйген екен, корыкпады ма,—деп со-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ралы, рабочийлардың биреўи Қылышбайдың сөзин бөлип.

— Жоқ, ҳеш нәрседен тайсалмады.

— Әне,—деди биринши рабочий—байлардың азабы әбден жанына батқан ғой, бийшаралардың!

Қылышбайдың гижиниш айтып турған сөзин Әметтиң дүрсилдиси бөлип жиберди, бирақ ол сөзин және даўам етти.

—Әмет аға,—деди көз-қабағын шытыңқырап,—мынаў кисилердиң биразы сизге таныс ғой деп ойлайман. Омардың „қуллары" десе болады. Бай ҳәммемиздиң де арқамызға минип алып желкемизде шиңгирик шабыўға карады. Бес-алты айлап байдан ҳақы алалмай, бала-шағасы унемсиз калды. Көбиси бир тислем нан ушын тентиреп кетти, байдың қысыўметине шыдамаған соң оннан қалай еткенде теңлик алыў ҳаққында ойласып атырмыз.

Рабочийлар Қылышбайдың сөзине жалғаса:

— Айтып атырғаныңның бәри де дурыс, шырағым, —деди.

Рабочийлардың муң-мутажы Қылышбай менен Әметти тағы да тереңнен ойланып, ис жүргизиўге алып келди.

— Әне,—деди Қылышбай,—ҳәрекет усындайдан басланады, кишкене нәрседен үлкен ис пайда болады, Макарья, Петербург рабочийларының да уллы иси усындай наразылықлардан басланған.

Тозған көрпениң пахтасына мегзес улық-жулығы шыққан бултлар даўылдың алдына түседи, уйтқыған қара даўыл аспан әлемин басына көтереди. „Кәне, адамлардың турмысында да усы даўыл топалаңындай күш пайда болса, ол күш мийнеткеш халықтың қанын сорган Омарбай сыяқлы жалмаўызларды жердиң бетинен сыпырып тасласа, жарлылардың мурады ҳасыл,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тилеги қабыл болар еди" деген ойлар олардың тула бойын бийлейди.

## БЕСИНШИ БАП

Бекманбайдың жумысынан харып-шаршап қайтқан Зийўар кемпир май шажлап, кеспас писирип атырғанда Сейтниязда күни бойы қап-қанар арқалап шаршап келгенине қарамастан күндиз қаза қалған намазларын куптан намазына қосып, оқыўға ҳәзирленди. Үйдиң оң қапталына ала шапанын жайнамаз етип төседи. Оның бир шетинде еки аяғынан тик турып алдынан өзинше азан айтып қулағына туткан қолларын жаздыра сала дуўа қылды да намазға уйып, шәждеге отырды. Бесўақ намаздың парызлары менен сүннетлерин толық билмейтуғын, ҳәтте көп сүўрелердиң де атларын дурыс билмейтуғын Сейтнияз намазды тәўекелге салып, қалай болса солай оқый беретуғын еди.

Қаза қалған көп намаз араласып кеткенге ме, оқып атырған бул намаздың да бир сүўреден жаңылысып, оның аты есине түспей, бираз ўаққа шекем үнсиз қалды. Ҳаўлыққанынан қазан менен әўере болып атырған кемпирине жалынышлы көзи менен телмирип қарады да, оннан умытқан сүўресин сорамақшы болды. Намаз оқып турған адамның намазын бузып, басқа биреў менен сөйлесиўи, „гүнә" екенин де умытты.

—Ҳаял! Ҳа, ҳаял!—деди ҳаўлығып,—әне бир сүўрениң аты не еди?..

—Ол қандай сүўре, жин урдыма сени, мен қайдан билейин?!—деди кемпири.

—Ҳаў, билмейсең бе, намаз арасында айтылатуғын еди гой?

—Ҳә, аўа, әлҳәм бе?

—Жақ-жақ!

—Изажама?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бәй, аўа саған!

Енди не, қулағы аўызма?

—Аўа, аўа, тап өзи!...Аўызынды... енди дым индеме!,—деди де намазға жаңадан киристи. Басы бәлеге қалып, намаз ҳәлекшилигине түскен Сейтнияз қуптан намазын қайтадан оқып шықты.

—Пай, ҳаял!—деди кемпирине, намазын оқып болған соң,—сен жаңагы сүўрени айтып бермегениңде мен „гүнәға" батып, пүткилей масқарам шығайын деп турып еди.

Зийўар кемпир оған күлимсиреп, писип таяр болған қазанды ошақтан түбилдирикке түсирип қаршын қасындағы шөкшектен көк шыршалы бадия табақларды шығарды. Сүйри тумсықлы шөмиш қасықларды да шығарып дәстурханға қойды. Ҳәсге үстиндеги моржасының бир шети қараўытқан жетиленши шыра үй ишине гүңгиртлеў жарығын сеўип тур.

Сейтнияз дәслепки шайымды ишип болып, екинши шайымын таўысаман дегенше Зийўар да, қызы да бир бир шайым кеспас пенен қанаатланды. Қасық-габақлар жуўып-шайылып, үй жапсарындағы қаршынга тығылды, агаш қақпағы жабылган қазан ирге түбине қойылды.

—Қәне!—деди бир ўақытта ғарры,—баланың ғамын жеў керек. Бул сөзди ол Мәкарьядан келген күнлеринде де саған айтқан едим Аўыстырып алып келген азы-кем базарлық пулы да бар еди, шаршы-шуберек, ол-пул да табыла берер еди. Дым болмай баратырса еткен хызметиниң ушынан Омарбайдан қарыз алар едик. Оның менен сөйлескенде, „баланды өзим үйлендиремен, өзлериңизге де қарасып тураман" деген ўәдеси бар еди. Мениң бул сөзимди қалай көресең?!

—Айтқаның ырас мениң де келин жумсағым келеди. Жыл-жылдан қартайып баратырмыз, бирақ, сениң



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәрьяға тақан шайғандай да болмайтуғын бес-алты теңгеңе балаңа қыз берейин деп атырма, Омарбайдан да нәрсе тамады деп айта алмайман,—деди гүмилжип, —қалың малдың ең азы қырық туўар, қәде-кәўмет тағы бар, Бәшерти биреўдиң қызын айттырып пәтия оқысып, қойған-ақ болайық, қалың малының саўдасынан сениң менен мен бул өмиримиздиң ишинде де қутыла алмаспыз, ендигисин өзиң бил!

—Не десең, сол де, қаламасын байдан сорайман,— деди Сейтнияз.

—Бай баланды қолына түсиргенше айтты да қойды, жақсы сөздиң басы аўырама!...

Азы-кем бир нәрсе бере ғойсын дейик, оның соңын да биротала басыңды байлап өмириңше қарыздықор қылажағы көринип тур. Оннан соң Омарбайдан қутылып көр! Баланды есигинен айырмай, бой жетип киятырған мынаў қызыңа аўыз салса да меннен көрме!...

—Пай не айтып отырсаң өзиң, сорайман дедим, сораймаң?—деди көтерилип сөйлеп.

—Соратпайман!, Қылышбайдың ықтиярына саламан!—деди Зийўар шыжа-пыжа болып.

—Ал онда, сениң менен ойласпағаным!,—деди, ғарры бир қырынлап, өкпелеген түр билдирип.

Сөздиң болар жери айтылды. Сейтнияз жер шуқылап төмен қарап ойға шумди. Түн. Бираз ўақыт өтипти. Таўықлар тумлы-тустан қыйқыўлады. Өз алдына төрге салынған төсектиң қурақ нағышлы дастығына басын қойған Сәнем уйықлап атырғандай болып жатыр. Әжағасын үйлендириў ҳаққындағы гәп-сөз түн уйқысын төрт бөлип әке-шешесиниң қалың мал ҳаққында, қолларының қысқалығы ҳаққындағы уўайымлы сөзлерин бирин қалдырмай еситип жатты. Әсиресе, шешесиниң: „Қызыңа да қол салар" деген сөзи Сәнемниң жүрегин тилип кеткеннен кем болмады. Жатыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған орнынан өрре турып: „егер, әжағамды үйлендирe жақ болсаңыз—агам ушын жаным қурбан болсын, бирак, әлле кимниң шорысы болсам да Омарбайы қурысын“, демекши еди, және ойланды.

Елпилдеп жанып турган шүтик шыра кем-кемнен гүңгиртленди. Кемпир-ғаррының ортасындағы тартыс сөзде усы шырадай кем-кемнен пәсеңлей берди. Олардың сөзлерине сырттан ҳәмме кулақ салып тыңлап турган сыяқлы, әтирап тым-тырыс еди.

## АЛТЫНШЫ БАП

Көшениң еки бойындағы қоңысы үйлердиң қызлары менен келиншеклери Шазада деген қыздың үйинде салынатуғын сүмелектиң көгин түйиснуге жыйналды. Бүгин сүмелек болатуғыны хабарландырылған баска көшениң таныс қыз-келиншеклери де көмеклесиуге келе баслады.

Пәҳән еки қапы тақтайдың үстинде көгергилген буўдайдың көги сүмелек қайнатылатуғын шертек астына бир қапталға әкелип қойылды. Оның қасында көк түйип атырған қызлар келиге урған келсапларының дүрсилдиси жерди солқылдатады. Бир неше қыз-келиншеклер қолларындағы пышақларын жалаңлатып, тахтай үстиндеги калың буўдай көгин. бир-бирине айкасып, шубалысып кеткен нәзик ақ тамырлары менен коса кеспас кескендей етип бөлшеклеп табаққа салғанын салгандай кели түйип атырған қызларға қолмакол жеткерип тур. Түйилип таяр болған көктиң ақ ширели, сүт яңлы суўын баска қызлар сүмелек қайнататуғын казанларға електен сүзип қуйыў менен бәнт. Ҳармасын айтыўга келип-кетип атырғанлардың гейбиреўлери: „садағаң кетейин, саган жеткенде бар жет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

неген де бар“ деп түйилген көктиң ширесинен бетлериниң алмалығына, маңлайына тийгизеди.

Сүмелекке қосылған үйлердиң ҳаял, бала-шағалары кимиси жигирма, кимиси қырық ағары буўдай унын казан басқарыўшы келиншекке әкелип берип атыр. Жигитлер жиберген онлаған куты набат та көринеди. Ол да ширели болыў ушын сүмелекке салынады. Сүмелектиң қайнатыўға жағылатуғын еки түйедей торанғыл шарбақта теңкейип атыр. Шарбаққа еки-үш жигит қазанлардың астына торанғыл айырып, жоңқа таяр. лап жүр. Көк түйип атырған қызлардан гештек хабарын сорастырып атырған жигитлер де көринеди. Қолларына собық-собық буўдай көгин услаған, оны кими тахиасына, кими қурашының маңлайына тырнаның кекилиндей етип қыстырған кишкене балалар да ыбырысып кетти.

Шарбақ ишин тойдағыдай уў-шуў, ҳаялқызлардың даўысы басына көтереди.

Бир ўақлары сүмелекке келген унды жыйнастырып атырған Базаргүл бир қысым көкти қолына алды да:

— „Жолы болар жигиттиң жеңгеси шығар алдынан,“—деди де пул қалтасын урлаткан адамдай, мудамы албырақлап жүретуғын Шынықулдың бешпентиниң жағасына қыстырды. Шынықул қашақлаған еди, қызкелиншеклер:

— Бир қысым көктиң астында қалганша өлсеғой,—десип оған, тийисти.

— „Емен деген ағаштың ийилгени сынганы, қызыл жүзли жигиттиң қызарғаны өлгени“ деген енди уялмасын етер,—деди Базаргүл.

— Ҳәзир қалтамда бары усы еди,—деди қысынғанынан Шынықул.

Ол қалтасындағы еки-үш теңге пулын қызларға шығарып бергенин билмей-ақ қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Усы жерде бүгин гештегимиз бар,—деди қазан басындағы келиншек Шыныкулға сыбырлап—қоңсы жигитлериңизге де хабар етерсең.

Қоңсы жигитлердиң көбиси әлле қашан-ақ тийисли қәделерин берген. Қылышбай болса сүмелек күнги гештектиң отырыспасына жумсалатуғын қант-чайдың тең ярымын көтерисипти. Оған Базаргүлдиң төбеси көкке жеткендей ырза болып қалды.

* * *

Геўгим түсип, мейлис ўақты тақалып киятыр. Самаўырынлардың аўызына күни бойы тыным жоқ. Үш—төрт қара қуман ошақтан шықпайды, пақырлап, бириниң изинен бири қайнамакта. Чай қайнатып атырған ошақ басында найы ярым қулаш ағаш шылым, ишине ақ темеки салынган шанаш қалта шылымның бир қапталында жатыр. Алкымына кулаштай арқан оралған, иши суўға толған нәҳән төрт-бес суў қабақ баслары ғаўкыйып ошақ қасында дизилисип турыпты. Шертек астынан қазылған жер ошаққа асылған сүмелек қазанлары жанған от жалынының ҳәўрине шыдамай тынымсыз қайнамақта. Мине көктиң қазан ишиндеги сүттей ақ ширели суўы сарғыш тартып қойыўлана баслады. Оннан сайын кемпирлер марапатланып, шөмишлериниң сабы қолларынан түспей қазандағы быламықты үзликсиз былғайды.

Иште сүмелек мейлиси де басланды. Мейлиске шақырылған жасы отызлардан асқан қосықшы келиншек төрге төселген қалың көрпеше үстинде ширенип чай ишип отыр. Аўзына алып барған кесесине мурнындағы алтын әребек тийип селтең береди. Шыра жақтысына шағылысып қосықшы келиншекке ҳәммеден де көбирек көркемлик берип тур. Сүмелек мейлисине ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лип атырған гейпара қыз-келиншеклердиң асынган-тағынған әшекейлери де қосықшы келиншектиң дәскесинен кем емес.

Жарлы болса да маңлайындағы жалғыз қызы болғанға ма Базаргүлдиң әке-шешеси де қызына уялмастай кийим-кеншек таярлаған. Хызмет етип жүрген қыз-келиншеклердиң арасынан кәпелимде ғайып болған ол, таза кийимлерин кийинип, барын тағынып, жыйын арасына келгенде оны әйўанщада отырған қыз-келиншеклердиң көбиси танымай қалды.

Қылышбайдың көшесиниң қызлары жеңгелери менен дәстурхандағы нан-шөректен дәм татып, бир-бир кесе чай иштн де қосықшы келиншектен кеширим сорап:

—Өз гештегимиз, бизлер чай қайнатып, хызмет етиўимиз керек,—деди бириниң сөзин бири мақуллап.

Әйўан иши келиншеклер менен қызларға лық толды. Жигитлер де әйўанның бир қапталына қос басты. Әйўан иши ўақ-шак, ҳәзил, шақалақлаған, күлиспе. Гештек басқарып жүрген ақ бозлақ келиншек демленген еки-үш чайник чайды қоңсы көшедеги үйлерден келген қызлар топарларының жеңгелерине узатты да:

— Саз-сәўбет басланса тәўир болар еди, қосықшы сәзенделерге жол болсын!—деди, ол.

Усыныс ҳәммеге мақул түсти.

— Дурыс, дурыс, саз-сәўбет басланслн!—деди олар да.

Қосықшылар гармон, дәп, дуўтарларын қаңғарып саз-сәўбетке киристи.

— Кәне,—деди қосықшы ҳаял,—кәлегениңиз болсын терме ме, дәстан ба қайсысын айтып берейин?

— Алды менен „Ғәриб-ашық“, оннан соң „Қырман дәли“ деди көпшилик.

Қосықшы келиншек еглеппп отырмастан саздың



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир қайырымынан кейин Ғариб пенен Сәнемниң айтысын жаңғыртып жиберди:

Билбили бийшара болсаң гүл ышқында пәрьяд қыл,
Ашығы сәргешта болсаң үйқыны бәрбад қыл.
Тынмайын шаму-сәҳәрлер дад билан нәрьяд қыл,
Бир имарәт сен келин ышқы үйин абад қыл,
Жаным моллам бир замана шул ярымды азат қыл!

Тыйғы бидади пәлек ерге ағызды қанымы,
Билмедим ҳижран түнийде сүт билан нуқсанымы.
Титирешар көкте мәлеклер ешитип абҳанымы,
Жаным шықпастан бурын келтир көрейин ярымды,
Жаным моллам бир замана бул ярымды азат қыл!

Қоймады өз ҳалыма бу гарды сарғаштан мени,
Ҳижири дәстида куйындек етти саргардан мени,
Жанымы алмай қоймады бу бийди бидәрман мени,
Ышқы анатый қылын тур яр саргардан мени.
Жаным моллам бир замана шул ярымды азат қыл!

Бир мугаллим шул замана шәҳәр ишинде баҳарем.
Дәргайина йуз тутып ярдың осалын истәрем,
Бал орныйга маган ахыў ишириди дәрди ғам,
Телмирип мисли гәдадек, ярын истер Шасәнем,
Жаным моллам бир замана бул Ғарибим азат қыл!

Сол ўақта кең әйўанның дәртсиз дийўалларына шекем жан енгендей болды. Гармонға қосылған нәзик даўыс оның ишин жаңлатып кетти. Қосық, саз-сәўбет кем-кемнен қызып баратыр. Үсти-үстине келип атырған қыз-келиншеклер әйўанға сыйыспай атыр. Жигитлер де бир жағынан тамашагөй, екинши жағынан ҳәр кимниң сәўдигине еткен мирәти бар. Жигит-қызлар усындай мереке-мейлисте көз шарласып, дийдарласпаса, қай жерде сырласады, ақыры?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосықты үсти-үстине дөндирип атырған келиншектиң тамағы әлле неге қарлығайын деди. Қасындағы дәпшиге ымлап бир жутым чай сорады. Сол арада ол көпшиликтен өтиниш етип қосықтың бир пәс тоқтатылыўын сорады.

Қосық тынған менен қыз-жигитлер ҳәзиллеспеге қарады. Жигитлер тәрепи қыз жеңгелери менен қызларға нәўбетпе-нәўбет кесе узатпақта. Жигитлердиң ортасында отырған Қылышбай да өзиниң көшесиндеги қыз жеңгесине кесе созды. Үлкен қур ортасынан аяғын ғаз-ғаз басып адымлап, оның қарсы алдында бир адымдай жерден ийилип, жүз түрли жылўа менен, чай қуйылған кесени еки қоллап тәжим етип алды да, келиншек арты-алдына бурылмастан артқа шегинип өз орнына отырды. Ол, кесени Базаргүлге усынбақшы еди, бирақ ол ойы болмады.

Базаргүлдиң сыртта чайнеклерге чай демлеп жүргени есине түсти де, чайды ишип орнынан тикке турыўы менен Қылышбайға қарап тағы ғаз-ғаз басып адым урды, тағы бир адымдай жерден ийилип, бос кесени еки қоллап Қылышбайға созды да және алдыартына бурылмастан кейнине қайтып, өз орнына барып диз бүгип отырды.

Өз нәўбетинде келиншеклер менен қызлар да изли изинен назлы жылўа менен келип жигитлерге кесе созып, босаған кеселерин қарсыма-қарсы алмақта. Жигитлер де уялмасын етип қызларға жиберилетуғын чайнектиң ғамын жеп келген.

Жигитлер куўжыңласып қызларға чай берип, қантнабаты менен чайнек жиберип атыр. Омарбай аўылының жигитлери бассынғандай қызларға бир кесе чайды мирәт етпеди, чайнек те жибермеди.

Қыз жеңгелериниң арасынан бир келиншек оларға, тийдириңкиреп сөз қозғап:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— „Аўылымыз өрде, бул жигитлердиң қаит көпири кәне?“—деди де, ҳәзил менен күлди. Бирақ олардан саза шықпады. Сол ўақытта қызлар-келиншеклер шақақ салып күлип жиберди. Қылышбайдың қасында отырған жигитлер де ўаҳаҳаласты. Қайпан орнынан ырғып Омарбайдың екинши баласының курашының басынан жулып алды да:

— Қызлардың сағын сындырыўға бола ма, қандай жигитлерсизлер, өзлериң бир дады мәмиле айтыңлар, ақыры – деди,қызыг.

— Сениң не исиң бар, жөниңе отыра бер!—деди қызарацлап. Омарбайдың баласы оның менен келген жигитлер де жолдасының тәрепин алмақшы болғанда, ортада тағы күлки көтерилди, басқыға шыдамай ашыўланған Омарбайдың баласы жигитлери менен:

— Сизлерди көрермен—деди де, тәўеллеге турмай, ашыўлы пәти менен қурдан сыртқа шығып кетти. Ҳәмме ҳайран болып, оның артынан қарап қалды.

Ғаўырлы басылмады. Айтылып атырған қосық, шертилип атырған саз ғаўырлы менен иркилип қалған еди. Қылышбай ойын-зәўықты бурынғыдан да бетер қыздырып жибериўди ойлап „ара-тура аяқ ойынлары да болып турсын—“ деген тилек билдирди.

Жигитлер ортаға шығып еди:

— Әне, Қайпан, әне Палман, ҳә, аўа! Қылышбайды қараң, бәри де жүдә ойыншы болып қалыпты. „Айқулаш ямаса ләзгиде ойнап берсин“ деген ҳаял-қызлар даўыслары әйўанды жаңғыртты.

Сазеңделер биресе ләзгиге, биресе айкулаштың намасына шертти. Қыз жеңгелери менен қызлар менен бир-бирлерине мирәт етип, аяқ ойынга түсиўге шақырып, сыбырласып оның менен демде ойынға түскен қыз ямаса қыз жеңгеси болмады. Ҳәр кимге етилген көп тәўелледен дем де ис шықпайтуғынын билди де



www.ziyouz.com kutubxonasi

Базаргүл айкулаш ойынын баслап жиберди, шытакларының сыңғырлысы да ойынға нама қосқандай болды. Баска қызларда ойынға түсти. Гармон даўысы, ойнаўшылардың аяқ дүрсилдиси кем-кемнен қызып баратырғанда Омарбайдың баласы өз көшесиниң еки-үш жалатайын жыйнап, келип, гештекке от таслап, шертек астында қайнап атырган қазанға кесек ылақтырды. Қайпанды урып, өш алыў мақсети менен әйўан ишине кирип, жәнжел шығара баслады. Шадлы гештек шаўқымға айланды.

Жалатайларға араласып келген жигитлердиң арасында Омарбайдың тәнтий иниси Сыражатдийин төре де бар. Ол жигирма төрт жасларға шыққан жигит оның өзи бул сүмелек гештегине мирәт етилмегинине кек сақлап келген еди. Сөйтип шаўқым шығарып, Қайпанға топылып атырған инисиниң желкесине жудырығы менен түйип жиберди де, билдирмей бир қапталға бурылды. Желкеге жудырық катты тийген қусайды, жан ашыўы менен ол жеген жудырығын Қылышбайдан көрди.

—Әке-бабаңның аўызы... Есигимниң жуўынды қоры!. Сен кимди урасаң!—деп Қылышбайдың жағасына жабысты.

Қылышбай тайсалмады, тәўеллеге турмаған соң алқымынан бир алып еди, көзи аларып кетти. Қылышбайдың аўылының жигитлери де кәҳәрленип, қызып баратыр еди. „Тоқтап турыңлар, соңына шекем шыдайық“ дегендей Қылышбай ымлады.

—Әй жора!—деди ол,—сениндей дәўлетли адамның баласына усы қылўа ылайық па, желкеңе мен урғаным жоқ, абайсыз да биреўлерге соқлығып кеткен шығарсаң, кел кеширгейли болсын.

Бирақ, олар қалай да болса гештек мейлисин бузыўдың қастын да еди. „Желкеңе жудырық қонды-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып, жалаңаяқлардан қорлық көргенше өлгениң жақсы“ деп, төбелес болсын дегендей Омарбай ауылының жигитлери бирин-бири Қайпанға Қылышбайдың қасындағы жигитлерге қарсы ийтергишледи.

— Саз-сәўбет, ойын-күлки тоқтап қалды. Келиншеклер қызлар жағынан да араға түсиўшилер көбейди, ҳәр ким өзиниң таныс жигитлерине тәўеллеши, олар шаўқымның билқастан Омарбай балалары тәрепинен көтерилгенлигин билип тур. Қыз-жигитлер даўысы бирде пәсейип, гә күшейеди.

Соның арасында Омарбай ауылынан келген жалатайлардан биреўи шаўқым-сүрен басылған соң шертекке шықты да, сүмелек қайнап турған қазанға гербиш ылақтырды. Тастың пәти менен „былш“ еткен ыссы сүмелек қазан былғап отырған кемпирдиң үстине шашырады.

— Не қылған жүўермеклер бул,—деп, бети сүмелекке күйген кемпир, шөмишин ала жуўырғанда:

— Кимде болса жигит-жүўернемек болсын!—деди екинши кемпир.

Сүмелекке гербиш ылақтырған жигит албырап қаша алмай да қалды. Кемпирлердиң күйип-писип, қарғанған даўысын еситкен қыз келиншеклер Қылышбай ауылының жигитлерине араласа шертекке жабырласып кирди де жаңағы жигитти услап алды.

—...?!

—Мен жалатайлардың сөзине ерип, уят еттим!

—Жәлменбисең, неге сүмелекке тас ылақтырдың?!

—Аяқ-қолын байлап таслаң, азанда сөйлесемиз!—деди жигитлердиң биреўи.

Ҳақыйқаттан да, Жәлмен бийшара байбетше, жалатайлардың сөзине алданып пәнт жегенин сезди.

—Қылышбай жора,—деди ол,—мени Омарбайдың төреси, мынаў жалпылдақ-жалатайлар етимнен ет ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сип алса да енди булардың изине ермеймен, мени кеширинлер жоралар!...

—Байбетше, жоралар! — деди Қылышбай,—бәрин булдирип, гештектиң ҳәзин бузыўға кимниң себепкер екени енди мәлим, жәнжелди тоқтатайық, буған қайыл болмасаңлар, онда өкпелемең.

Бирақ көпшилик ҳәр жақтан абай етип:

—Жалатай—байбетшелер сазайын алсын!...

—Мерекеден қуўып шығарылсын!

—Қолынан келгенин аямасын, байман деп пақыр-пуқараларға азап бере бере ме?...—деп көтерилип атыр.

Байбетшелер ҳәм оның аўылының жигитлери Қылышбай аўылының жигитлериниң абайынан сескенейин дедиме, мерекеден шығып кетпекши болды. Қылышбай тағы да кишипейиллик етип, оларды гештек мейлисинен бирге тарқасыўды өтинди. Бирақ байбетшелер Қылышбайдың адамгершилик пенен айтқан сыйласық мирәтин писент еткиси келмеди:

—Ақылыңа нан туўрап же!—деди Омарбайдың төреси. Жалаң аяқлар, кимди бассынып, кимге қол көтергениңизди билесиз бе, қудайдың не салғанын көрсетемен еле!—деди, өзи менен бирге келген жолдасларын ертип сыртқа шықты, тағы кейинине қайырылып, жудырығын көрсетип еди.

—Сыйласықты билмедиңиз, көтериң өкшеңизди,—деди, Қылышбай қолын қатты силтеп.

Бәйбетшелер қыз-келиншеклер алдында еткен өзиниң арсызлығы менен турмай, сүмелек мейлисин қаншама бузыўға урынса да ҳәмме орынларына келип, саз-сәўбет жаңлап қызып кетти... Кейин жигитлерге түйилген шаршы жиберди. Бул гештектиң әўелги мейлисинде кесе алыспаның әйне қызган мәҳәлинде Қылышбайлар ҳәм оның қасындағы дослары жибер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген чайнекке берген жуўабы болды. Қызлардың жигитлерге жиберген жуўап шаршысынан Қылышбай шашақлы чай қалтаны алды. Ол Базаргүлдиң арнап жиберген чай қалтасы екенлигин ҳәммеде пәмлести. Бирақ, бул гештек мейлиси тек жигитлер менен қызлардың сүмелек мерекеси болып қалмастан, ол бай менен жарлының жигин ашқан ҳәм ел арасында пайда болып атырған ала-сапыран дәўиринде ең соңғы мейлис болды.

## ЖЕТИНШИ БАП

... Машина қасында қолының майын сүртип отырып Қылышбай ойланып отыр;

„Карындасым да ер жетип қалыпты. Қәне енди бир нашарды қор қылмастай, қарындасыма тай келетуғын гошшақ жигит тап болағойса ат арқасына мингизер едим де, „бар, жолларың болсын, қосағарыңлар!“—деп өзим-ақ қашырып жиберер едим. Кемпир-ғарры билеғойса, маған әри-бери кейир де қояр еди“.

Оның бул ойы „заман әллеқандай болады“ деп ойланыўдан соңғы өз қарындасының ғамы еди. Әкеси менен шешесине ойласқанда—оларға да ўақтын таўып: „апа, аға! Сәнемди өзиниң қәлеген жигитине күйеўгеберейик!“—десем, мен болсам қалың малсыз-ақ, сүйген қызымды таўып аламан десем қайыл болмас па екен!“—деп, ҳәр жаққа таяқ, таслап та көреди. Қарындасының бақытлы болыўын тилеп, ҳәр қыйлы қыялдәрьясына шүмип, көзи сүзилип ой үстинде отырғанын да, Әмет машинаханаға кирип келди. Қылышбай сескенип, кетип, отырған орнынан өрре турды да:

— Ҳаў, Әмет аға, барма едиң!—деди, оның менен қайта-қайта аман-саўлық сорасты.

— Мәтимбайдың есигине барғалы көп ўақ болды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

олай-былай жырылып шыға алмадым,—деди Әмет, Қылышбайдан кеширим сорап.—Исенсең Сейтнияз ағамның, Зийўар кишемниң алдына барып, тәңир сәлемимди берип турыўға да мурсатым жоқ, десем өтирикши емеспен иним!

Әмет заводтағы жумыслары менен күни-түни әўере болғанын ортаға салды.—Мениң бахтыма қарсы машинаның пуў қазаны жарылды, өзиңе мәлим „қазан жарылды"—деген сөз—заводтың ҳәрекети тоқтап қалды деген сөз, бәринен де бетери—рабочийлардың наныпа зыян келди деген сөз,—деди оларға жаны ашығанын билдирип.

Дурысында да, Әмет қазаны шатнаған машинның бөлеклерин сөтип, шатнаған қазанды орнынан суўырып алғанша, оны ремонтлап қайтадан орнына қояман, сөтилген бөлеклерди жаңадан қурастыраман дегенше бир ай бойына ҳәлек болған еди. Буның ушын хожайынынан да талай-талай ахырет сөз еситти.

— Ендигисин өзиң ойлап көребер қарағым,—деди Қылышбайға.

— Көп ақырет көрген екенсиз аға!—деди Қылышбай, қыйналып.

— Мениң де қайғым Мәтимбайдың мәпи емес-аў, рабочийлардың ғамы еди,—деди ол сөзин даўам етип.

* * *

Түски аўқаттың мәҳәли. Сәнем писирген аўқатын Қылышбайға алып келиў ушын асығыс жолға шықты. Күнниң жылыўы менен қарлар дизден қабатуғын батпақ болып атыр.

Ол жолда батпақтан шеккен азабын сыртына салып киятырып абайсызда тағы бир аяғын шуқырға суғып алды. Сәнем бир қырын еңкейгени де сол, ишинен



www.ziyouz.com kutubxonasi

сықпа́н салынған жасыл сыршалы гүзе де түби жерге „диңк“ етип аўзынан шалпыған сықпан сорпасы менен жерге ақтарылды. Жалма-жан өзин, оннан соң гүзени тиклеп, ишине қарады да:—„Еле бир талай екен, әжағамның несибеси бар екен“ деп турғанда, завод алдындағы гүзәр жолдан өтип баратырған үш-төрт жолаўшының арасынан бир жас жигит гүзесин қолына алып, кетиўге ыңғайласып атырған қыздың тусына келе берип, қыздың қасындағы төгилген асқа көзи түсип:

— Қарындасым, жүрегиңиз көтерилди ме?—деди атлы жигит, қызды сөйлетпекши болып.

Сол ўақытта Сәнем билинер-билинбес мырс етип атлы жигитке:

— Ишиңиз ашып турған болса жалай қойыңыз!—деди.

Жигит қәпелимде албырап қалды, уялғанынан атына қамшы басты, оның қызға сөз таўып айта алмағанын билген қасындағы жолаўшы атлылар жигитти бир басқыласып алды.

Қылышбайлар еле өткен-кеткеннен сөз қозғап, әңгимелесип отыр еди. Қәпелимде машинаханаға кирип келген Сәнем қолындағы гүзени қос зағара түйилген қызыл шаршыны әжағалары отырған жердеги столға апарып қойды. Әмет оның менен қарақалпақ дәстүри бойынша аманласты да, көп уаққа шекем Сәнемнен көзин айырмады. „Па қыз болғаныңа, алақандай болған көзлериниң өткир қарашықлары өңмениңнен өтип кете жазлайды екен, бойы-сыны да келисип қалған екен, бир қайымында сөз салсам жарлы демей мақул көрсе алағояр едим, Қылышбай да заманлас инимғой,—“ деди өзинше қыялға кетип.

Сәнем әжағасының қасында көп иркилмеди. Түслик аўқатын әкелип берген соң үйине қайтпақшы болып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тамақтан босаған табақ-қасықларды, босаған гүзени жыйнастырды да, әжағалары отырған машинаханадан шығып кетиўге оңайласты. Әмет оған көзиниң астынан нәзер таслап, жыллы жүз бенен мыйығын тартып қойды. Қызда күле шырайланып, оған көз қыйығын салды. Завод дәрўазасы бетке қарай кетип баратырған Сәнемниң изинен Әмет машинахананың әйнегинен узақ ўақыт сығалап қалды.

— Қәне, рабочийлардың сени алдына салып еткен арзыларынан не хабар бар?—деп сорады Әмет, Қылышбайдан.

— Арыздың несин сорайсаң, насырға шапты,—дегенин билмей қалды.

— Рас айтып отырсаңба?

Әметтиң күтилмегенде дүрс еттирип айтқан сораўына, „маған исенбей отыр ғой“—дегендей түр-түси бозара баслады.

— Расымды айтып отырман,—деди Қылышбай және бурынғы сөзин тәкирарлап.—Ҳақымды сораганымда, бай мени де заводынан қуўып шығарған еди ғой.

— Рабочий бийшаралар сениң байдан көрген ызаңды еситтимекен? Әмет бурылып қарады.

— Жоқ, оларға бул жөнинде ҳеш нәрсе айтылған жоқ.

—Енди, ол бийшаралардың бала-шағаларының ҳалы не кешер екен?—деп Әмет аўыр гүрсинди.

— Байлардан ҳақы өндириў жолларын тағы да тереңирек ойласып алсақ деймен,—деди Қылышбай.

— Онда хабар өзиңнен болсын!..

* * *

Әметтиң дурыс аты Андрей Ефремович Иванов еди. Нижный город рабочийсының баласы. Қоңырат қала-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сының кубласындағы бурынғы әскерий казармада турған патша армиясы бөлиминде қатардағы жай солдат ўазыйпасын өтегеннен кейин каладағы Мәтимбайдың заводында мастер болып ислейди. Сол дәўир ишинде заводтағы жергиликли рабочийлар менен танысып, жергиликли тил менен халықтың үрип-әдетлерин бес саўсағындай үйренген, ҳәтте үстине шапан, басына қураш кийип, ҳақыйқат қарақалпақ жигитлериниң бири болып, завод рабочийлары менен дослықта хызмет ислеп жүргенинде, Россиядан үйине қайтып келип, Омарбайдың заводында жәрдемши мастер болып ислеп жүрген Қылышбай менен таныскан еди. Бир-бири менен беккем байланысып Қылышбай оның менен таныскан дәслепки күннен-ақ оны „Әмет аға!“—дейтуғын болды.

* * *

Омарбай заводының күндизги рабочийларды иске шақырған гудоғыда узак ўақыт гүңиренди. Бул мәҳәлде Қылышбай отырған тумсықлы дүңке менен зырлап турған машинаның куты қақпақларын ашып, оларға май куйып толған кутылардың какпакларын тарс еткизип жаўып атыр еди, таза кийимлерин үйинде койып, түндеги жумыс кийими менен келген Ибрайым уста да гезекли жумысына кирисип дигиршиклери шыр гүбелек айланып жүрип турған машиның тумлы-тусын айланып шықты.

Машина дүрсилдеп, пахтаны шигитинен айыратуғын жыйықлардың тисин қайраған жарғылары, аўзына салған пахтаны салғанын салғандай жалмаған тасырлысы жер жарады. Жыйық, пресс рабочийлары, пахта, шигит тасыўшыларға шекем қулласы ҳәмме рабочий гезеклерин аўмасып, түнги гезектиң адамлары да үйлерине қайтар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ, Қылышбай еле үйине кетпей, машинахана-дағы ремонт қуралларын ақтарып жүр. Сол қолында кәлемниң бойындай бурандалы темир, иши тесик, тат баскан, еки ушындағы бурандасын егеп, ишин тазалаў керек. Қарастырған жеринен тапқан егеўди столға қойып, бурандалы темирди искенжениң арасына тықты, оны қозғалмастай етип катты бурап, беккемлеп қысып қойды да, бурандалы темирди қытырлатып қатты қатты егеди. Қылышбай бурандалы темирди тазалап, оны машинаның тозған трубасының орнына коймақшы.

Дүрсилдеп жүрип турған машинаның ол жер бул жерин шуқылап айланшықлап жүрген Ибирайым устада үн жоқ, күндегидей емес, рухы түскен. Күнде тәңир сәлемин алысқан соң Қылышбайға өткен-кеткеннен қызық әңгимелер айтып берип туратуғын—ол, иске келгенине әдеўир ўақ болса да еле өз иси менен әўере, илле деп аўзын ашпайды. Бир мәҳәлде қатты-катты егелген темирдиң ашшы қытырлысы Ибирайым устаның жүйкесин жуўылдатып, маңлайын бүристирди де, колларының майын шобытқа сүртиўи менен Қылыш-байдың қасына келип аўыр гүрсинди, суўық демин алып, оның арқасынан қақты.

— Ҳаў, балам, үйиңе кетпей, еле жүрсең ғой!—деди, салдамлы даўыс пенен оған.

— Ибирайым ата!—деди, ол да устаға жалт қа-рап,—Бүгин күндегидей емессиз ғой, сырқасланып турғаныңыз жоқ па? Егер мәнисиңиз қашып турған болса, бүгинги гезегиңизди де өзим атқарайын.—Ол темир түтикти егегенин тоқтатты, оны искенжеден босатып алып, столға қойды да, қасында муңайып тур-ған Ибирайым устаға рәҳими келип кетти.

— Тәндарман балам, түни бойы дем алмай шарша-ған шығарсаң, ис деген ада болмайды, оннан да ҳәзир үйиңе барып уйықла—деди уста.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қәйдем, мәниссиңиз болмағанға сырқасланып турған шығарсыз деп ойлап едим,—деди Қылышбай.
—Аўырыў сырқаўдан, аман болсаңыз болар...

Қылышбай столдағы ремонт әсбапларын жыйыстырды, гейбир қуралларды ағаш қутыға жайғастырды. Егеп тазалаған темир түтикти столдың қобдыйына салды. Столдың бир қапталында турған нәҳән қутыға еңкейип қолын созды. Оннан бир камтым таза шобыт суўырып, алды да, еки қолындағы қалған-қутқан майды сүртти. Оннан кейин машинахананың есигине жақын жердеги ләгенге ыбырықты әри-бери итергишлеп бети қолын жуўып тағы сүртинде де сменге келген уста менен хошласып, машинаханадан шығып кетти.

## СЕГИЗИНШИ БАП

Жасаўыл басының әмири солай ма, әйтеўир, қала ҳәкими: „бий кәтқудалар, ақсақаллар бири қалмай тоқтаўсыз қала ҳәкиминиң сарайына жыйналсын!“—деп хабарландырыўды буйырған. Келгенлердиң көбиси қала хәкиминиң не себепли ҳәммени жасаўыл жиберип, асығыс шақыртқанын билмейди, бири-биринен сорасады. Кими ҳәмелимнен айырылып қаламан ба деп кәўипсинеди.

Ҳәкимниң сорамындағы ийшан-уламаларға да ҳәкимниң сарайына келиўге хабар етилген. Олар да сарайдың төриндеги гилем төселген үлкен сыпаға жайғасты. Еки ортадағы бий-беглер отырған сыпалар менен ийшан-уламалар отырған сыпалардың ортасындағы қалың етип төселген ықшамлы бир сыпа адамсыз бос тур. Ол жасаўыл басы менен метерлерге таярланған ҳәм айрықша төсек салынған сыпа. Белиндеги қылышлары сартылдаған, айбалталары жалтыраған жасаўыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғар желпилдеп кимиси шылым отласа, кимиси демленген чайнек тасып жүр.

— Ҳәким сорамының бийлери менен аталықлары келип болғаны ўәзирлерге айтылсын!—деди аталықлардан биреў.

— Солай болсын!—деди Насырәддийн деген бий, сербийген сақалын тутамлап.

Сарайдың әйўанына жыйналғанлардың ғаўырлысы кем-кемнен пәсейди. Арман-берман кирип-шығып жүрген мәҳремлер тынышланды. Бийлердиң жәм болғаны қулағына тийген ўәзирлер қалайық жыйналған әйўанға шықты.

Сарайдың шарбағына алды менен жасаўыллар, олардың изин ала қала ҳәкими шықты да, қалайыққа қарады;

— Ел бийлери,—деди,—хан ҳәзиретимиздиң жасаўыл басысы менен метери бүгин сизлер менен хан ҳәзиретимиздиң кыстаўлы буйрығы ҳаққында сөйлеспекши, соны жақсылап тыңлаңызлар! Мен сизлердиң есиңизге усыны салып қояйын—деп, айтып атырман.

Шарбақ иши суў сепкендей тым-тырыс болды. Отырғанлардан: „Ол не буйрық, қандай қыстаўлы буйрық екен?!..." деген гүңкилдиден басқа саза шықпады.

Бир аздан кейин хан метери колындағы „уллы" дәптерди ашты, қағазларын актарды, оның ишинен бүклеўли қағазды суўырып алды, бүклемин жаздырып жасаўыл басыға усынды. Жасаўыл басы хатты әрибери көзинен өткерип метерге қайтып берди де:

— Әўел ҳа окып еситтирип, оннан соң мәнисин айтып бериўиңиз керек, яки сиз окып еситтириң, яки мен окып берейин деп мирәтлести.

— Әжеп, мен оқып берейин,—деди метер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жүдә бәрекелла, мәнисин айтып бериў меннен болсын,—деди жасаўыл басы.

Мегер тамағын қырынды. Көз астынан қалайыққа бир нәзер таслады. Тамсанып қолындағы бир жапырақ хан жарлығын оқымаға қарады.

— „Қоңырат ҳәкимине ҳәм бийлери менен беглерине ушбууның илән мағлым болсын ким—улуғ патшаҳымыз Николай Романовтың улы Петрдиң туўылған күниниң ҳүрметине саўға тарийқасында естелик жай салынбақшы. Соның ушын өз сорамыңыздағы пуқараларыңызға быйыл салғыртларды көбирек салғайсызлар ҳәм оны халқыңыздан тезирек өндирип хан ғәзийнесине жеткергейсизлер. Өндирип алыў қыйын болған жағдайда жасаўыл басы ҳәм метер ҳәзиретлери сизлерге көмек бергейлер!

*Ушбууға қол қойып, мөр бастым—Хан ҳәзиретиңиз Испандияр*".

Метер, ҳәкимлерге арналған хан жарлығын оқып болып, жарлық жазылған қағазды жасаўыл басының алдына қойды. Оған ендиги гәп сизден деген ишарат қылды.

Хан жарлығы бийлерге де қолайсыз емес. Кимге үш тилла орнына алты тилла, биреўлерге алты тилла орнына он-он еки тилла салғырт салып, тең жарысын өз қалтасына салғанын беглер-бегилер жаман көрсинбе, ҳәркимнен алатуғын бес-он тилла парасы тағы бар. Хан жарлығы таўсылмас булақ болажақ!-дести беглер ишинен қуўанып.

Ҳәким сарайының шарбағына жыйналған ҳәмелдарлар хан жарлығы оқылған соң бираз ўақытка шекем жумған аўызларын ашпай тым-тырыс болды. Жарлықтың кейнинен айтылатуғын тағы бир жаңалық бар шы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғар, деп күткендей, жарлықты оқып еситтирген метерден ҳеш нәрсе сораўшы болмады. Бийлердиң, ақсақаллардың пайдасына шешилип атырған жаңалықтан артық, жарлылардың басына түскен қайғы-ҳәсиреттен артық қандай жаңалық болсын!...

Алдына қойылған бир жапырақ қағазды жасаўыл басы еки бармағы менен желбиретип отырған орнынан өрре турды.

— Бий ағалар!—деди жасаўыл басы,—ҳан жарлығын ҳәммеңиз еситтиңизлер, оны орынлаў ҳәр бириңиздиң хан ҳәзиретимиз алдындағы миннетиңиз дур. Кимде-ким оны орынламайды екен—ол хан алдында жинаятлы дур. Егер хан әмирин бузып, тийисли салғыртын жыйнамаса өзине салынған салғырттан бас тартса бийлер—пуқарасы да, жинаятлыдур, мине, соны қатты ескертемен, гәп түсинерлиме!—деп абай урды ол.

Бийлер хан әмирин еситиўден оның осал емеслигин байқады.

— Хан ҳәзиретимиздиң әмирин,—деди бийлерден биреў,—әлбетте бежеремиз, ўәзир ҳәзиретлери;—деди және,—сизлердиң мәдеткарлығыңыздың арқасында бәржай болмаған хан әмири қалмайды!...

Басқа бий, ақсақаллар да оның сөзин тәкирарлаўға қарады. Ақырында олар да хан ҳәмирине өзлериниң садықлығын билдирди. Мәжилис иң соңында метер төре Қоңырат ҳәкиминиң сорамындағы пуқаралардан ҳәр бир бий ҳәм ақсақаллар бойынша қанша салғырт салынғанын, оны өндириў мүддетлерин айтып буйрық берди.

Жыйнаққа ийшан-уламасымақлардың да бир қатары келген еди. Олар кембағал халықтың желкесине түскен бәлеқададан аман болғансоң, ақ патшаға, хан ҳәзиретлерине денсаўлық бахыт тилеп, дуўа қылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта сарай алдындағы майданшаға уйлығысып турған қалайықлардың арасында:

— „Салғырт! Салғырт! Тағы салғырт! Сал барыңды керсенге, тапсаң да бер мың теңге, таппасаң да бер мың теңге!“—деген ғаўырлы көтерилди.

## ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

Ҳаўыздың гыр дөгерегине егилген тайнапыр гүжим қараманның думандай саясына түйениң көзи қурақым да қуяш нуры түсетуғын саңлақ жоқтай. Гүжимлер көшесиниң салма жағаларындағы тереклер арасындағы ергенеклерге өрмелеткен келин бармақ жүзим ағашларының солқымлары ғуж-ғуж болып жоқарылап төмен қарай салбырап, гейбиреўлери жапырақ арасынан сығалап қарайды. Аўытқыл-аўытқыл сайраған бүлбиллер ҳаўыз дөгерегин жаңғыртып жибереди.

Жаздың пал аққан мәҳәллери. Күн күтә тымық аспан әлеминде алакандай булт жоқ. Көк чайды симирип, исип-кеўип қынабына сыймай отырған Омарбай кеседе соңғы уртлам чайды ғылт еткизип жутып, кесе түбинде қалған чай қоқымын ҳаўыздың тынық суўына серпип жиберди де, кесени чайнек қасына қойды. Ыссы ҳаўа қысқаннан ол сырткы кийимлерин, белбеўин шешинди, узын ақсуп көйлегиниң етегин көтерип желпинди де малдасын бузып сыпадан жерге түсип әри-бери жүрип салқынлады.

Гейде қамыс басы қыймылдарлық самал леби кисиниң бет алмалығын мамық пенен сүрткендей, анда-санда әстен-ақырын елпип өтеди.

Күнниң қапырық ҳәўиринде ҳалықлаған бүлбил ҳаўазы кештиң қоңыр салқыны менен ҳаўыз бойын, бағ ишин жаңадан жаңлатып жиберди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мейлис тəредуди болып атырған асхана дегерегинде, ишке кирип-шығып, ҳəрқайсысы ҳəр нəрсе менен шуғылланып жүрген келиншеклер, ҳаял-бала-шағаларда көринеди. Олардың көпшилиги Омарбайдың өз ағайинлериниң ҳаял-бала-шағалары. Қылышбай, өзине басқа жумыс қосқанлықтан асхана дөгерегинде хызмет етип жүрген жигитлердиң қасына кеширек келди.

Омарбай бешпентиниң қойын кисесинен шынжырлы алтын саатының қақпағын ашқанда мийманлардың келиўине белгиленген ўақыт тирелип қалған еди. Дəрҳал саатының қақпағын жаўып, бешпентиниң қойын кисесине тыққанда мийманлардың алды кирип келди. Олар байдың қəдирли, келсе болар еди деп күткен мийманы хан метери, уездной, жасаўыл баслылары ҳəм Қоңырат ҳəкими еди. Бай өзиниң ай күткендей күткен мийманларына келип шыққанына қуўанып, албырап қалды.

Бай олар менен сəлемлесип, арналған орынға отырғызаман дегенше басқа мийманларда изли-изинен келип жəм болды. Қос ат жеккен төрт дегерщикли ғылдырек арбасының қоңыраўы сыңғырлап Шымбай уезднойыда келди. Бай оларды хан ўəзирлериниң қасына жайғастырды.

Ўəзирлер менен уездной отырған жердеги чəйнек-кеселер арасында рус адамларының зыяпатында хызмет ететуғын зербарақ нақышлы пəрең тарелкалар, аўызыбасы соррыйған ойма сүўретли бокаллар көринеди.

—О—хо! Европа ыдысларыда барғой, бунысы əжайып екен,—деди ол.-Демек ишимликте бар қусайды.—деди де өзи менен бирге келген рус жолдасына сыбырлады, оннан кейин жасаўыл басыларға қарап жымыйды.

— Демек, бай бизлердиңде ғамымызды ойлаған қусайды, оның өзи де кеўил көтериўден қуры емес-аў деп ойлайман,—деди екинши адам.

Рус тилин жоспарлайгуғын ўəзирлер уезднойдың



www.ziyouz.com kutubxonasi

сөзине әжепсине коймады. Мусылман дининиң законларына жат болса да хан сарайында болған зыяпатларда арақ-шарапды отырыспалардың талайын көрген ишимликлердиң қыйлы-қыйлыларын шегирдегинен, қылқылдатып өткерген, Омарбайда Мәкерия, Мәскеў базарларына саўда менен барған талай сапарларында ресторан отырыспаларында гөззал апайлар менен ушырасып, шараплардан ләззет тапқан. Бүгинги мейлисинде уезднойдың қәдирли мийман болыўыда оған қолай түсти.

—Ҳәзирети уездной—деди жасаўыл басы,—бай әкеде дәўлетиниң арқасында талай отырыспаларды басынан кеширген көринеди, ҳәз етиңиз, ҳәз!

Енди келген-кеткенлердиң ғаўырлысы басылды. Бираздан кейин писирилген таўық, ғаз гөшлери салынған табақлардың алдын көтерген Қылышбай оны ўәзирлердиң алдына, оннан кейинги екиншисин де, үшиншисин де, төртиншисин де изли-изинен қатарластырып қойып шықты. Қатар сыпаларға жайғасқан қала байлары, ел кәтқудаларының алдында тийисли сыбағалары қойылды. Қаўаша бөрек, қазаннан жаңа ғана шыққан қой гөши өз гезегинде палаў табақ-табағы менен изли-изинен тартылып атыр.

Жасаўыл басы алдындағы ләкки табақта путарланған ғаз гөшиниң бир санын қолына услады да метерге уезднойға мирәт салды. Уездной өзиниң алдындағы ләккиден таўық гөшиниң төсин балық шанышқандай вилка менен түйреп алды. Оны аўзына бир асады да, табақ қасындағы тарелкаға қойды. Ҳәркимниң аяқ алысына қарай көзи астынан нәзерлеп отырған Омарбай уезднойдың қасына келди де, ишине коньяк толтырылған ақ рецли мыс чайнекти усынды ҳәм оннан үштөрт бокалға қойыў чай яңлы суўсынды лықылдатып толтырып қуйды да, бир бокалды уезднойға, екинши,



www.ziyouz.com kutubxonasi

үшинши бокалларды метер менен жасаўыл басының алдына қойды. Жасаўыл басы метерге, метер уездной-ға қарады да:

— Қәне, уездной ҳәзиретлери! Бай ағамыздың саўлығына дәслепки тосты көтериў сизден болсын,—деди, тамағын қырынған жасаўыл басы, әстен сөйлеп.

Уездной өз қолындағы тосты қағыстырды да қағып салып, вилкадағы таўық төсин аўзына асығып асады. Ўәзирлер отырған қалайықтан ийбенди, не ишип отырғанын сездиргиси келмей, алдында турған бокалдағы коньякты кесеге қуйды, чай суўытқан етип, оны кеседен кесеге сапырды. Еки ўәзирде бир-биреўинен тәлим алып, екинши ирет сапырылған кесени суўық суўдай етип симирип салды, бети-жүзин шетирек бурған болып аўзындағы ашшы дәмди „пух!"—деп, ашыўын шығарғандай болды.

— Жасаўыл басымыз,—деди метер сөзге кирисип— қатарыңыздан қалмаң, гезек сизики!

Жасаўыл басы иркилип турды, уездносйдың бетине, тағы метерге бежирейип қарап.

— Метер аға, әжеп болады. Ҳәмириңиз бәржай болады!—деди.

Бес ўақ намазды қосағынан яд етип, қуран-кәлан сүрелерди мың мәрте тилине алатуғын Омарбайды ўәзирлер де, уездной да тағы кесе қағыстырыўға шақырды. Омарбай сыр бергиси келмей, өзин шетке тартпақшы еди, ўәзирлердиң:—Бизлерден қалайсыз? Егер, зыяпатыңыз мазалы болсын десеңиз усынылған тосты көтересиз!—дегени иләжын қуртты. Жасаўыл басының қолындағы коньяк толған кесени қолына алды да олар менен қағыстырып шықты. Енди жутпайын деседе болмайды. Кесе услағанлар Омарға қалай да болса жутқызыў қәстинде еди.

Шараплы кесени қолына алған Омарбай қызараңлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалайыққа көз таслады. Мәтимбай оған: „Жутып жибер, несине тартынасаң, сениң менен маған жаңалық емес ғой“!—деди.

— Ал, онда „Ғафурыл Рахим!“—деди, шарапты қылық еткизип. Метер Мәтимбайдың сөзине елигип, байға жәнe бир кесе шарап услатты. Уездной, оның менен бирге келген писарь (хатшы) кеселерин қолына алды да байды тағы да кесе қағыстырыўға шақырды. Мейлисте отырған басқаларда байды қыстастырды.

Әне, кесе-кесеге қағысты. Уезднойлар менен ўәзирлер басқалардан көре көбирек таслап жиберипти. Шарап мәслиги миймандосларды ҳәр түрли жолға салды.

Жасаўыл басы буйығып отырып, бираз ўақыттан кейин есин жыйнады. Бирақ сонда да шала-шарпы мәс. Оның қасына жақын отырған уездной чай ишип, демалып, мәслигинен айыла баслады. Бас ушындағы көпшикке шығанағын тиреп, бир кесе ыссы көк чай ишти де, қолындағы кесени дәстурханға қоя сала;

— Ўәзирлер, господалар!—деди, геўдесин тиклеп, бир қолын көтерип.—Билесизлерме, мен не айтаман? Германия Россия менен урысатуғын болыпты, аўа, урысатуғын болыпты. Соның ушын хан ҳәзиретимиз солдат орнына өз сорамының пуқарасынан салғырт жыйнап берип туратуғын болды. Салғырт сондай көп салынады ҳәм тез өндирип алынады. Хан буйрығын кимде-ким бәржай етпесе сазайы дар болады... Уездной тәкирарлап айтты. Олар өз ара: „Қандай урыс ҳаў, мынаў әжентәўир гәп ғой, герман деййме дести, бирбирине үрпейисип қарады. Уездной шала-шарпы гә қарақалпақша, гә өз тилинде еки-үш тәкирарлады да, басы қалтыраңлап, сөзин даўам ете алмады, қолын силкиўи менен қасындағы көпшикке сылқ етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басының мең-зеңи шыққан жасаўыл басы тикленип, үрейи ушқанын сездирмегендей:

— Эй, қалайық, усыманда еситилген гәп-сөз басқа бир жерлерде ҳешкимниң аўзынан шықпасын! — деди, қайта-қайта тәкирарлап.

— „Өлген жерде өгиз қалады, айтылған жерде гәп қалады“ ўәзир аға, оннан кәтире жәм болың, — деди Мәтимбай.

Уездной менен ўәзирлер ортасында мәслик пенен аўызларынан кәпелимде шамалдай шығып кеткен қупыя сырды дәстүрхан жайғастырып жүрген Қылышбайдың қулағы шалып қалды

— Урыс!... деди асхана жаққа баратырған Қылышбай.

— Қылышбай, — деди — Әмет қашан болса да урыс болыўы мүмкин. Бирақ не ушын, кимниң пайдасы ушын, патша менен патша арасында ма, ямаса бир елди екинши ел басып алыў ушын ба?

Әмет ойланды. Қылышбай кирген асханаға ол да кирди. Самаўырын, қазан-табақларды айланшықлады, және оның менен сыртқа шықты.

....Түн. Тас төбеде рапийдадай зырлап турған айдың бетин шарбы булт әстен қаплап өтти. Шарап ишимлигиниң мәслигин ишине сыйдыра алмаған уездной дың хатшысы түн сәуирин ишине тартты, аўзы менен саз шертип, аяқларын тепсине орнына отырды. „Тырпалар“ деген рус қосығын айтпақшы болды. Даўысы дарылдап ғарғаның ҳаўазы кусап кетти. Шала мәс уездной оның колын қағып жиберди де:

— Қәне, — деди байдың саўлығына тағы бир алып жиберейик! Коньяк толған бир бокалды хатшысына услатты. Хатшысы қалтыраклап, бокалды зордан таўысты. Ең соңғы уртлағанында бокал қолынан түсип кетти.

Зордан дегенде өзлериниң геўдесин дурыслап алған



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўәзирлер алдында турган коньякқа батылы бармады. Өзлериниң бет ажарын умытқандай, арақтан көз қабағы қалыққан уездинойларға жийиркенип, қолын бетине қаплап шетке бурылды.

Мүлгип, басын былғаңлатып отырған уездинойдың көз қыйығы Қылышбай менен қос чайнек көтерип қасына жақынлаған Әметке түсти де:

— Әй. сен рус адамына қусайсаң гой!—деди оған қолын сермеп жарым-жарты қарақалпақша сөйлеп.

— Болса болар господин,—деди Әмет.

— Сен онда мусылман динине кирдиң бе?

— Маған орыс та, мусылман да бәри ағайин!

— Елиңе қайтпай, бул жақта не қылып жүрсең?

— Баяғы жарлылық, талап ислеп жүрмен. Усында бир байдың заводында ўстаман.

— Енди сөйтип елиңе қашан қайтасаң, қай жердиксең? Болмаса мен сени қайтарарман!...

Езбелеп сорастыра берди. Әмет қолындағы чайнеклерди дәстурхан басына қойды да:

— Қайтатуғын ўақыт жақын қусайды гой, елгеме, ямаса оннанда арманыраққа кетиўге туўра келеме!—деди.

Уездной гейдесин дурысланқырап отырды да Әметтиң еки ушлы сөзине көзлери аларып кетти. Сыпсың сөзлерден хабардарма деп ойлады.

— Қашқыншы емесписең, ырасыңды айт!—деп жекиринди уездной.

— Қашқыншы емеспен,—деп жуўап берди Әмет,— Нижний городтан, әкем Нижный заводында мастер еди. Менде сонда усташылықты әкем менен ислеп жүрип үйрендим. Билетуғын шығарсыз, анаў казачий эскадронда солдат едим, мүддетим питип, солдатлықтан босадым. Енди усы жерде жаңағы айтқан талапты ислеп жүрмен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Үйиңнен хат алып турасаң ба?

— Илгериректе алған хатымда әкемниң Сибирьге сүргинге жиберилгени айтылған екен, не себепли екенин айтбапты. Көп қапаман...

— Аха, сондай де! Әкең сиясатқа араласқан шығар?...

— Билмедим тақсыр, кешириңиз,—деди де Әмет Қылышбайдың қасына қарай кетти. Уездной Әметтиң артынан гүманланған тәризде қарап қалды.

Уездной да, ўәзирлер де пақыр-пуқаралардың ҳал-жағдайынан ҳеш гәп қозғамады. Салғырт, болажақ урыс ҳаққындағы сөз бенен шекленди. Омарбай болса ўәзирлер менен уездноййдың дус келип, үйинде мийман болғанынан пайдаланып оларға Қылышбайды питнеши, халыққа„ығўа таратыўшы“,„азғыртыўшы“ деп жаманлады, ал ҳәмелдарлар Қылышбайды бир қолайында жоқ етиўге сөз берди

## ОНЫНШЫ БАП

Омарбайдың зорлығына ушыраған Қылышбай таң ертең жолға атланбақшы. Неше жыл үйинен алыслап, орыс елатында жүргенинде ашшы-душшыны татқан, қаттышылықтың қазанында қайнаған, өз исине пысық болған жигит ғой, астына ат қолына тобылғы қамшы тийсе мынаў турған Хожели оған жолма, тек „бир алланың өзи қуўат берсин, илая аўмийин!“—дести, кемпирғарры қолларын жайып, перзентине ақ жол тилеп дуўа қылды.

Енди, ертең Қылышбай хожайынының буйрығын бәржай етиў ушын жөнеп кетеди. Бир күнде болса қатар-қурбы, жора-жолдаслары менен ойын-заўық етип, кеўил көтергиси келди. Бәринен де бурын, Базаргүлди көрмей кетиўге болама? Өйткени, Базаргүл еле



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қылышбайдың Хожелиге кетиў сапарынан хабарсыз еди. „Егер, оның менен хабарласпай кетип қалсам, өкпелеп қалама“ деп ойлады. „Қой, қандай қыямет болса да Базаргүлди бир көрип, сырласып кетейин!“ деди, өзине-өзи.

Заводтан күндегиден ертерек қайтқан Қылышбай отырған орнынан ырғып турып, өжире әйнегиниң текшесинде турған айнаға қарады. Басындағы дөңгелек қара курашының маңлай алдын қоллары менен тегиследи, бет жүзин айнаға қаратты да далаға шықты. Алды менен көшелерди шарламақшы болған Қылышбай күн киши песиннен аўғанда „ханжапты“ жағалап кететуғын жолға түсти. Жаға бойындағы суў алатуғын жасқаға жақын келгенде усы жердеги қалың тереклик көзине оттай басылды. Көз шарлаған талай-талай жигитлер бул жерге ўақты-ўақты суўға келген қызлар менен ҳәзиллесип, жаздың ыссы күнлеринде суўға шомылып, қалақ-қалақ ойнап, кеўил ашып турар еди. бул жерде бунпан бурында Қылышбай менен Базар талай сапар ушырасып, жүрек сырларын айтысқан. Бул ләззетли минутлар Қылышбайдың көз алдында елеследи.

Қылышбай терек астында дөгерекке көз жиберип турғанда, жасқадан қабағын суўға толтырып, ийнине қағып салған Базаргүл тереклик арасынан өтетуғын соқпақ арқалы алдында кесе турған салмадан атлады, арқасындағы қабақтың суўы шайпалды, Қылышбай оның Базаргүл екенин билди.

—Ҳаў, Базаргүл, арқалағаның өзиңдики, тапқаныңа шерик ет!—деди жигит оған.

Базаргүлде жигиттиң Қылышбай екенин салмадан атлағанда билген еди. Ол уялғанынан төмен қарап күлимсиреди.

— Жуўапты торлап шығаройыпсыз,—деди Базаргүл



www.ziyouz.com kutubxonasi

оған назланыңқырап.—Тапқанымыз бир қабақ суў, ортақласағоямыз, сен жары мен жары, бәлки шөлиңиз басылар,—деди қыз.

Әдеўир иркилип қалған Базаргүл үйине кетпекши болды да жигитке күле шырайы менен тағы бир мәрте қарады. Жигит оның әўелде айтқан сөзин „талайымызда не болса, оның бәринеде ортақпыз" деген мәниде түсинди.

Қыз қабағын ийниннен түсирип жерге қойды.

Алды бурын хабарласып қойғанда да олар бир-бири менен тап усындай болып гезлесе қоймас. Еки жас өзлерин терекликтиң панасына алды да жүрек сырларын ҳақыйқатлап жаңадан ортаға салды.

— Қәне, енди былай болғансоң ири-баслы гәп-сөзиң болса айт!—деди Қылышбай

— Гәптиң бәри сизде!—деди қыз.

—Гәптиң мазалы жерин айтсам, мени ҳақыйқатында-да жақсы көресең бе?...

Қыз күлип жиберди.

— Өзиңше қалай ойлайсаң? Базаргүлдиң бет алмалары қызарып, гүл-гүл денип кетти де, ийбенип төмен қарады.

— Өзиң қандай болсаң,—менде сондай, бәлки!..

— Ырасың ба?

— Аўа, ырасым!

Жигит қызды және сынамақшы болып:

— Мениң еситиўиме қарағанда, биреў саған ашық қусайды, оны қәйтесең?

Қыздың түри-түси бозарып, қырмызы яңлы додақлары көгисленди. Бул сөз қулағына илгеректе тийгенде, шыжа-пыжа болған еди. Сонда да сездиргиси келмей, өзин тиклеп:

— Ол ким еди?!—деди, билмегенсип.

— Қәдимги белгили Омарбай дағы!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қылыш! —деди қыз ызаланып,——Омарбайға қор болғанымша, қудай меннен аманатын алғаны жақсы. Мени сүйгениң хақыйқат болса, Омарбайдың қорлығы саған да абырай бола коймас! Қыз жыламсырады. Өршелестирмекши болып жортаға:

— Омарбай куда түсирип айттыра қойса? Не қыларымды өзим билемен, сен не қылар едиң?

— Менбе?

— Аўа, сен, басқа ким болатуғын еди?!

— Мен де не қыларымды өзим билемен!

— Расын айтқанда не ислер едиң?

— Еситкиң келип турма?

— Аўа!

— Мәрт жигиттиң сөзи бир болады.

— Қызына тап болсаң оның да сөзи бир болады,— деди Базаргүлде. Алжыған Омарбай мың жола қуда түсип айттыра берсин, бәри-бир, ақырында мен өз мақсетиме жетсем саған болғаны емес пе, оның ушын қапа болма. Инанбасаңыз жеме-жемеге келгенде көрерсиз солқылдақлық етип, ғапылда қалып қойман?!

Қыздың тәўекелге ҳақыйқат бел байлағанына көзи жетседе „солқылдақлық етпе“ деген сөзин Қылышбайға батып кетти.

— Ҳаў, Базаргүл сен мени сондай-ақ ўәдесине ўапасыз, қоян жүрек деп ойладың ба?—деп салды. Өзи де Омарбайды сөздин арасына кыстыра бергенине өкинди.

— Айттымғой, мәрт майданда!...

— Бер, қолыңды! —деди жигит.

— Мә-мә, қол керек болса,—деди қыз, оң қолын узатып, алақанын жайды. Бул сапары олар бир-бирине садық екенлигин тағы да беккемледи. Егер Омарбай өзине айттырмақ түўе қыямет қайым болса да, өз мақсетлерине ерисетуғынына қол алысып және бир мәртебе серт айгысты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспанда тозаңгыған бултлар қуяш үстинен тезирек қалқып өткиси келсе де, оларды айдап жиберетуғын шамал да айтарлықтай дәрман жоқ. Қуяш гейде бултлардың тасасынан шығып. Қылышбай менен Базардың төбесине анда-санда нур сәўлесин салады.

Әллен ўақытта қуяш бирден жарқ етип кетти де, дүнья әлемине өзиниң жақтылық нурын септи. Оған қосыла шыңғырған завод гудогиниң ашшы даўсы еки жастың ләззетли минутларын бузып, беллерине айқасқан қолларын ериксиз жаздырыўға мәжбүр етти. Ийбене қараған көзлери бири-бирине қуяш нурынан да жарқын болып көринди, ҳәтте олар өзлерин дүнья әлеминде бирин-бири булардай сүйетуғын инсан жоқ дегендей сезди.

Қылышбай басындағы қурашын оңлады. Базаргүл бешбентиниң кисесинен алақандай айна шығарды, оны бетине жақын апарып арман-берман сығалап қарап өзиниң шырайын көрди, өңир моншақларын дүзетти.

— Бул жерлерге бүгин неғып адасып келегойдыныз?—деди Базар.

—„Түйеге жантақ керек болса, мойнын созады"-деген. Мен сизди көремен деп, кетип баратырған жолымнан усы жерге қарай бурылдым. Тилегим дурыс екен ойлағанымдай алдымнан шыға келдиң.

Көз қыйығын жиберип, Базаргүл мыйығын тартты.

— Мени дым сағынып қалыпсыздағы?!

— Әлбетте, сени сағынбаўға болама, бәлки тағы да көбирек сағынарман!...

Қыз оның „бәлки тағы да көбирек сағынарман", дегенине сескенип кетти де:

—„Тағы да көбирек сағынарман" дейсеңбе? Бул сөзиңде бир нәрсе барғой!—деди қыз еркеленип, Қылыштың қолларын силкип-силкип жиберип. Қылышбай



www.ziyouz.com kutubxonasi

Базаргүлдиң жулқылаған пәтине тентиреклеп кетти де, уялғанынан күлимсиреди:

— Тағы не айтайын, бағанадан бәри айтып болғанымыз жоқ па?!...

—Айтпасаң айтпай-ақ қой. Қыз бир қырынлап арқасына бурылды. Қасында турған кабағының жибине кол созды да, үйине кетиўге қайымласты. „Өкпелетип алдымаў“ деген ой менен:

— „Айт“—десең айтайын, бағанадан бери айталмай турғанымда усы еди“,-деди де қызды кушақлап, бетинен, аўзынан шорп-шорп еткизип сүйип алды. Қыз асаў тайдай булқып, туўлап абайсызда „ўай!“ деп жиберди.

— Кәне, сүйген, ж ксы көрген қандай болады?— деди Қылышбай қызға. Кушағынан жаздырылып, жигитти, Базаргүл жудырығы менен қойып калды да, сийнесиндеги өңир моншақларын оңлады.

— Адамды соншама ыптықтыра бергенше, айта ғойсаң-о—, деди тәкирарлап қыз тағы.

— Кел, енди айтайын. Омарбай мени ериксиз ертең Хожелиге жиберейин деп атыр. Сени көрмей қалай кетер екенмен деп ниетленип шығып едим, тилегим қабыл екен, тап усы жерде дусласканымызға қара!—деди, жаңағы сөзин тәкирарлап.

— Бағанадан бери солай дейғойсаң боладығой, қашан қайтып келесең?

—„Жүреримди жол билсин, конарымды ел билсин“ деген екен бир жолаўшы биреўге. Сол айтқандай қашан келеримди хожайынның тапсырығын орынлаўым биледи, жумысым бүгин питсе бүгин, ертең питсе ертең қайтаман, ўақты хошлық пенен көрискеймиз!

— Сапарға шығар жигиттиң жоллығы болмайма екен онда?

Жолың болсын!—деди қыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Илая әўмийин, айтқаның келсин! Сизге жоллық бермей кетиўге болама, өзимде соны айтар деп едим-аў!

Жигит бешпентиниң кисесинен шынжыр шытақлы, периўза қаслы қос сырғаны шығарып: „мине сизге жоллық;,“ деп оның қолына услатты. Қыз шытақлары сылдыраған әжайып сырғаны қулақларына салып еди, сол ўақытта ҳәр муқамға дөнген сырға шытақлары сылдырлап бир әжайып түр берди.

— Жарасама?—деди қыз, жигитке ырза болған пишинде.

— Жарасқанда қандай. Базаргүлмисең, я доланған ҳүрлердиң ҳүримисең?!—деди жигит, қызды ериксиз қушақлап, оның бетлеринен тағы да сүйип алғанын билмей қалды.

— Қәне, бунық пайғазысында бер, ақыр!—деди қыз.

Қылышбай қызды тағы қушақлап, баўырына басты, бетлеринен сүйип-сүйип, додақларын сорды.

— Усыдан артық пайғазы болама?, қалған пайғазың мен қайтып келген соң болады!... Саўлық болса, талай пайғазыларды сениң жолыңа сыйлық етип арнарман.

## ОН БИРИНШИ БАП

Аспан әлемин қаплаған булт күн батыс тәрепке жылысты. Жырым-жырым шыққанлары қуяшты қаншама қызғанып бетин қаплайман десе де ыдырап кетип атыр. Оларды шамал желкесинен ийтерип қуўып салады. Бирақ, топырағы қурғақланған майданларда ала буркан шаңғыт жарқырай баслаған қуяштың нурын кирлендирмекши болады. Тәбияттың басқа қубылыслары да өз гезеги менен түрли муқамға дөнеди.

Көшеде қыбырлаған жан, ҳәркимде бир тиришилик, күн көриў ҳәрекети. Бәҳәрги күнлер. Темиршилер бел, кетпен соғып, күни бойы сандалларын сабалайды, кәр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ретлер соққан гүнде-маласын үй есиклериниң алдына дизбеклейди. Ҳаммаллар қап-қанар арқалап, өрден ыққа жортады. Байлар мың-мыңлаған мүтәж мусапырлардың қанын сүликтей сорып, дүньясына—дүнья, малына—мал қосыўдың ғамында.

Биймара Базаргүлдиң әжагасы да күни-түни арба айдап, байдың хызмети менен әўере. Ол қарындасын Омарбайдың айттырып, қуда түсежағынан хабарсыз. Базаргүл болса, Сәнемниң: „ҳә, бәлє! Қылышбай ағам саған ашық қусайды?"—деп дегишип ҳәзиллескени ядында. Бирақ:" Хан ҳәш кимниң ықтиярына қарамай, елден сулыў қызларды жыйнап алдырады екен, ал елатларға жасырын жансыз жиберипти, деген сумлықлы хабарларда қулағын шыңлатады, „жансызлар, бизиң жақларға да келип қалмаса болар еди, кудайым өзиң сақлай гөр, егер ырас болса, ол да журтқа дарыған тағы бир апатғой!„—деп, өзинен-өзи қатты кәўипсинип, тек Қылышбайға ғана арқа сүйер еди.„Аўыл-елге қашан келип қуўысар екен, тезирек аман-саў келгейдағы" дей беретуғын Базаргүл, Қылышбайды жатса да, турса да айта беретуғын болды.

Базаргүл Қылышбайды ҳәм өз тәғдирин көзиниң алдында елеслетер екен, сол ўақта қоңсысы үш-төрт қыз қурдаслары да оған келип қосылды. Олар Сәнемге қурдас. Қызлардың келгендеги бириниң сылтаўы диийирман, тағы биреўлериниң сылтаўы күндеги әдетинше кеширек таман жәмлесип суўға барыў болды. Қызлардың келгени Сәнемге де, Базаргүлге де макул түсти. Базаргүл жип ийирип атырған тәрепдени туўармакшы, қурдасларына чай менен болса да хызмет етпекши болды да, оларды тәренде қурылған үйден өжиреге мирәт етти.

Биреўлери асығыс жумысы бар екенин сылтаўлайды. Бирақ қаншама асығыспыз деген менен қызлардың әри-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бериде козғалажақ түри жоқ. Биреўлериниң ишине сыймай баратырған гәп-сөзи де бар көринеди, бирак, көпшиликке айтыўдан сескенеди, баска биреўлериде өкпе-гийнеси бардай сазарыңқы.

— Ҳаў, қызлар, келгениңиз келген-күтә жақсы! бул не, чай-пайда ишпейсиз, деп тулланып қата қалдыңыз! „Сөз—сөзден шығады, сөйлемесең неден шығады, сөз—пияздың қабағы, сөйлесең зейниң ашылады“, деген екен, ҳәш болмаса оннан-буннан гәп қозғап отырыңлар!—деди Базаргүл, сөз қозғамақшы болып. „Пай, өзиңде бәлесең-аў!“, деп қызлар сөзге шыдамай күлип жиберди.

— Бәлки бизлердиң аўзымызды ийискемекши шығарсызлар!,— деди Сәнем,—ямаса не, үниңизди ишиңизге тартып сазара қалдыңызлар?

Қызларға Сәнемниң сөзи өткен болса керек, бир қыз касы-қабағын шыйырып сөзге киристи.

—„Билмедик елиңниң сырын, жедик алақшынның қырын“ деген екен, қасыңызға келмей атырып түўе тумлы-тусымыздан талай калдыңызғой! Аман-түўел сорасып алайықта бир!, Гәп сөз керек болса басыңыздан үйейик!...

Келиў пәтке сөз айтып, тис жарыўға тартынып отырған қызлар көкейине сөз өтип баратырған соң кеўил сырларының сандық төрлерин ақтарып, ашылыспаға қарады.

—Ҳал-жағдайларыңыз қалай, еситкен-билгенлериңизден не гәп, не гүрриңлериңиз бар,—деди. Нурлы деген қыз сөзин даўам етип, -кудаймымның өзи сақлай гөрсин, жақыннан бери әжеп-тәўир сыпсың сөзлер көбейди, еситкен нашар баласының зәрресин ушыратуғын гәп! Кең узын көйлегиниң жеңин түрип, жайғасып отырды да:—бул ырас нәрсе болса, бизлердей пақыр-

пуқаралар не илəж етер екен?—деп қатты суўық демин алды.

Нурлының сөзине қызлардың гейбиреўлери аң-таңы шығып, оның сөзине қулақ салды.—„Ҳей пақырай, буның да бир нəрседен хабары бар қусайды“ деди Сəнем өзине-өзи.

Нурлы сөзин даўам етти.

—„Хатынлар“!, мени кемситкенше, ҳа қуда, тоба дең! Испандияр хан елден қыз жыйнатып алайын деп атырған қусайды, маған күлгенше ханға əжел-мугаллақ тилең, басларыңыздың бəледен аман қалыўын тилең!-деди ол.

Қызлардың төбесине қайнаған суў қуйғандай тула бойы түршигип:

—Өйбей, ханның көзине қан толған екен, мынаўсы не деген сумлық еди-əй!—дегенлерин олар билмей де қалды.

—Не дейтуғыны бар, хан қарақаптал болып аўырыпты, оны хан сорамындағы ҳеш бир тəўип жазалмапты. Соннан соң бир тəўип ханға „ел-журтыңнан қырық сулыў қыз жыйнатып алсаң, солар менен заўқы-сапа сүрсең, сонда аўырыўыңнан жақсы боласаң,“ депти. Соннан соң хан жаўшы кемпирлериниң ҳəммесин елме-ел сулыў қыз излеўге жасырын түрде жиберипти. Хожели, Гөне əтирапындағы аўыл-еллерден бирнеше қызларды ханға алып та барыпты деседи, деди.

Қызлар бозарып бетиниң қаны қашып кетти. Тек Базаргүл менен Сəнем сыр бермейди. Нурлы сөзин күйип-писип, тез-тез айтып, қалтыраныи жəн-жағына қарап қояды.

Үйинде тақаты болмай, Сəнемниң анықламақшы болғаны да, оңатайында Базаргүлдиң үйине келгениниң мəниси де усы еди. Егер бул ҳəдийседен Базар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүлдиң де хабары бар болса не илаж, қалай етиўге ақылласыў еди. Ол Базаргүлдиң аўызын енди ийиске-лемекши болып, гәптиң ушын шығараман дегенше Базаргүлдиң қасындағы басқа қурдас қызлары да сөзге қосылды.

—Ҳей, қызлар!—деди Базаргүл,—„қулақ еситкенди көз көреди“ Нурлының айтып отырған сөзиниң жөни-бар, оны мен де еситтим. Қудайталаның өзи сақласын!

## ОН ЕКИНШИ БАП

Омарбайдың жатса уйқысы, отырса тынышы бол-мады. Қасты-ғәрези араға кәтқуда салып, дәрҳал қуда түсиўге асықтыда, өзиниң түшкиригине „я раҳим алла!“ дейтуғын кәтқуда сымақларды Мусет шаршы-ның қызы Базаргүлге қуда түсиў мәсләҳәтине асығыс түрде шақырып алды. Кеңесиў мейлисинде кәтқуда-лардың ортасында қойған мәселеси Мүсет шаршының үйиндеги адамларын қандай жол менен болса да көн-дирип, „аўа, мақулға“ келтириў болды.

Шақырылған кәтқудалардың алдына мәселе тап усылайынша қойылды. Мәсләҳәтлесип отырғанда олар-дың биреўлери қызды кимге алажағын, болажақ күй-еўдиң аты-жөнин биле алмады. Баласына алатуғын болса еки улыны да ҳаял бала-шағасы бар, өзине ала-туғын ойы болса, оның жасы алпыслардан асқан, өкпеси сырылдаған шал, енди жас қызға үйлениў түўе төри-нен гөри жақын—деседи өзлеринше отырған адамлар ойланысып.

Ендиги сөз кимниң бас қуда болып барыўы, бери-летуғын қалыңмалдың шамасы ҳаққында болып, көп мәсләҳәттен кейин барып қызға берилетуғын қалың малдың шамасы да келисилди.

Биреў менен ҳәзиллесе де жекирине сөйлейтуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

кала ақсақалы болажақ күйеўдиң атын анықламақшы болды.

—Мен сизлерге айтайын, маған қараң мениң ойымша истиң бир тәрепи еле кам! Бай аға, қызды алатуғын ким?. Оның аты-жөни ким? Соны да билип алсақ деймен. Мысалы қуда түсип барып келип қалдың, қыздың үйи бизлерден күйеў болыўшының ким екенин сорастырып келип қалса, оны биз билмеймиз деп бирбиримизге қарап ҳайран болып келип қалсақ бетимиз қызарып, лал болып турмайық!—деди.

Қәтқудалар сөзинен иркилип байға жалт етип қарады да оның бул сораўға өзи жуўап бергенин күтти.

—Мен жаңа айтып жүргеним жоқ. Қудай тааламның бергенине шүкир, дүнья-малым, дәўлетимниң арқасында, өмиримниң ақырына дейин шалқыйжақпан, жасыратуғыны жоқ. несин болса Мүсет шаршы дегенниң қызын мал-дүньяның жүзине қарамай өзим алажақпан! Сорайтуғынлар болса, болажақ күйеў—мен!—деди бай, көкирегине қолын қойып өзин нусқады.

Кәтқудалар бир-бирине қарап, билинер-билинбес муртынан мырс етип қойды.

—Дурыс айтасыз, бай аға, ким де болса сизге қызын береди, оң болсын!—дести отырғанлар байдың сөзин жөнлеп сөйлеп.

—Әне, ағабеглер, ендиги гәп сизлерде! Мақсетим бәржай болса, хызметлериңизди жерде қалдырмайман, кәлеген сарпайыңыз таяр!. Бай усыларды айтып мәсләҳәтшилерге қарады.

Бай аўзын толтырып, кәтқудалардың алдында шалқый баслады. Қуда түсиўге баратуғын кәтқудалардың алдына төрт-бес теңгеден инам қойды. Қанша қалыңмал сораса да ҳәзир десе ҳәзир, санап дәрҳал өткериўге бай ўәде берди.

... Мүсет шаршының үйи. Топарласып кирип кел-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген адамларды отырғызыўға жер таба алмай атыр. Ораздың келиншеги келген адамларға төсек төсеп, дәстурхан жайды, дүмше қайнатып ҳәр қайсысының алдына бир бир чайнек көк чай қойды. Ораз үйине келген мийманлардың биреўлерин күнде көрип жүрген каланың белгили адамларына усатты. „Не ушын, неге келди екен, булардың арасында жағын жеген ақсакалсымақлар да барғой, парахатшылық па, өзи!" деген сораў Оразды ойландырды

Чай менен бәнт болып отырған қала ақсақалы келген жумысынан сөз баслады.

—Жас жигит,—деди, ол,—бизлер сизиң кәдирли есигиңизге жақсы нийет пенен келип отырмыз. Кемпирғаррылары да үйде екен, күта жақсы болды. Нашарды күйеўге бериў, қыз айттырыў бурыннан киятырған ата-бабаның дәстүри. Солай болса, елдиң дәстүри деп қарындасыңды айттырып келдик, аўа, мақул десең мойныңдағы парызыңды атқарасаң, саўапқа дақыл боласаң! Ақсақал қасындағы адамларға „меники дурыс емеспе", дегендей „не дейсиз?„—деп тәкирарлады да, Оразға қарады.

— Ақсақал аға дурыс айтады, нашарды орынлы жерине ертерек берген жақсы болады,—деди кәтқудалардың арасынан биреў, ақсақалдың сөзин мақуллап.

Ораз қолына услаған қамыс қыяқ пенен жер шуқылап, биразға шекем ойланып отырды да, басын көтерип, қолындағы қиякты ошаққа таслады. Адамлардың ким ушын қуда түсип келгенин билгиси келген ол:

—Келгенлериңиз жүдә жақсы, бирақ қарындасым еле жас,—деди.

—Бизлердиң билиўимизге қарағанда қыз ер жетип қалған қусайды,—деди ақсақал.

— Жас емей не, жаңа онбес жасы толып, он алты жасқа қарады,—деди Ораз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ўә, он алты жасқа шыққан нашар жас болама, әйне, ўақты! Ҳей иним! Сен ким менен қуда болайын деп отырғаныңды билмей отырсаңба өзиң, оннанша аўа, мақул де! Өмиринше май шайнайсаң, Омарбай сыяқлы адам менен анаў-мынаў киси қуда-қудағай бола алмайды, сен оны бил—деди ақсақал ғоддасланып.

—Не дедиңиз аға? Айтып отырғаныңыз анаў, мениң әкем менен қатар киси ме? Жигит иренжип қалды.— Мени қыйнамаң, ол деўлетли екен деп дәўлетине қызығып, соған усаған алжыған шалға гүлдей қарындасымды беремен бе? Жоқ, көзиниң жасына қалғандай шамам жоқ, әўере болмасын!,—деди Ораз, наразы болып.

Ақсақаллар Оразға дәпинип, абай етиўге қарады:

—Оншама ширене берип, сен кимсең, ким менен сөйлесип, ким менен өршелесип отырсаң? Қасарыса берсең бизден жақсылық күтпе, берсең қолыңнан, бермесең жолыңнан!. Сонда не келеди қолыңнан?! —деп дәпинди ақсақал.

—Аспанның өресин үстиме тайдырып жиберсе де дегеним деген!—деди Ораз.

Оразды көндире алмаған кәткудалар Мүсеттиң басын айландырып, қалың малға көп мал-дүнья ўәде етти, сөз арғы басы алпыс туўар мал бериўге шекем барды. Ораздың әке-шешеси қайыл болмақшы еди, бирақта Ораз өз сөзинде турды. Ал әке-шешеси менен де, кәткудалар менен де жәнжел-гаўға шийеленисти, ҳәтте, әке-шешеси жаңғыз улын қарғап бәлеғатласа да, қарындасы ушын басына түсетуғын ҳәр қандай аўырманлыққа өзиниң таяр екенин билдирди. Қала ақсақалы Оразға:

—Рас, айтқанға көнбедиң, исиңди қыламан! Көзиңниң отын орнына салғанымды көре қал!

Қудалар нан аўыз тийместен өрре түргелисти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОН УШИНШИ БАП

Қыс айларының бири. Ҳаўа бузылып, гә ызғырық гә үргин қар аралас боран көтериледи. Бүгин күн кешегиден де суўық. Кеше күни менен ҳәм түн бойына борап жаўған үргин қар, есиклери көшеге қараған үйлердиң алдын қаплап көмип таслаған, үй ийелериниң қолларында бел менен тақтайдан исленген гүрек, шат сипсе, ҳәмме адамларда қарды артып, биреўлери үйлеринен көшеге шекем соқпақ жол ашыў ҳәрекетинде. Базаргүлден тиси қайтып ашыў менен бас салып тоқаллыққа алған Омарбайдың соңғы ҳаялы да кеше ғана түскенине қарамастан абысынларына жағыныў ушын ба әйтеўир үстине кийген гөнелеў кийиминиң сыртынан белин шомдай етип буўып алып, олда байдың малайларына араласа ҳәўли дөгерегиндеги қарларды қолындағы тақтай гүрек пенен бир оңға, бир сол тәрепине ирейди, азанғы шымыры аяз оның жуқа кийиминен өтип, гейде денесин дир-дир қалтыратып қояды.

Келиншек жуқа жүзли, арықлаў болса да көрер көзге унамлы сезиледи, жарлы үйден шыққан. „Байдың үйине келин болып түссе ҳеш нәрсеге зар болмас", „Бал тутқан бармағын жалайды", бәлки бизлерге де қолының ушын созып турар" деген нийет пенен әке-шешеси оны Омарбайға узатып жиберди.

Келиншектиң турпаты нәзиклеў болған менен ис ҳәрекети шаққан, өз исине пысық. Бирақ соңында абысынлары оны жақтырмай, орынлы-орынсыз кейий берегуғын әдетти шығарды, байға жаманлап: „мынаў шошаңлаған бәле кем-кемнен ийбениў, тартыныў дегенди билмей баратыр, бир нәрсе десең „бәж!" ете қалады" дей беретуғын болды.

„Үлкен қатынларының сөзине ерген бай бир күни келиншегине дәпинип, оны урмақшы болып жудыры-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын ала умтылған еди, келиншекте жудырығына түпирди:

—Ҳо, тутыўсыз үйдиң белдеўиндей соррыйған шиpкин, не гүнам бар, кәне, қолыңды тийгизип көрши!- деди де қолындағы сипсесин қарсы көтерип байдың әнтек-тәнтегин шығарды.—Көп болса мени саған қатынларың жаманлаған шығар, менде оннан хабарсыз емеспен, олардың небир-небир қылўа, азапларын иши-ме сыйдыра-сыйдыра болдым, ой албаслы, сениң менен қудайдың салғанын көрейин усы!

Қанасына сыймай, бөртинген бай „әкең... анаңнан“ „басқа ҳеш нәрсе айта алмады, тили буратылды да алқымы тығылып, тутлығып қалды. Қасында боран турғызып атырған жас ҳаялға батына алмаған байға үлкен ҳаялы:

— Тек маған ғана тисиң нәкидей, адасқан дәўдей болып, қырғыштай шаядан айбынғанша өлеғал!—деди, ғыжақлаған болып.

—Ҳәр ким өз тасына багпан, жазықсыздан-жазықсыз ақырет көргим келмейди, тилимди тартатуғын жерим қалған жоқ!—деди келиншек.

Әдетте Омарбай саўда-сатлығы болынқырамай калған күнлерде оның ашыўын үйинен алыўға, есигиндеги малайлағына зәҳәрин жайып, оларды сөгип орынлы-орынсыз азап бериўге әдетленип қалған. Өткен қала күнги саўда-сатлығының оңлы болмаған ашыўын есигиндеги дийханларынан алмақшы болады ма, әйтеўир қала беттен киятырып, үйиниң босағасынан атлар•атламастан-ақ,—„ҳарам тамақлар, ҳәўли әтирапын-да артып-тазалап қояйын демейди, доңызлар түўе„,— деп ҳәр кимге алып-умтыла берген еди. Байының минез-қулқын сезип қалған генже ҳаялы өзиниң үйиндеги үрдиси бойынша ҳәўли әтирапын сыпырып, шөпшарын тазалаўға кирисип кетти. Бирақ қандай қол жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мысын ислесе де бунының алды менен шеп қолы ҳәрекет етер, қазан-табаққа араласқанда да қасық шөмишке де шеп қолын жуўыртқанын сезбей қалып, үлкен абысынларынан:—жер жутқыр, сен терис аяқ келгели казан-табағымның берекети кашты, қасық-табағымды оңына тутып-усла!, „депте кейиди. Бүгин ҳәўли әтирапындағы шөп-шарды сыйырып-сыпырғанда да шеп қолы менен көбирек ҳәрекет еткен еди. Сонлықтан да ол шебекей келин атанды, қоңсылары да оны Омарбайдың шебекей келиншеги, дейди.

—Ақыр заманның белгиси усы, ҳаялы байына таяқ алып умтылды деген не сумлық! „Балшүбек“[1] деген „бәле“ шығыпты, аўлағаны байлар қусайды, елди гилең „жалаңаяқлар“сорайды-мыс, ҳаял-қызлар келте көйлек кийип, басыңа мәтибий болады мыс деседи, бәлки бизиң сүйиклиниң де соннан хабары бар шығар, ўай, тәўбе!—деди қатты өкинген бай.

Омарбайдың „Балшүбек“ деген сөзин қулағы шалып кеткен бәйбишеси:

—Ҳа, киси-аў, әне бир сөзиң қалай-қалай өзи?! Не дедиң сен!...—деп сорады таңланып.

—Аўа, өңмениңе ништер суғатуғын ҳәрре! Сизлерге келте ыштан-көйлек кийгизип, елди бийлетеди, байларына мәтибий етип қояды-мыс, бизлер сизлердиң алдыңызға дизе бүгип, арыз етиўге барады екенбис...—деп бай ҳаялына мысқыллаған көзи менен қарап, мыйық тартты.

Байдың бәйбишеси ериксиз күлип жиберди.

—Бир кемисимиз сол еди, ал „Балшүбеги“ неси?,—деди ҳаял бурынғы сөзин тәкирарлап.

—Басымды көп аўыртпа! Айттым ғой, сизлерге кел-

---

[1] Балшүбек—Большевик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

те көйлек-дамбал кийгизетуғын, байлардың басына бәле болып жабысатуғында усы „Балшүбек“ деген нәрсе усайды. Бәлки, бизиң „сүйгиликтиң де„ қулағы шалып, елден-ақ қыр көрсетип жүргени сол шығар!..

—Әйтеўирде аўзыңды аштырмайды. Бир бәлеси болған соң бир нәрсе десең бажылдап бетиңнен ала беретуғынды шығарды-аў!

—Ҳей ағасы, байларды... бир нәрсе дедиң бе?

—Ҳәй бир мыж-мыж екенсең ғой өзиң! Усы „Балшүбек“ деген гилең жалаң аяқлардың басын қурап, байлардың мал-мүлкин соларға талатады, заводларын қазнаға салады, дүнья-малымызды тартып алып, сениң менен мени айдап жибереди,—деседи, енди түсиндиң бе?—деди бай ҳаялына пәтленип сөйлеп.—Еле несин көрипсең, „Лийлин“[1] деген де бар деседи!

„—Лийлини“ неси тағы? Кәмпит пе?

—Аўа саған, жерсең, тислериңди қағып алатуғын „Лийлин“ деседи, дуйым „жалаңаяқларға ақыл берип, оларды патшаға, байларға қарсы көтерип атырған „Лийлин“ деген киси деседи. Өз ишиндеги „жалаңаяқлардың„ да ҳәкисленип жүргени соның кесапаты болса меннен көрме?—деди бай аўыр гүрсинип, қулағың менен еситкениңди көзиңниң көриўинде итимал! Ҳаял индемей қатып қалды.

„Балшүбек“ аўазасы қаланың басқа байларында аўыра сарсаң етти.

## ОН ТӨРТИНШИ БАП

—Жансыз келди, жансыз! Өйбей, енди не қыламыз?!—деди, есиктен сыртқа шықпақшы болған бир қыз

---

[1]. Лийлин—Ленин дегенлери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қапыны аша берип, оны ҳаўлығып қайта жапты. Басын ишкериге тартқан оның көзлери аларып, жуқа еринлери көгисленди, ийеклери қалш-қалш егип қалтырады. Ғарры маманың қуўарған жақлары, ийеклери қалш-қалш етип, үңирейген көзлери көзине түскенде оны, ханның қыз излетип жиберген жансызы усы шығар деп қорқып кетти.

—Өйбей! Қандай нәрсе өзи? Адам ба, шайтан ба!, деди қызлар ҳәммеси орынларынан өрре турып.— Маңлайымыз қурып, ханның жиберген жансызы болып журмесе болар еди-әй! Бир-еки қыз қуўыс-қолтыққа, сандық артына жасырынбақшы болып,өрден-ыққа урынып атырғанда таяғын белине шалған бир кемпир қызлар отырған жайға кирип келди, сол мәҳәлде қызлардың үрейи оннан да бетер ушып кетти.

—Жансыз, Сейтнияз ҳәммалдың үйин билетуғын болғанлықтан ара-тура келипте туратуғын еди. Ҳәркимҳәркимнен сорастыра жүрип, Мүсет шаршының Сейтниязға қоңсы екенин де билип алған. Нем кетипти, деген ой менен Сейтнияздың үйине бурылған ол, сол орамдағы қызлар топарының да үстине келип түсти.

Қызлардың бираздан берги гәп-сөзи ханның жансызлары ҳаққында болғанлықтан бул кемпирде солардың бириме, деп қорықса да соңында, Базаргүлге таныс екен деп арқайын болды.

Тыншы кемпир Сәнемниң қасына отырды да, күлимсиреп, дөгерегиндеги қызларға көз шарлады. Омарбайдың айтқан қызы да усы қызлардың арасынан табылар дегендей, ҳәр қыздың бетине қайта-қайта қарай берди. Ҳәр нәрсени бир айтып, жөгнсирейди.

—Қызларым!—деди тыңшы кемпир, жыллы тили менен,—жолым түсип, усы үйдиң кемпирин көре кетейин деп бурылғаным. Мениң бахытыма олда үйинде жоқ қусайма, қалай?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жансыз кемпирдиң келгенин ишинен жақтырмасада Сәнем оған жорғаға былай деди:

—Келгениңиз жақсы, көретуғын кемпириңиз ҳәзир келип қалар, отырыңыз, чай қайнатайын,

—Тәңир жарылқасын, қызым!—деди. Биракта кемпир я чай ишемен, я ишпеймен демеди.

—Қызым, атыңды умытып турман, деди соңынан.

— Атым Базаргүл,—деди ол.

— Бәрекелла, бахытлы бол, өзимде усы үйдиң қызы шығарсаң деп ойлап едим-аў, көзим шалыңқырамай турып еди. Кемпир жөгисиреп сөйлеп атыр.

— Сениң атың ким?—жансыз шетиректе отырған қыздан сорады.

— Жәмийла.

— Кимниң қызысаң?

— Усы жерде Зияўатдийн дегенниң қызыман.

— Сениң атың ше? Оның қасындағы қыздан да сорады.

— Мениң атым Несибели.

Кемпир қуўанды. „Кудай көктен тилегенимди жерден жеткерди, излегеним усы кәрадан-ақ табылды". Не деген менен қызлар тыңшы кемпирден сескенсе керек, бираздан кейин үйлерине тарқасты.

Базаргүлге қолы жетпей қалған соң Омарбай қатты қәҳәрге минип, оны сулыў қыз излеген хан тыңшыларының қулағына да жеткерген еди. Мине енди бул кемпирдиң ханның жәлладлары тәрепинен ел арасына жиберилгени Омарбайға қолай түсти.

## ОН БЕСИНШИ БАП

Қуяш жарқырап, аспан бултсыз болған менен гүзги салқын тәниңди түршиктиреди. Қылышбайдың ағайыни Турымбет те күн суўық болғаны ушын егинин суўық



www.ziyouz.com kutubxonasi

урмады ма деп қәўипсине баслады. Еси-дәрти егининде, тәнине тийген шымыры салқын менен де иси болмады. „Күнниң түри жаманғой, қыраў да түскен бе, қалай, маңлайымдағы бир атызды да қудай маған көпсинип, алып коймаса болар еди!“ деп тула бойын уўайым-қайғы кернеп киятыр.

Күнниң түнги ҳәм таң азанғы аязынан сескенген басқа қоңсы аўылдың дийханлары да егинлерин көриў ушын атызларын араламаға келипти. Олар да атызларының ол шети менен бул шетине шығып, Турымбет сыяклы суўық урып кеткен егинине жаны ашып, күйип-писип жүр.

Турымбеттиң жүреги музда-суў. Қысқы напақа болар деп исенген егинин суўық урып кеткени, жанына қатты батты. „Бул калай болды?“ деп жүўери басларын қайта-кайта услап көреди. „ырасы менен напақасыз қалдым ба? Бул не деген бахты қарашылық?“ деп жүўери атызының гә ол шетине, гә бул шетине шығады, үўҳлеп суўық демин алады.

Турымбет өзиниң егинине шеллес адамның егинине де көз таслады. Қыраў оларды да жымпыйтып кетипти.

„Аўылымыздағы сорлылардың ҳәммесинде зар қақсатқан екенсең ғой, енди ги ҳалымыз не кешеди, рәҳимсиз аллам!“

Шел үстинде ҳайран болып отырган Турымбеттиң ойын өзине қарсы ыңыранып киятырған адамның „Турымбет, ҳа Турымбет сенбисең?“ деген даўысы бөлип жиберди.

— Маңлайымыз қурып, быйыл да напақадан журдай болыппыз, не карғысқа ушырадық!—деди жаңағы адам алаканында уўаланған жүўериниң кепегин суўырып.

Еки сорлы атыз басында зарын айтысып, көп ўа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қытқа шекем отырды. Егинлерин аралап көрип жүрген басқа дийханлар да көз ушынан көринеди. Бизлердей болып соры қурып қалғанлар көп екен,—деди. Турымбет--ашаршылықтың басы болмағай!

* * *

Салғырттың саўдасы еле ада болар емес. „Шаңарақ салғыртынан енди қутылып болдық-аў“ дегенде апаттай дарыған „патша салғырты“ тап болды.

„Хан ел аралап шығыпты, кембағал адамларға салғырттан кеширим береди екен“ болып таралды. „А, қудай! Хақ жарылқап, ханымыздың аш пуқараларға раҳийми түсипти“ деп, көп бийшаралардың қуўанышы қойнына сыймады. Бирақ хан метериниң ел аралағандағы мақсети—қаллашлардың қайғысы емес, өнбей атырған салғыртларды халықтан қандай жол менен болса да өндириў ҳаққында ойлады. Ханның жасаўылы—ўәзирлериниң ел аралайтуғынынан Қылышбайда хабардар еди, ол аўыл қаллашлары арасына ўәзирлерден бурын келип, оларға тилеклерден нәтийже болмайтуғынын түсиндирген болса да, бирақ,“ биргелле буны да бир көриў керек. „Жатып қалғанша—атып қал!“, хан ўәзирлери қандай“ раҳийм“ етер екен, деди де қаллашлар арасында болды. Аўыл адамлары менен араласа атларына қамшы басып киятырған ўәзирлердиң жолына қарай бет алды.

Хан ўәзирлерин ай күткендей жол үстинде қалтырасып жол тосып турған аўыл адамларынан биреўи басындағы қурашын күнге қамасып турған көзине жарым-жарты етип қаплады да:

— Ал, таяр болыңлар, анаў шаңғыт хан атлыларының шаңғыты қусайды!—деди де, өзин қасында турған адамлардың арасына урды. Ҳә демей атлы топар



www.ziyouz.com kutubxonasi

көтерилген шаңға араласа аўыл шетине жақынлап қалды. Оларды шуўылдаған ийтлер ҳабалап, адамлардан бурын қарсы алдына шықты да, ат тирсеклерине жабысып қасарысып келе берди.

— Тақсыр, жасаўыл басы!—деди мегер қолын шошайтып,—мынаў, жол шетиндеги үйлердиң биринде той барма деймен, көп адамлар көринедиғой?! Жасаўыл басы мыйығынан күлимсиреди.

— Метер жан, сиз көрмеген қусайсыз!—деди жасаўыл басы,—қарақалпақлар салғырттан, закеттан қысылса, ямаса бийлердиң қысқысына шыдамаса ел аралаған ханның алдына арыз айтыўға усындай жол тосып шығатуғын әдети бар. Мынаў жол бойында турған қалайықта соннан аман емес!...

— Сонда хан ҳәзиретимиз алдынан шыққан ҳәмме пуқарасын салғырттан азат ететуғын ба еди? Ямаса...

— Ўаҳ метер жан! Баланың гәпин айтасыз-аў! Ханның алдына арыз айтқан сан мың қарақалпақ шығады, ҳәммесин салғырттан қутқара берсе, ханзадалар, мысалы, сиз, мен не менен тиришилик етемиз, соны ойламайсыз ба ақыры?

Метер атының жылаўын тартып:

— Егер, сондай болганда бизлер гой хан емеспиз, ўәзирлеримиз,—деди ол.—Хан ҳәзиретке айтқан арызларын бул адамлар бизлерге айтағойса не дермиз?

— Бул салғырт сондай қатты,—деди жасаўыл басы, салдамлы етип—салғырттан кимди қутқарыў, кимди қутқармаў жөнинде хан ҳәзирет ҳеш нәрсе айтпады. Сонлықтан қалай етсек те өндирмесек болмайды. Кешиктире берсек, хан ҳәзиретимиз алдында гүнәка болып қалармыз...

— Соны айтың! Бизлер келгели бери әдеўир ўақыт өтти. Салғырттың өниўиниң мәниси жоқ, сиз айтқан дай, хан ҳәзиретимиздиң буйрығы бәржай етилмей



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалып, алдында масқарамыз шықпаса болар еди! Бул қалай болды, дегендей, метер де, жасаўыл басы да аўыр гүрсинди.

— Солай екен, усы салғырт мәселесинде ҳеш кимге, ҳеш бир рәҳийм болмаўы тийис. „Қамысты бос тутсаң қолыңды қыяды".—деген емес пе?!... Топырлаған ат туякларының тасырлысы жасаўыл басының тағы да айтажақ сөзин бөлип қойды. Ўәзирлердиң ат үстиндеги ойласығы бираз ға шекем үнсиз қалды.

Ашшы аяз адамлардың денесин түршиктирип баратыр. Ат үстинде жол тартып киятырған жолаўшыларды да күн аязы безиктирдиме, атларға үсти-үстине қамшы тартылды. Қамшының зарпына шыдамаған шәпени атлар зытқып кетти. Бедеўлери пысқырған жолаўшылардың алды жол бойында турған қалайықтың қасына келип жетсе де ўәзирлер еле алысырақта.

Жол бойында қалайыққа бет алған жасаўыллардың биреўлери бийдиң ат қосшыларына ерип, аўыл ортасындағы гүмбирлеген отаўлары қатар дизилген аўыл байларының үйлерине қарай атларының басын бурды.

Жол тосып турған бийшаралар, жасаўыллар өзлерине қарап атларын бурғанда, „әне хан-ҳәзирет киятыр, мынаў атлылардың арасында" деп ойлаған еди. Бирақ жаңағы ат қосшылар жасаўыллар болып шықты да, олар келгенде тым-тырыс болған қалайық: „Хан енди келеди, анаў көз ушында киятырған солар" деп жабырласа кетти. Жасаўыллар аўыл байларының үйи жағына бурылғанда Қылышбай:

— Анаў көринген қара—хан атлылары. Хан қасымызға келип қалды, айбынып жүрмең деймен, қайта ҳәммең бир жерде беккем турып алың!—деди.

— Хан бизлердиң қасымызда тоқтар дейсең бе,— деди биреў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тоқтамаса алдын тосып тура қалайық,—деди екинши адам.

— Қылышбай деген улымызды басшы етип, хан алдына шығып отырмыз. Хан ендиги арзымызды итибарға алмаса, олардың мийман болып атырған үйинде арызды я әри, я бери қылыў керек,—деди.

Ол сөзин айтып боламан дегенше ўәзирлер қалайықтан он-онбес адымдай алысырақта жол тосып турған аўыл қаллашларына жақын келип қалды. Сол ўақытта аўыл қарнялары орнынан қозғалды, ҳәмме типтик турған жеринде тусына келеберген хан ўәзирлерине ийилип сәлем берди де, бойын тикледи.

Метер тәжим берген аўыл қаллашларын көрип, аңтаң болды да, „бул неси“ дегендей, қасындағы жасаўыл басыға қарады.

— Әне, аўырманлық түсе ғойса,—деди жасаўыл басы,—қарақалпақлар ханның алдына кеширим сорап шығады,—деп сизге айтып едим ғой, мынаў турған қалайық тап соның өзи!...

Жеңил минезли метер тақымындағы тебингини каттырақ теўип, атын бир-еки қамшылады, қасында киятырған жасаўыл басыдан озып шеткерирек шықты да, жол тосып турған аўыл қаллашларына қарап тартты.

„Алдына шығып, жол тосып турғанымыздың мәнисин ханымыз биледи ғой“, деп әдеп-икирамын бузбай турған қаллашлар төрелерден жуўап күтпекте еди. Олар белин толтырып буўған түрме белбеўине киямай етип өгкерип қойған ақ сүйек саплы пышағынан басқа қуралы болмаған бул адамды хан деп ойлады. Оған ҳәммеси ийилип жаңадан тәжим қылды. Бирақ алағайым метер өзине арыз етип турған аўыл қаллашларының алдында жалатайларша ўарсақылық етип, датқашылардың не себепли жол тосып турғанына итибар бермеди, ҳәр кимге алып топылыў менен болды. Дий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

канлардың биреўлери: „хан да усындай болама екен?“ деп таңланды.

— Тақсыр! „Бас кеспек болса да, тил кеспек жоқ“ деген, —деди Қылышбай. Метер Қылыштың сөзине: „сен не деп турсаң“ деп те қарамады. „Сизден күткен үмитимиз зор еди, пуқараларыңызға жөн-жосағыңызды да айтпадыңыз, қәне енди ҳалымыз не кешеди“, —деди және. Метерден бул сораўға да еле жуўап болмады.

— Уллы елдиң ийеси сиз—атамыз! —деди бир гарры, —не қыламан десеңиз де еркиңиз бар, бирақта халықтың күни—жер, ханның күни—халық, хан халықсыз, халық жерсиз жасай алмайды деген, мынаў аўыл-ел, халқы сизиң пуқараларыңыз, бизлер сол аўыл-елдеги гедей қаллашлар жер, суў салғырты деп бир төлеп, шаңарақ салғырты деп еки төлеп, зәкет деп тағы төлеп, бар-жоғымыздан айрылдық. Уллы патша ханымыз! Усы бәлелерден халық енди ғана „Үўҳ!“ деп демин алар-алмастан „патша салғырты“ деген бәле тап болды, —дести. Бирақ метер олардың тилегине „сенлер не деп турсыз“ деген де жоқ. Болмайды, деген мәни де қолын силикти де атының басын бурып, жасаўыл басылардың изинен ат қойып баратырғанда қақыраған тоны қаўдырлаған бир аўыл адамы метерден алдарақ кетип баратырған еди. Суўлыққа таслаған метердиң аты суўыққа шыдамай бүкшеңлеп баратырған мүсәпирди қаға жөнеди. Жолдан ҳә дегенде шыға алмаған бийшараны метер—қаш, былай! деп қамшы менен тартып жиберди. Сонда оның қаўдыраған тонының арқасы қақ жарылды, жүни тозғып сыртына шықты. Аттың пәти, қамшының зарпы менен жаңағы адам дүс-төмен қулады, басындағы курашы жерге жалп етти.

— Әне, тақсыр, ханымыздың жетим-жесирлерге еткен рәҳийми, —деди қамсығып ол. Метер атын шапқы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

латып өтип кетти. Қаллаш жығылған жеринен еки қолын тиренип, геўдесин зордан тикледи.

## ОН АЛТЫНШЫ БАП

Хан ўәзирлери қала ҳәкими менен Насыраддийин бийдиң отаўында. Жасаўыллар екинши отаўда. Отаўларға қонақ басқан беглердиң минип келген атлары жорға-жүрмел, гейбиреўлериники аргымақ бедеў. Астында бедеўи бар шәпени метер сыртынан қараганға ат шабатугын балаға мегзейтуғын еди.

Жука жүзли, шырт минезли бул метерди бедеўдиң соққысы ийжандай ийзеген, оның үстине узақ жолда қарсы алдынан урған ызғырықтың шымыры аязы метердиң бети-аўзын уўдай ашытады. Жол азары жанына батқан ол, Насыраддийн бийдиң қонаққа сойған соғымында жеўге шамасы келмей, отаўдың төринде дүстөмен жатқанынан ертеңине зордан турды. Бирақ, сонда да бурынғы кәддине келмеди.

Сол мәҳәлде отаўлардың сыртынан: „дат!“ деген әжептәўир ҳаял-еркек даўыслары еситтилди. Датлаўшылар топары ўәзирлер отырған отаўдың босағасы алдына келип, дыз шөкти де, ўәзирлерге тәңир сәлемлерин берип жүгинип тым-тырыс отыра кетти.

— „Арызың болса айт!“—деўге хан сарайы емес,— деди қала ҳәкими. Көкирегине түскен қалың қара сақалын оң қолы менен сыйпап,—бул жер Насыраддийн бийдиң отаўы. Хан ҳәзиретимиз болса Хийўада!...

Датқашылар отырған жеринен қозғалған жоқ.

— Ханымыз Хийўада болса—деди Қылышбай,—ханның қол-қанаты ўәзирлери мындасызлар. Арыз айтпақ бизиң менен, тыңламақ сизиң менен, үсти-үстине түскен салғырт пуқараларыңызды бар-жоғынан айырды. Басларын гиреўге салып, енди қутылдым дегенде „пат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ша салғырты" деген бәле тағы постырайын деп тур. Дәрьяның суўы кем болып, быйыл егин де болмай, пуқараларыңыз аш қалды!

Бул арыз усылайынша тағы тәкирарланды. Датқашылардың биреўлери оның сөзине араласты:

— Берекет тап, бала! Мине, ағалар, көтерип гөрге салғандай мынаў турысымыз. Бизлердей пақыр-пуқараларыңызға рәҳиймиңизди салсаңыз екен?...

Уәзирлер топары отырған отаўдың әтешханында жанып турған сазақ томар гулқаны кем-кемнен көтериледи, гейде жалыны қызыл-жасыл аралас дөнеди, дөгерегинде отырған адамларға ҳәўири урып, оларды кейин шегиндиреди. Әтешханның есик бетке қараған алақшыны қасында пайы ярым гездей шылым тур. Шылымнан берреги ректе қарны ақ темеки менен қампайған шанаш қалта жатыр. Шылымға да, темеки қалтаға да бес-алты дақыйқадан артық тыным жоқ.

Шегилген шылым түтини еле сөзин таўыспаған Қылышбайды шақалдырып, қаллашлардың арзы-ҳалын айтып болыўына ерик бермей қыйландырды.

— Пуқараларыңыздың ҳал-жағдайы усындай. Раҳийм етиңиз!—деди. Уәзирлерден датқашыларға еле берилген жуўап жоқ. Отаў алдында үймелесип отырған пақырлар „жарылқағайдағы қудайым?", не дер екен деп тыпыршылады ҳәм төрине қулақ тигеди. Әллен ўақта метер қалайыққа таңланған түрде көз қыйықлары менен қарады да:

— Ҳә адамлар! Халқыңыз аш, ашпыз дейбересизлер, сүтбурыш та таппайсызлар ма?!—деди. Метердиң „сүтбурышта таппайсызлар ма?" деген сөзи отырған қалайықты таңландырды.

Уәзирлер арасында, датқашылар арасында ериксиз күлки көтерилди.

Метер датқашылардың ермек еткен сөзине ашыў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланып, оларға алып умтылды ҳәм салықты төлеўди айтты:

— Бул патша ҳәзиретимиздиң салғырты, оны ҳеш ким бийкар ете алмайды,—деди де, шылымның найын үсти-үстине тартты. Қатты тартқанлықтан алқымына сыймаған түтин жөткирикке арпалыса аўзынан пәт пенен бурқырады. Ақырғы түтинди ишинен шығарып болып, „ҳеш ким де салғырттан қутқарылмайды, мал-мүлкин, көрпе-төсегин сатса да төлейди, кимде-ким төлемей, қыңырлық етсе, мал-мүлки патшалық болады, өзи ақ үйли етиледи. Сибирьге айдалады, буйрық сондай гәптиң болар жери усы!—деди метер, кәҳәрли түрде сөйлеп.

Пуқаралардың еки күни бойына хан ўәзирлерине еткен арызларынан нәтийже шықпады, хан ағаларынан күткен үмитлери үзилди, биразға шекем отырған орынларында димарсыз қалды. Қылышбай тағы сөзге араласты:

— Ел-журтымыздың ийелери! Бийшаралардың ҳалы енди не кешеди, усы да әдиллик пе?! Бул зулымлық ғой!—деди ыза кернеп.

Онын сөзи хан ўәзирлерине батып кетти. Жасаўыл басы менен метер ырғып түсти де:

— Тарт тилиңди!—деп жекиринди оған екеўи бирден. Жасаўыл басы қамшысын қолына алды, есик бетте турған Насыраддийин бийге дәпинди.—Тарқат, мынаў жалаңаяқ бузақыларды! Болмаса, меннен ийт қорлығын көреди!

— Ел ағасы, деп сизлерге арзы-ҳалын айтқан аш пуқараларыңыз бузақы бола ма!—деди және Қылышбай.

Ўәзирлер қатты кәҳәрленди:

— Қысқарт дегенде, қысқарт!

Насыраддийин бий отаўдан дәрҳал сыртқа шықты. Қазан асылған үйди айланшықлап жүрген аўылдың



www.ziyouz.com kutubxonasi

қәтқудасымақлары Насыраддийинниң қасына келди. Оның ат қосшылары да таяр болды.

— Қалайық,—деди гәрдийген бий,—еситтиңлер ғой, салғырттан кеширим жоқ, тарқаң.

Қалайық турған жеринен қозғалмады.—Еситтиңизлер ме, сизлерге айтаман; тарқаң, дегенде тарқаң,—деп қатты жекиринди және.

Датқашылар өз-ара ғаўырласты:

— Бизлерди ҳәзир Сибирьге айдап жиберсеңизде ендиги салғыртты төлеўге ҳәлимиз келмейди! Оннанша бизлерди тирилей гөрге салыңлар!

— Енди немиз қалды, бүйтип ийттен де қор болғанша өлгенимиз жақсы!

— Төлеўге шамамыз келмейди, салғыртыңды!

— Әне, төлемегенимиз, аспанның өресин тайдырыңлар үстимизге!

Насыраддийин бийдиң абайынан тайсалыўшы болмады. Қайта оған өшегисип, үш-төрт адам есиктен ўәзирлерге қарап бақырды. Жасаўыллар олардың алдына шықты да, кейнине шегиндирмекши болып ийтергишледи. Датқашылар сонда да шегинбеди. Айтысып турған датқашылардан төрт адамды отаўға шақырды. Есик бетте турған жасаўыл оларды бирим-бирим ишкериге киргизди де, жүзин ўәзирлер бетке қаратып жүгиндирип отырғызды. Булардың ишинде, Қылышбай да бар еди. Ол ўәзирлерден ҳеш айбынбай, тап бүркиттей болып өткир көзлерин метерге нештердей қадай отырды.

— Қәне, не деп турсызлар, ҳә атаңа нәлет, доңызлар!—деди метер қәҳәрленип.

— Бизлер арзы-ҳалымызды айтып турмыз!—деди, қаллашлар, сөзин тәкирарлап.

— Ҳеш қандай арыз нәзер-итибарға алынбайды, дедим ғой доңызлар,—деди метер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Биз доңыз емеспиз, пуқараңызбыз,—деди Қылышбай сыпайылап. Жасаўылбасы „сазайын бериң“ дегендей ымлады. Қутлымурат ҳәким есик бетте турған жасаўылларға:

— Қырық қамшы!—деп буйрық берди. Иште отырған датқашылардың түси қуўара баслады. Орта жасар муртлас жасаўыл алды менен Қылышбайдың шапанын шешиндирди, еки аяғын көсилдирип дүс төмен жатқарды да;

— Әмириңизге биз тайын!—деди ийинине қамшысын салып,

— Бас!—деди жасаўыл басы.

Дәпең, қара пәрең, муртлас жасаўыл жеңин сыбанып, Қылышбайды қамшының астына алды, жалаңаш арқасына усти-устине шырпылдап қамшы урылса да, ол жанына батқан қамшының ызасына мәртлик пенен шыдады. Бирақ, жаўырыны қамшы зарпынан талақтай болып кетти.

Жасаўыл соңғы қырқыншы қамшыны урып, ўәзирлерге қарады. Жасаўыл басы: Тоқтат қамшыны, турғыз! ишарасын берди. Жасаўыл Қылышбайды орнынан турғызып, бир қапталға отырғызды, ол шетке бурылыңқырап, ет қызыўы менен кийимлерин кийинди.

Буннан кейин жасаўыл басы:

— Анаў атаңа нәлетке де қырық қамшы, мынаўларына да қырық қамшыдан ур!—деди.

— Қуллық!—деди жасаўыл белиндеги қамшысын қолына алып. Қалған уш датқашыны изли-изинен шешиндирип, арқаларын жалаңашлап қамшыны шырпыллата баслады.

Насыраддийин бий оның ат қосшылары менен Қоңырат ҳәкиминиң жасаўыллары қанша зор салса да датқашы аламанларды тарқатып жибере алмай атыр. Ийтергишлегенге, қамшы жегенине қарамай аламанлар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың гейпаралары ўәзирлер отырған отаўды айланшықлап жүр. Басына қара қайғы түскен ғәрип-қәсер кемпирлер де үйине кетежақ емес. Қылышбай дәрриў кемпирди сабап атырған жасаўылдың қолына жабысты, қамшысын жулып алып арман ылақтырды.

— Ҳәй, сырғыя жаўыз! Бул кемпирдиң не жазығы бар еди, өшиң болса меннен ал!

Қамшысы қолынан кеткен жасаўыл оны да жудырықламақшы болып мушын көтергенде Қылышбай:

— Ҳә мамаңды! – деўи менен таслап-таслап жиберди. Иште қамшыға жем болып отырған датқашылар да жасаўыллардың изинше сыртқа жуўыра шықты. Қоңырат ҳәкиминиң жасаўылы менен кегирдеклесип атырған Қылышбайларға болыспақшы болып умтылғанда Насыраддийин бийдиң атқосшылары менен ўәзирлердиң жасаўыллары олардың ҳәммесин тум-тустан қоршап алды да.

— Бий аға!—деди гийнели даўыс пенен метер, ҳәр ким өз „жаманын" тыймай ма екен, тыйыў қолыңыздан келмесе бийликти не қыласыз! деди метер ғажап сөйлеп.

— Усы сойқанның барлығына Насыраддийин бий сиз айыплысыз!—деди, Қутлымурат ҳәким ашыўланып. Насыраддийин бий үн қатпады.

Мынаў „нәлетий бузақыларды" қолларын арқасына байлап, аттың алдына салып қалаға барғанша сабаң, қалаға барған соң да көше гездирип тағы сабаң! Сөйтип, қол-аяғын кисенлеп үйге басың! Қалған жазасын бизлер барған соң көрермиз. Мен не деймен?!—деди қала ҳәкими жасаўылларға.

— Әжеп, аға!—деди жасаўыллар,—бизлер таяр!

Қутлымурат ҳәким сыртқа шығып өз жасаўылларын жыйнады да, ўәзирлер берген буйрықты түсиндирди ҳәм дәрҳал қалаға атланыўға қосты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Датқашылардан бир неше адамларды хан ўәзирлери „гүналы“ қылып, қолларын арқасына байлап, ат алдына салып қалаға айдатып жиберейин деп атыр, оның ишинде Қылышбай да бар екен деген хабар жақын аўылларға сол заматта-ақ таралды. Бул суўық гәп еситилгенде шаўқым-сүрен, ҳаял, бала-шағалардың жылаған шуўылдысы аўылды гүңиренти.

Ис насырға шапты, Бекан мерген, Қылышбай, қәдимги Турымбет ҳаялы Қаллықанлар жасаўыллардың аты алдында, айдалып кете берди.

Насыраддийин бийдиң соңғы қоныгын жеп болған ўәзирлер баска елатларды араламақшы болып, әллен ўақыттан соң атланды. Олар Насыраддийин бийди де қапталына алып, аўыл ортасындағы гүзар жол менен арқа тәрепке жөнелди.

—Усы барысыңыз болса, тағы да талай пақырлардың басына жетесиз ғой!—дести, изинен көз шалып қалған аўыл қаллашлары.

## ОН ЖЕТИНШИ БАП

Аўыл посқыншылары күни-түни қалаларға қарай посып ығып атыр. Барлық жерлерде де суўық, егинди урмаған шығар деп үмитленген биреўлер Үргенч, Төрткүл, Ташаўыз, Хийўа этирапларына жол тартпақта. Шымбай, Қоңырат, Хожели, қалалары әлле қашан-ақ посқыншыларға лық толды. Бийшаралар: „қалағой, биреўдиң отын жағып, биреўдиң томарын айырсақта ең қурымаса бир тислем нан, бир шайым жарма берер“ деп ойлайды.

„Үйдеги нырықты базардағы баҳа бузады“ деген, тек бирли-ярым дәўлетли адамлар болмаса, қалалардың мыңмыңлаған қаллашларының күни посқыншылардан да қыйын. Дийқанлардың егинлерин суўық нәрсе-наўасын



www.ziyouz.com kutubxonasi

калдырмай ертеде урып кеткенлиги қала қаллашларын да күйзелдирип қойды. Қайта-қайта түскен салғырттың сумлықлы ақыбети қытшылық-қымбатшылық пенен тутасып атыр.

— Әне, қарацызшы! Көшеме-көше, үйме-үй кирип талап излеп тентиреп жүрген поскыншылар. Еле күш-ғайраты өзинде, арыслан яцлы жигитлер: — „Өлмес аўқат бергендей жер болса, тас шаптырсада қайыл болар едик, тек аштан өлмесек болғаны“! деседи. Ҳәр ким өткен күн, асырған акшамына „шүкир“ етип ендиги күнниң ақыбетин ойлап қайғырады.

Байлар аўылма-аўыл жасаўыл жоллап, ат шаптырған менен өнетуғын несие-қара жоқ. Байлардан пахта ушын, ушынан пайдасына несие пул алған көп қаллаш дийқанлар ҳәр тәрепке тым-тырақай болып көшип кеткен, гейпара үйлерде өзлерин тәгдирдиң куллығына таслаған бирли-ярым кемпир-гаррыдан баска ҳеш ким көринбейди, тек жутқа ушыраған ийтлер гана шабаланып карсы алады. Шоңкайған гөне тамлар, узақтан мисли, мазарстанлыққа мегзеп көринеди.

Қаллашлардың елде қалған адамсыз жайлары дөгереклериндеги атызларда суўық урған суў ғөреклери мыллыйып атырған пахта пақаллары, жапырақларынан мезгилсиз айрылған тереклер муцайып карап турғандай сезиледи. Сол ҳалдағы аўылларға жасаўыллар қаншама ат қамшыласа да көп үйлерден тиллескендей жан таппады. Еле өнген ужыпатлы несие жоқ. Несие кимнен өндириледи, адыра қалған қақырадан ба, „байыўлының сарайына“ айланған адамсыз жайлардан ба?!...

Енди дүнья-мал ашыўы менен гәзепленген Омарбай, Базаргүл есине түскен ўағында: - Саған үйленбекши боламан деп, бахыты-қарашылыққа ушырадым, заводым тоқтап қалды, деп өзин өрдеп-ыққа урып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ийесиз ғана басым мың-мыңлаған тилла дуньям деп, жығырданы ғыж-ғыж қайнайды.

Қала байларының заводлары жүрмей турғанына көп ўақ болды. Бала-шағаларының напақасы ушын Омарбай, Мәтимбай заводларында күн-түн азап шегип жүрген мыңсан бийшара көшелерге ылақтырып тасланды. Завод ийелери аңсат сылтаў таўып: „Пахта жоқ, завод тоқтап атырғанда ҳақы болатуғын ба еди", деп рабочийлардың мийнет ҳақысын сорағанларын сөгип боклап айдап салды.

Қымбатшылық, ҳәр ким бар-жоқ кийим-кеншек, бала-шағаларының жыйынлықларын базар саўдасына шығармаға қарады. Гөне-көкси шапан базарлары, алтын әребек, ғуббалы гүмис билезик, миссек, дөнбе шапан, шекпенге толып кетти. Бул затлардың үстинде қарыйдарларда көп емес...

Сатыўшылар сорағанына бермекши, жалаңлаған саўдагерлерден, байлардан басқа,—„мынаўыңды неге бересең" деўши адам қалда-қал ушырайды.

Буннан үш айдай бурын қазаланған ғаррысын заводта өзи менен нешше жыллар бирге ислескен рабочийлардың жыйнап берген азы-кем жәрдеми ҳәм өзиниң бары-жоқ ҳалы менен жерлеген Бийби кемпир заманның түринен тискинип, ол қостары Ибрайым устаның жүзин бермекши. Өмири есигинде қул болып хызметин еткен ғаррысының ас-садақасына қол-қабыс етерме екен деген болса да, байдан ҳеш нәрсе шықпады. Пейили қашқан Омарбай устаның қазаланып басына қыямет саўдасы түскен күни де устаның кемпирине бес-он пул рая қылмады.

Ғаррысының „жүзи" жақынлап киятыр. Шанаш түбинде, мардан қуўысында қалған бирли-ярым күн оңысқандай өнсери-қырық ағары напақа менен кемпир ас-садақа бергиси келмеди. „Мен де қартайдым, жаман



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтпай жақсы жоқ, аманат жаннан ойламағанда айрылып қаламан ба, ким биледи? Усы садақа жыл асына да өткериле ғойсын," деп ойлаған кемпир енди ҳеш кимге ийек созбады. Қырық-елиў жыллар ғаррысы менен кеширген өмириниң ғайратлы мәҳәллеринде жыйнаған боқша түйиншиклерин ақтарды. Оннан келиншек болып түскенде өзи менен алып келген себиннен қалған қырмызы реңли, еле ҳеш бир қал атпаған ақ шашақ гилемди, пәтшайы тонын, алтын әребек, инжи маржан аралас тиллайы қәплеметлерин суўырып алды. Ҳәр қайсысын түңликтен түскен қуяш нурына тутып, өңирине салғанда, жасында асынып-тағынғанын көзи алдында елеслетип қамсығып қойды.

„Ул ҳәм қызларымның басын жөргегин де-ақ жуттым, қуўарған қара басым қалғанда мениң де артымда қалмасын. Бар, қостарым, сен ырза бол, ақырғы ысқатың, сениң жолыңа!"—деди кемпир. Затларын жыйыстырды да солық-солық жылады.

Балық базарын жылда сазан, ылақа, шабақ-шортанға толтыратуғын Айыры там, Саят, Қызылжар балықшылары қалада жекке сийрек көринеди. Жазы менен дәрьяда суў қайтыў, көллерде жартыўлы суў болмағанға өткен қалалардан бери балық базарға күтә аз түсетуғын болды. Бүгинги қалага түскен балықтың да сәти жоқ. 3-4 жерде бир-еки мардан ақмарқа, сыла, ол да жалаңлаған саўдагер алып сатарлардың қолында.

Қассап базарындағы шеңгек—кенералардың көби бос, төрт-бес кенарада ғана арық-турық, қара мал, жылқы ети көринеди. Ғәлле базарындағы нырық кийиктиң шақына шыққан, қымбатшылықтың жалыны тутсаң қолыңды күйдиреди. Қолына жез жам тутқан кәппан байлар, саўдагерлер. Бир қырма, арғы басы он-өнбес агары дәнге әкесиниң қуның сорайды.

Бүгинги қала базарына кийим-кеншек, ғалы-гилем,



www.ziyouz.com kutubxonasi

үй мүликлери өткен қаладағыдан да бийҳат көп түсипти. Тек сумлығы басынан асқан бай—саўдагерлер ҳасыл затларды ыбырық нырқына сорап азы-кем пул менен бийшаралардың мүликлерин қағып алады.

Кийим-кеншек базарының бир шетинде газ қатар отырған күнликшилер. Ортасынан өтип баратырған ҳәр кимнен:

— Ағалар, ислететуғын талабыңыз жоқпа, деп биреўлери талап сораса басласа, басқалары да жармасып:—„Мине, мен нардай жас жигитпен арысландай күш-қуўатым бар, таў-тас болса да қопарып таслаў қолымнан келеди, жотама қараң!"—деп отырған орнынан өрре турып, өз геўдесин ортаға салады.

— Мен де күш-қуўат жөнинен ҳеш кимнен кем емеспен, мени жаллаң, тамағымды тойдырсаңыз болады,—дейди басқалары да. Базар аралаўшылардың ҳеш қайсысынан я болады, я болмайды, деген сес-семир еситилмейди, пақырлар турған жеринде үмитсизленип, қалта қарап қала береди.

* * *

Аўыл қаллашлары өзлериниң бийлери менен ақсақалларына жай-жағдайларын айтқаны менен нәтийже шығара алмады. Қайтама, „барың болса бере-бер, бәлеңнен қутыл, байлардан алган несийелериңизди де төлемесеңлер болмайды", деп ҳал-жағдайын айтыўға барғанларын жасаўылларға сабатып, олардың сай-сүйегин сырқыратыў менен киятыр.

Пахта ушын несийе пул алған қаллаш дийқанларды байлар да қысымға алып, жанын сыққанын қоймайды. Жумыссыз қаңғырып қалған қаланың қаллашлары да қала байлары менен қала ақсақалларының зардабы астында еле зар еңиремекте. Мине, усындай, бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

жутым напақасы қайғыға калған шубырындылар қала дөгерегиндеги көллерде пайда болған шоқтан, шабақ аўлап зордан оңысық етеди, ол да гейде болса, гейде жок, соған да қолы жетпей, бийшаралардың көби: „Бир тислем нан, бир ғана жутым сүме-сүме..!"—деп жан тәслим болып дүньядан өтип атыр.

## ОН СЕГИЗИНШИ БАП

Бәҳәр. Күн кем-кемнен жыллыта баслаған сайын қыстың катты келиўинен аман қалған аўыл поскыншыларының биразы бәҳәрдиң алдын алып, ашаршылықтан посып таслап кеткен өзлериниң мәкан журтларына қайтадан барып жайғаспақта.

Телегиндеги мың-мыңлаған батпан ғәллеси бар бай, саўдагерлер қоянды қосағынан атып, бир қырма дәнди аўзына сыйған пулға, ҳасыл-ҳасыл затларға сатып, дүньясының үстине төрт-бес есе дүнья-мал қосты. Енди, бойын тиклеп алыў ушын оларға көгиле егетуғын тухым, завод байлары болса, пахтаға деп тухым шигит, ушынан азын-аўлақ пул тарататуғын кусайды. Байлар каллашлардың маңлайынан сыйпағаны ырас болса, сыран қыстың сыран ашаршылығында шубырған жетим-жесирлерге неге бир жутым басалай бермеди?!

Дийқанлар ҳалының жеткенинше бирли-ярым қыйтақ жерин аўдарғышлап жүўери, тары, пахта еккен болды.

* * *

Бир жыл бойына ҳәрекетсиз калған заводлардың механизми ҳәрекетке келди. Аспанға созылған узын гәрнайлары буўлыққан көгис түтинин бурқыта басламы. Омарбай, Мәтимбай заводларына иске кирген рабо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

чийлардың көбиси жаңадан алынған. Жумыссыз қалған бурынғы рабочийлардың ашаршылықтан аман қалғанлары талап излеп шар тәрепке тарап кеткен, кимлериниң шаңарағы, аты-заты да қалып жарымаған.

Сум бай заводқа жумыска жаңа кирген пақырларды үркитпейин деп көзин үйретип алғанша, заводқа иске кирген күнлеринде „қарасық" деп, оларға ҳәр қайсысына төрт-бес теңгеден пул да берди. Бийшаралар не қылсын, қылўасын билмеген соң гейбиреўлери: Омарбайдай „қайырқом" адам жоқ. Ҳәммениң ҳалжағдайын биледи!—деп мақтайды.

Байдың қуўлығын еситкен айырым рабочийлар:

— Ҳәй, үкелер! асықпаң, байдың қандай „қайырком" екенин бара-бара билерсиз, кем-кемнен етиңди сылып, териңе сабан тығады,—деди.

— Онда бай ағамыз мойнымызға қурығын салып алғанша ғана „қайырқом", болып атыр десеңши, көрежағымыз алдымызда екенғой,—деди, тасырлап жүрип турған жыйық қасына арқасындағы канардың пахтасын төгип турған үш-төрт жас рабочий.

Сағы сынған пақырлар ҳайран, теңиз түбине түсип, тахтай текшеден әсте-ақырын төмен қарай жылжыды.

Геўдесин тиклеген заводлар тасырлысын күн-күннен зорайтып, пахта шайнаған жыйықларының шаўқымы қаланы басына көтермекте. Күннен-күн, айдан-ай өтти. Әдепте үш шайы қара теңге менен аўыз басырық еткен Омарбай бурынғы үйреншикли әдетин тағы баслады. Ҳәр кимге ҳәр айда кәдимги төрт-бес теңге чай пулыдан жазбайды, айына сөйлескен ҳақысынан қарз пулға болса да қысымын толтырып пул алған бирде рабочий жоқ.

Ҳәр ўақ заводынан хабар алатуғын байдың келетуғын мезгили де өтип кетти. Байдың дузағына илинген быйылғы рабочийлар да енди ҳақыйқатлап билип



www.ziyouz.com kutubxonasi

алды. Турмыс оларды да күн сайын қысып баратыр. Ақырында, жас рабочийлар да жәмлесип, ҳәммеси бирликте байдан ҳақыларын сораўға бел байлады. Енди, жыйыққа пахта тасыйтуғын, жыйықтан шыққан пахтаны пресслейтуғын рабочийлардан жумысқа келиўшилер кем-кемнен азая баслады. Ақырында жыйықшылар машина айдаўшының қасына келип:

— Өламата, өлип таслай берип, байды жарлы түсип қалар деп қорқасыз ба?—деди.

— Ал, онда тоқтатқаным!—деди машина айдаўшы, двигательди босастырып.

Зырлап айланып турған машин дигершигиниң ҳәрекети әсте ақырын тоқтады. Буннан соң машина айдаўшы машинахананы, жыйықшылар жыйық жайларын қулыплады. Завод шарбағының дәрўазасында сақшының жалғыз бир өзи қалды.

* * *

Ҳәр ким азанғы чайын ишип болған соң Омарбай ҳәўлисиниң алдына бирим-биримлеп жәмленди. Рабочийлардың бурынырақ келгенлери ҳәўли дәрўазасының еки қапталындағы сыпаға жайласты. Соңырақ келгенлери дәрўаза алдындағы тақырлыққа шөп-шар жайып, малдаслап отырып алды. Ҳәзирше ҳәўлиден сыртқа шыққан ямаса ишке кирген адам жоқ. Бай да үйинде, шыққан жоқ. Заводтың тоқтап қалғанынан бай хабарсыз.

Аспан ала бултлы. Ашшы аяз тәнди түршиктирип баратыр. Напақасызлық рабочийлардың жанына оннан да бетер батып баратыр. Ишке кирип, хабарласыўға еле ҳеш ким батына алмай отыр еди. Әллен ўақта байдың хызметшиси дәрўаза алдындағы турғанлар завод рабочийлары екенин таный кетти де:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Атаңа нәлетлер, неден қуры қалдыңлар! Жалаңаяқ, бузақылар, бар, кетиңлер жайыңыз заводта!—деди қәҳәрленип.

— Сендей ийтаршы, жуўындықор менен сөйлесилмейди, кетсең жоғала бер, атамның аяқ ушына!—деди Ораз, кетемиз бе, кетпеймиз бе өзимиз билемиз, сеннен сорамаймыз да!...

Ораздың ашшы сөзи жаңағы адамның жулынынан өтип кетти.

— Ҳәй „бузақы", не дейсең қайтарып айт!—деди ҳәкиреңлеп.

— Ийтаршы, жуўынды қор!

— Өзиң!

Ораз өршелесип, байдың хызметшисине жудырығын ала умтылды. Оны қасындағы жолдаслары араға түсип, зордан дегенде тоқтатты. Байдың хызметшиси есик алдындағы адамлардың пәтинен сескенип Омарбайдың қасына албырақлап жуўырып барып:

— Ўай, ўай, бай аға! Тез-тез шыға көриңлер! Мынаў адамлардың түри жаман!...

Көзи уясынан шыққандай болып аларған бул адам ўай-ўайлап, миймanxанаға кирип келгенде Омарбай зәрреси ушып орнынан ырғып турды:

— Соншама не қара басты, жаў келип қалды ма? Тоқта!—деп жекирди, бай оған,—не гәп?

Хызметши солығын басып:

— Дәрўазаның алды қара қурымдай адам. Байқап қарасам заводыңыздың адамлары. Не қылып жүрсизлер десем маған биреўлери тәп берди, услап алғанда буўып таслаўдан да қайтажақ емес, абырай, ишке қарай тура қаштым, қасарысып, тағы азырақ турғаным да ниүжан болатуғын едим!

Хызметши тула бойы қалтырап, бөтен ҳеш нәрсе айта алмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өзимиздиң заводтың адамлары дейсең бе?—деп сорады оннан, қатты ашыўға мингеп бай.

— Аўа, бай аға, тап өзлери! Не жумыслары бар екенин маған айтпады.

— Ҳа-ҳа-а-а! Жаўың—пйегиңиниң астында, десеңши!—деди бай өзине-өзи.

Көп ойланып турмай-ақ истиң қаттыға кетежағын билген бай кала ҳәкиминен асығыс түрде жәрдем сорап, адам жибериўге таярланды. Бешпентиниң қалтасынан қойын дәптершесин суўырып алды да, қала ҳәкимине өтиниш хат жазды. Мазмуны қысқаша:— „Сәлем ҳәким аға! Огада қыйын жағдайда турман. „питнешилер“ ҳәўлимди қоршап алды, нашшаплары̆ңызды тез жиберип, жәрдем бермесеңиз қәўип астында қалдым! Ушбууны жазған Омарбай“.

Хатты төрт бүкледи де бай оны үйиндеги хызметшилериниң биреўине услатты.

— Тез атлан! Жаның бар болса қолыңдағыны қала ҳәкиминиң қолына жеткер!—деп буйырды, сасқалақлаған бай оған.

Қасарысқан бай ҳәўлиниң алдына шықпады. Дәрўазаның алдына келип турғанлардың ким екенин, не дерекли мезгилсиз шубырып жүргенин кала ҳәкиминиң жасаўыллары келген соң анықламақшы болды да, жасаўыллар келгенше ҳәўлиниң дәрўазасын жаптырып, иштен кисен қулып урғызды.

* *
*

Жер тоң, жол қатқалақ еди. Әллен ўақта ҳәўли дөгерегиндеги жол менен шаўып киятырған тағалы ат туяқларының сести жаңғырды. Атлылар ҳәўлиниң қәдимги жаз қапысына келип тоқтады, олардың биреўи ат үстинен қапыға қолайласып еңкейди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хабарласың!—деди колындағы қамшысының сабы менен есикти тық-тық қағып.

Олар миймапханасынан ғоддаслап шыққан байға өзлерин қала ҳәкими жиберген пашшап екенин билдирип:

— Кәне, бай аға, бизлер таяр!—деди.

Омарбай пашшапларды ҳәўлиниң дәрўазасы бетке силтеди, изинен миймапханадан шыққан мийманлар менен бирге бай да ҳәўлиниң иши менен дәрўазаның алдына жылжыды. Пашшаплар ҳәўли алдындағы адамларды қоршап, байдың сыртқа шыққанын күтип турды.

— А-ҳа! Бул не қылып жүрген адамлар екен десем, сиз „бузақылар" ма едиңиз!—деди, ҳәўлиниң оң жақтағы сыпасына мине берип,—жырыңыз мәлим. Ҳәзир заводқа кетиң, егер бармайды екенсиз қыласынды көрсетемен!—деди бай.

Аламанлар арасынан:

— „Жемсиз ат арбаға жарамайды" напақа жоқ, иске бизлер де жарамай атырмыз!—деди қолын силтеп.

— Қысқарт! Күнде-күнде напақа бола береме?—деп жекиринди бай.

— Күнде-күнде ме? Заводқа келгенде алған төртбес теңгеден бери төрт ай өтти.

— Жалған!—деп тепсинди бай.—„Ийт семирсе ийесин қабады" деген усы, азғын бузақылар!—деди, қатты қәҳәри менен тағы.

— Әне, бай аға! Маған тәп берген усы адам,—деди; бағана миймапханаға қашып барған хызметши, қол ушы менен оны қайта-қайта көрсетип.

— Жалғанның барлығы сиз де, бизлер болсақ гәптиң ҳадалын айтып маңлай тер, табан етимизди, ҳадал мийнетимизди сорап турмыз,—деди, рабочийлардан бир адам.

— Ананы қара, бай аға! Усындай етип өшегисе



www.ziyouz.com kutubxonasi

береди,—деди, баганагы жалпылдак хызметши, байдың оң капталына шығып. Ашыўға минген бай;

— Көрдиңбе, булардың дөҳметин! Ҳәммең заводқа қарай жоғалың! Кетпесеңлер енди!...

— Жоқ, бармаймыз, ҳадал мийнетимизди бермесең!—деди аламанлар.

— Жасаўыллар!—деп қышқырды бай,—Басың! Бул атаңа нәлет, „бузақылар“ сазайын алсын!...

Тисин қайрап, қамшысын ойнатқан пашшаплар кимди аясын, атларының тебингисине тепсинди, ойнақлаған атларын үсти-үстине қамшылады, қатты тийген ашшы қамшының зарпына төтепки бере алмаған бедеўлер адамларға қарай шапшыды.

— Тарқаң!—деди қамшыға тутқан пашшаплар, қатты даўыслап.

Оның менен кур тарқамады.

— Тарқамаймыз, ҳақымызды берсин!—деди даўыслар.

Пашшаплар даўысларға қулақ аспады. Пашшаплардың биреўиниң аўзынан:

— Бас қамшыны!—деген қаҳарли буйрық шықты. Пашшаплар аламанларға умтылды.

— Мине сизге ҳақы!—деди олар, аламанға умтылып.

Ҳәўлиниң алдында шуўлаған шаўқым-сүрен көтерилди. Ат туяқларының топырлысы дөгеректи шаңға туншықтырды. Кимлер, пашшап атларының аяқлары астында қалып, пәт пенен тийген қамшы кимлердиң арқа мойнын тилип кетти. Атлардың туяқлары астында домалаған бийшараларды жәллатлар Омарбайдың заводына қарай қуўды. Ат алдына түскен пақырлар завод шарбағына қарай кетиўге мәжбүр болды.

Қарны қабақтай ғодданлаған Омарбай баска да бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

нешше адамлар менен бирге пашшаплардың изин ала заводка кирип келди де;

— Булардың арасында бузақышылық үйретиўши Қылышбай усаған „питнешилер“ бар, соларды жоқ етпесем бундай ўақыя басылмайды, мен олардың басына жетемен!... деди.

## ОН ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

Рус—Герман патшалары қырғын урысты гүжитип атыр. Бул урыста германлар басым келип, Николай патша Бухара әмиринен ҳәтте Хийўа ханлығынан да мәрдикарға адам алмақшы болыпты-мыс деген гәп-сөз таралды. Гейбиреўлер хан қоластындағы пуқаралардан мәрдикар алынбайды екен деп, хан пуқарасы болыўға урынады. Бирақ, Сейтнияз қанша қырғын болса да әжелсизге бәле жоқ, мениң баламды солдатқа алса да, ол бир жерден шығады, деп қояр еди. Бирақ баланың аты бала ғой, ара-тура тынышсызланып та алады.

Бүгин Әмет Қылышбайдың үйине қыдырып келгенде Рус-Герман урысының пүткил елге тийгизип атырған апатлы ақыбетинен, мийнеткеш халықтың басына түсирип атырған қанлы мүсибетлерден гәп қозғады.

— Мениң еситиўимше,—деди ол,—рус солдатлары арасында Николайға исенимсизлик пайда болыпты, „Жоқ болсын урыс!“ деген әңгиме таралыпты деседи. Бирақ, патша сорамындағы ҳәмме халықтан солдатқа адам ала беретуғын қусайды, жақын арада мәрдикар алатуғын болса керек, мине,—деди және—Петро-Александровски музапатынан маған қағаз бар, мени солдатқа алатуғын болып шақырыпты, бирақ солдатлыққа өзим-ақ кетежақ едим, аман болсам қайтып келермен.

Әмет өзи менен сөйлесип атырған адамларға қолындағы өзин солдатлыққа шақырған бир жапырақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

қағазды көрсетип шықты. Адамлардың көз тасасын алған Сәнем бет алды сурланып, жалт-жалт етти. „Қудайым-әй әжагам аман қалғай!“—деди ишинен.

Үйдеги адамлар Әметке: жолың болсын, аман барып, аман қайт деп тилек тиледи. Кимлерден солдат, кимлерден мәрдикар алынатуғынын ҳәрким ҳәр жақтан сорастырып атыр.

Әметке келген шақырық қағаз енди рус қол астының басқа пуқараларына да келмеге қарады. Русыят пуқа расының есабында турған көп адамлардың балалары еки-үш күнге қалмай-ақ жөнеди. Көп қатарындағы қағаз Омарбай менен Мәтимбайлардың балаларына да, ири-ири саўдагерлердиң үйлерине де келип жетти.

— Бизиң баланы солдатқа емес,—деди Омарбай, үйине келген шақырық қағазды оқыған болып,—мәрдикарға алатуғын көринеди, ондай болса, шарасы жеңил!“ кептер мойынға берекет берсин, заводымдағы „Жыйын сандырақтың“ қайсысына бес-он тилла пул берсем жақ, бармайман деймe? Бир тилла еки тилла зыят берсем барғой бармақ туўе, мынаў мәрдикарма, оның аржағына да өтип кетсин!—деди бай годдасланып.

Рус қоластының пуқарасыман деп жүрген Қоңырат байларының бирази, ири саўдагерлер хан қоластының пуқаралары болыў жолларында излестирди кала ҳәкиминен де, ел ақсақалларынан да өзлери хан пуқарасы етип жалған пәтек намаларда алып көрди. Бул ҳийленин алды менен Омарбай басласа да тегинликте нәтийже шығарыўы қыйын болды. Озалдан рус қоластының пуқарасыман деп, хан ҳәкимине салғырт төлемей, талай сапар Шымбай уезды алдында Қоңырат ақсақаллары менен жәнжел-шаўқым көтергени уезд ҳәмелдарларының есинде, халық есабы алынған дәптерлерге аты-жөни, рус сорамының пуқарасы екени жазыўлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйын-қыстаў Қоңырат байларының ошақ басындағы ойларын бир пул қылды. Солдат алағадасынан көре мәрдикар пасырлысы гүжип кетти. Бирақ хан сорамының байлары: „Хан ҳәзиретимиз мениң пуқарамнан солдат, мәдрикар алмаңыз!" деп Николай патшадан сораған екен, патша хан ҳәзиретимиздиң тилегин қабыл етипти-мис деп арқайын.

Ертеңине Омарбайдың тете баласын Мәрдикарға шақыртқан қағаз келгенде байдың сорройған мойны үзилип кеткендей болды. Тула бойы қалтырады, албырағаннан Қоңырат ҳәкиминиң арзыханасына қарай жөнеди нийети — баласын мәрдикар „бәле"синен алып қалыўды арыз етпекши еди, ал бул маңға келгенде Қоңырат жеринде отырған рус сорамының басқа көп пуқаралары да қала ҳәкиминиң сарайы алдында арыз етиўге жыйналған екен. Бирақ ҳәким сол күни сарайында болмады. Енди олар болыстың үйине жайғасқан мәрдикар алыўшы Әмиўдәрья музаппатынан келген ўәкилге диз бүкпекши.

Омарбай оның алдына әлле қашан-ақ жетип келген. Қарны суў қабақтай қампайып болыстың оң қапталына отырып алған. Төрде музаппат ўәкили қырықлар шамасындағы муртлас офицер. Қызыл гилемниң үстине төселген қалың көрпешеде бир қырынлап жатып, папирос шегеди, шығанағы астында жасыл мақпал менен капланған қос көпшик, шығанақлап талған қолын аўмастырып, көрпешениң гә ол, гә бул шетине өзин таслайды. Бир қапталында гүмис портсигар. Офицер жанбасындағы жез қынлы еки жүзли пышағын гейде қолына алып етигиниң қонышына тық-тық урып қояды.

Болыс пенен офицер отырған өжиреде белгили еки-үш бай да бар. Басқа арызға келген адамлар өжиреден сыртта шарбақка жәмленген. Офицер ол адамлардың не жумыс пенен келгенин еле сезген жоқ, көпке



www.ziyouz.com kutubxonasi

дейин болыстың да олар менен иси болмай, қасындағы хаткери менен әллеқандай көп қағазларды ақтарып отырар еди. Хатшы төрт бүкленген бир жапырақ қағазды аша сала көзинен өткерер-өткерместен болысқа берди де, басқа қағазларды жыйнастырып шетирек қойды. Болыс басын көтерип, хатты оқып:—тап өзи!—деди, хатшысына „ениң өзи" екени басқаларға жумбақ болған менен өзлерине аян еди.

Болыс үйиниң шарбағындағы шертек астында отырған арзагөйлер куяштың шыжғырған тымық ыссысына шыдамсызлана желпинеди. Арызларын кимлери болысқа жазса, көбиси Александровск музаппатынын ўәкилине жазған, кимлери арызларын оған аўыз-еки айтпақшы.

Арза жазылған қағазларды екиге ажырагып болған хатшы бир топ арза қағазды төрде бир қырынлап жатырған офицердиң шепеги қасына, бир топ арзаны болыстың қасына қойды да арза қағазлардан босаған муқабаны өзиниң қолтығына қысты. Арзалардағы айтылған сөздиң барлығы бир мазмунда. Арзагөйлердиң жарлылары, гаррылығын, балаларының жас екенин, үйинде жалғыз баласынан бөтен асыраўшы жоқ екенин айтып мәрдикардан қалдырыўды сораған. Музаппат ўәкилине жазылған арзалардың мәниси де усындай. Бирақ қагаз бетинде қумырысқаның изиндей ийрекленген араб ҳәриплери офицердиң көзине әллеқандай қубыжық болып көринеди. Әри-бери сығалап қарайды, бирақ ҳеш нәрсе түсинбей ийнин қысып басын шайқайды.

— Бул не қылған қағазлар? Маған түсиниксиз!—деди офицер хаткерге,—мәнисин айт!

— Әжеп, господин, сизиң уллы дәрежеңиз ушын!—деди ол арзаларды қолына алып:

— Мынаў қағаз Петро-Александровск музаппаты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның Шымбай уездына қараслы Нәўпир болысының пуқарасы Омарбай Алламбай уғлының арзасы. Мынаўлары да усы болыс пуқараларынан сизиң уллы дәрежели ағыңызға жазылған!

Көрпешениң касында турған гүмис портсигарды ашып, ишинен алған папиросты бармақлары менен уўалады да, оның найшасының темекисиз ушын уртына қысты, шайнек қақпағындай жанғышты сол қолына тутып, шарбаққа шықпақшы болып, шағанақлап жатырған орнынан тикленди:

— Биринши арзаны оқы, не деген екен?—деди хаткерге офицер.

„Петро-Александровск музаппатының уллы дәрежели ўәкилине! Мен Шымбай оязына қараслы Нәўпир болысының пуқарасы Омарбай Алламбай уғлы сизиң уллы дәрежели атыңызға жазып отырған усы арзам арқалы сизден өтинишим—уллы пайтах—руссияттың бир шетинде турған биз қара пуқараңыздың перзентлеринен тек мәрдикар ғана емес, ал солдатқа да адам алсаңыз екен, деп тилек билдиремиз. Алды менен мениң туўысқан иним Қылышбайды солдатлыққа қабыл өтиўиңизди сорайман. Бул бизиң қыйын-қыстаўда уллы патшаҳамызға берген көмегимиз болар еди, бизиң бул тилегимиздиң қанаатландырылатуғынына исенемен. Ушбуў арзаға қолымды қойдым: Омарбай Алламбай уғлы".

— Молодец!—деди офицер,—бул адам қайда?!—деп сорады хаткерден.

Хаткер күлимсиреп:

— Мынаў киси!—деди бир қапталда отырған Омарбайды нусқап.

— Ай-ай-ай, қандай жақсы адамсаң, прямо молодец!—деди йошланған офицер Омарбайдың қасына жақынлап, оның арқасынан қақты да, қолын қысты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Халыққа үлги болды деп сени господин музаппатқа мақтайман!

Бай мардыйды, офицер мақтанбақшы болып өжиредеги баска адамларға қарап көдирең даўысы менен ўа-ҳа-ҳа-лады. Офицер папиросын аўызына тислеп шарбаққа шығып баратырып:

— Ендиги арзаларды мен даладан келген соң оқыйсаң,—деп сыртқа шыға сала тағы иркилди, офицердиң киятырғанын көрип, шарбақта турған арзагөйлер орынларынан өрре турды да, алдарақ турғанлары басларынан қурашларын алды. Офицер менен өзлеринше сәлемлести, офицер де арзагөйлердиң сәлемин турпайылапып алды.

— Офицер мырза, арза-арза,—деди арзатөйлердиң биреўи, офицерге.

Офицер түсинбедим деген мәниде ийинлерин қысты. Сонлықтан иште отырған болыстың хаткерин дилмашлық етиў ушын жәрдемге шақырды.

— Сизиң уллы дәрежеңиз ушын мен таяр!—деди ол, офицердиң қасына тез жетип келип.

— Мынаў адамлар не дейди, түсинбедим?

Хаткер адамлардан кимниң не айтқанын сорастырғанда солдат, мәрдикар мәселеси ҳаққындағы арзаларының нәтийжесин билмекши екенин анықлады ҳәм офицерге соны айтты. Ол офицерге айтып боламан дегенше адамлардың ғауырлысы күшейип кетти де сөзди шала-шарпы еситкен офицер ашыўланды, хаткер сөзин тоқтатты:

— Тоқтат ғаўырлыны!—деп бақырды офицер. Ғаўырлы бираз ғана басылды. Омарбай, Наўрыз болыс және еки-үш адам офицердиң қасына келди. Офицердиң көзи қасына келген Омарга түсип еди.

— Мынаў қандай жақсы адам! Өзиниң туўысқан инисин солдатқа ал деп арза берди, бул адам уллы



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәрежели патшамыз алдында да ҳүрметли болады, патшамыз оған рахметлер айтады, инанбасаңлар арзасы оқып бериледи.

Хаткер қолындағы муқаба ишиндеги қағазлар арасынан Омарбайдың арзасын суўырып алып, арзагөйлерге даўыслап оқып еситтирди. Омарбай офицерге, бир есе қалайыққа қарап мардыяды, мени көрдиң бе дегендей ғоддаслап қоялы.

— Уллы дәрежели мырза! патшаҳымыздың басына қыйын-қыстаў ис түсип турғанда бизлердей пуқаралары жанында, дүнья-малында аямайды!—деди бай қолын көкирегине қойып.

Хаткер Омарбайдың сөзин офицерге тағы түсиндирди.

— Әне, көрдиңизбе, молодец!—деди.

— Омарбайдың Қылышбай деген туўысқан иниси жоқ, онысы өтирик!—деди аламанлардың арасынан ашшы даўыслы биреў,—қалайықты өйтип алдамасын, мәрт болса солдатқа өзиниң баласын берсин!...

— Қарны қордандай болғырдың өтиригине қара, уялып қалармап демейди-аў, сирә!—деди даўыслар.

— Көз көреки өтирик айтып турғанша, өзиң неге барагоймайсаң!—тәкирарлады бир адам.

Өтиригин шығып қалған Омарбай адамларға әри-бери дәпиниш, сөзин мақуллатпақшы болса да, деми тығылып, бөртиниди, соңында индей алмай қалды.

— Керек ўағында солдатқа да алынады, бирақ уллы дәрежели патшамыздың буйрығы бойынша ҳәзирше түркстан халықларынан мәрдикарға адам алынады. Кимлер алынатуғыны болысқа айтылған,—деди офицер—буйрық сондай хан қоластынан?!...

Әңгимесин кесип таслаған офицер папиросын бурқыратты да ишке кирип кетти. Болыс шарбақтағы адамлар жанында қалды, жаңадан шаўқым-сүрен көтерилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтиріги шыққан Омарбай енди өзиниң баласын алып қалыў ушын болыс пенен Петро-Александровск ўәкилиң парағa жығып, өзиниң баласын мәрдикардан алып калды да, дедигине көнбеген Оразды сыртынан жаманлап, мәрдикарға жибергизди. Өтиріги шыққан бай бул сапары Қылышбайды қолайына түсире алмады.

## ЖИГИРМАЛАНШЫ БАП

Ораз мәрдикарға жөнеди. Үйинде карындасы—Базаргүл, оның ең жақын сырласы болған жеңгеси, ғарры әкеси менен шешеси калды. Мәрдикар сапарына катаркурбылары жөнелтиўге барганда Ораздың Қылышбайға: „жасың меннен кишкене болса да, заманласымсаң, үйимде қалған мүсәпирлерге көз қулақ болғайсаң, сени өзимниң туўысқан инимдей де жақын көрип айтып атырман, карындасымды өз қолым менен қәлеген жигитине бере алмай кетип баратырман, оның ендиги ғамкоры өзиң!“—деген еди.

Сонда Қылышбайдың да достына: „капа болма, басым аман, геўдемде жаным турса өзиң кандай болсаң, маған сондай исене бер аға аманатыңа шаң тийгизбеспен“ деген еди. Бирақ империалистлик урыс тутаныў үстине тутанды, мийнеткеш халықтың миллион-миллион перзентлерин лаўлаған өрт ишине тартқан сайын тартты. Елдиң байлары бас-панасыз қалған арыўларға көз салады, байлық жарыстырады, қармағына илдире алмағанын хан ҳәм рус қоластының ҳәмелдарларына жаманлап, жаладан кимлерин жер аўдартады, кимлерин шириген хан сарайында қурбан болыўға мәжбүрлейди.

Урыс фронтларынан узағырақтағы жерлерде ислеп атырган рабочий батальонлардың биринде иске кирискен Ораздан Қылышбайға жазған хаты қәпелимде



www.ziyouz.com kutubxonasi

Омарбайдың қолына келип түсти. Хат еки адамның адересине жазылған. „Үшбуў хат Сейтнияз улы Қылышбайға, яки Мүсет шаршының қызы Базаргүлге куўыстырылсын“ делинипти.

Сыртына ески араб жазыўы менен усы сөз жазылған лыпаны сол қолына услаған Омарбайдың көзи: „бул хат мәрдикарда жүрген Мүсет уғлы Ораздан“ деген жерине түсти де, хаттың сыртын тағы бир шолды.

— Ўа-ҳа „балам“ исиндн қылған шығарман, енди тырп етип көр!—деди ишинен, еки лэбин жыбырлатып бай. Дәрриў қолындағы хатты ашып, ишиндеги хатты оқымақшы болды. Тап қулағына биреў; „Әй, бай аға!, Ол хатты ашпаң, сизге тийисли емес, бир адамға делинген хатты басқа биреўдиң ашып оқығаны қыянет болмай ма?“ дегендей болды да турды. Қолы қалтырап, бай сескенип селт етти, сол ўақытта қолындағы хат жерге түсип кетти, жуўан қарын бай өзинен еки табан жерде жалпағына жатқан лыпаны еңкейип алыўға шамасы келмей, тулыбына сыймай турғанда есиктен кирип келген Қылышбайдың көзи алды менен жердеги лыпаға түсти.

— Бай аға!,—деди ол, әне бир лыпаңыз жерге түсип атыр екен.

Омарбай оған бежирейип жаман көзи менен қарады да индемеди.

— Жасуллы, анаў лыпа сизики ме,—деди Қылышбай тағы.

— Мени көзи көрмей турыпты дейсең бе? Оны саған достың болама, ямаса қәдирдан... анаў мәрдикарға кеткен гезенде, жалаңаяқ аты ким еди өзинин, соннан қусайды, не жазғанды дейсең бузақышылықтан басқа...

„Ораздан ба екен я Әметтен бе екен, қайсысынан екен?“—деди ишинен Қылышбай. Бай контордың төр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бетине жылжығанда Қылышбай бир адымдай жерде жатырған хатқа жақын барып қолын созды да оның өзине екенин билгенсоң шешеси ул туўғаннан бетер қуўанады.

— О-хо-а. Ораз ағамнан!...

Қылышбай хаттың қуўанышы менен заводқа келгендеги жумысын умытып кетти. Хатты ашпай, бешпентиниң ишки қойын кисесине салды да, аяғын тез-тез басып үйине қарай кетти. Омарбай завод конторындағы адамларға алаң болып, хатты оқый алмай қалғанына пушайман қылды.

— Сәнем берман келип кет!—деди қарындасына,—мә, мынаў ҳатты тез Базаргүлге алып барып бер, Ораздан келипти, бир қуўансын!

Қолына хат услаған Сәнем Базаргүл құрдасының үйине демде жетип барды да:

— Базаргүл! Сүйинши, сүйинши! Не екенин сүйиншимди мол етип берсең айтаман, сүйинши, сүйинши!—деди усти-устине.

Базаргүл сүйиншилеп, сурен салып киятырған Сәнемниң алдына жуўыра шықты.

Базаргүлдиң жеңгеси өжире төриндеги сандық үстинде турған қаршыннан қызыл шаршыны ала сала:

— Мине сүйиншиң!—деп оны Сәнемниң басына бүркеди.

— Тойында қайтсын!—деди Сәнем өзине берилген сүйиншиге кеўили толып.

— Қәне, енди айт!—деди олар екеўи бирден.

— Ораз ағамнан сизлерге хат келипти, мине әжағам сизлерге апарып бер, деп мени жиберди.

Ишине хат салынған лыпаны бириниң қолынан бири алып, Базаргүл Ораз келгеннен де бетер қуўанды. Бирақ лыпаның сырты кимниң атына жазылғанын оқый алмайды, хатта өзлерине не айтылғанын оқып



www.ziyouz.com kutubxonasi

билип алатуғын хат-сауат жоқ. „Әттегене-ай, ақ-қараны танығанымызда қандай жақсы болған болар еди“ деп әрман етти, хатты олай-былай аударғышлап.

— Бийкешлерим-ау!—деди Зийба қызларға—мынаның иши калыңғой ҳәр қайсымызга бир-бирден хат бар қусайды.

Зийба қолындагы хатты олай-булай аударғышлағаның қойды да, желимлеген жерин ләмлеп еплеп қаплаўышты ашты. Зийба лыпаның ишине бүклеп салынған еки қағазды әстен-ақырын суўырып алды да:

— Оны қайсы, солы қайсы, қудай билсин, кайсысы кимге екенин?--деди, өзине-өзи.

Хат жазылган қагаздың биреўи бир қолына бас жағын төмен қаратып, екинши хатты терисине қаратып екинши қолына услаған ол хатларды Қылышбайға оқытпақшы болды да Зийба еки қағазды бир қосып бүклеп шаршысын қыямайлап бүркенип, алып қоңсысы Қылышбайдың үйине қарай жөнелди.

* * *

— Кәйним! мынаны оқып бере гөр, мәрдикардағы ағаңнан келген қусайды,—деп Зийба қолындағы лыпаны узатты. Оны қолына алған Қылышбай лыпа ишиндеги хатларды биримлеп суўырып алды да көз ушынан шолып шықты. Зийбаға деген хаттың мазмунын—Ташкент—Самарқанд, Қазалы—Ақмешит қалаларынан келген жигитлер менен бир мәрдикар батальонда саў-саламат ислеп жүргенин, қоңсы-қобаларына айтқан сәлемин қысқаша түсиндирди де өзине тийисли хаттың да мазмунын айтып берип, хаттың Базаргүл ҳаққындағы сырын Зийбадан бүгип қалды. Зийба күйеўиниң аман-саўлығын билип қуўанды.

Өз-ара әңгимелесип отырған кемпир менен ғаррының көз тасасын алған Қылышбай өзине тийисли хатты



www.ziyouz.com kutubxonasi

тағы бир мәртебе оқығанда:—„Иним Қылышбай! Сени жанымнан артық көретуғынымды саған усы хатым менен тағы бир мәртебе баян етемен! Егер мәрдикарға илинбеген болсаң мениң үйиме көзиңниң қырын салғаныңды үзбегейсең, тул қалған үй екен деп, биреўлер әке-шешемди, кишең менен Базаргүлди басқыныи жүрмесин, егер сени де мәрдикарға жиберген болса, онда кимге сүйенемен, бир алладан басқа пушты-панам жоқ!" депти.

Хаттың ортарақ жерине келгенде Қылышбай мыйығын тартып күлимсиреди, және оқыды. Оның соңғы қатарларында былай депти:

— „Қылышбай! Саған еситкенимди де айтайын:— мәрдикарлар арасында Русс—Герман солдатлары бирбири менен урыспайтуғын болыпты мыс, олар қуралларын өз еллериниң патшасы менен байларына қарсы қарататуғын болыпты-мыс, деген сыпсың гәп-сөз көбейип кетти. „Большевик" деген шығыпты деседи, солдатлар арасында үгит жүргизип атырғанлар усы „Большевиклер" қусайды. Ондай болса бизлердей бийшаралардың да тилеги қабыл болып, басына бахыт қусы қонар еди-аў диймен! Илая аўмийин, ырас болғай! Бәримизде ўақыты хошлық пенен көрискеймиз! „Егер мәрдикарға кетпеген болсаң елдеги көрген-билгенлериңди айтып хат жазагөр! Жақсы ниййет пенен ағаңыз Ораз Мүсет улы".

Хатты ақырына шекем оқып болды да Қылышбай:

— Илайым айтқаның келсин, гедей-қаллашлардың көз жаслары қабыл болғай!—деди қуўанып.

## ЖИГИРМА БИРИНШИ БАП

— Ўаҳ умытқан екенмен, нәлет болғыр, Қылышбай деген гезенде неге айтқан күни келмеди, ол бузақыны



www.ziyouz.com kutubxonasi

көре ғойсам бир сазайын берейин!—деди бай местей қарнын көйлегиниң етеги менен желпип. Қылышбайға ашыўланған бай еле исип кеўип отыр, оның қасында басқа ҳеш ким жоқ. Суўық демин алып, қасындағы қалың пәр көпшикти гә оң, гә сол жағына қойып шығанақ тиреп жанбаслайды. Сол нәлетти көрсем деп қайта-қайта гижинеди.

Сол ўақытта Қылышбай кирип келип:—Бай аға кешириңиз, сиз айтқан күни келе алмадым,—деди ериксиз мыйық тартып. Көзи қандил жақтысына камасқан бай сәлем берген кисиге қандил қапталынан сығалап, келген адамның Қылышбай екенин билип:

— Ҳә, бузақы, мениң несийе—қарамды өндирмей, қумарға берип келдиң бе, бар екенсең ғой!... Ўәдеықрары жоқ жалатай, түўе—деди, Қылышбайға тәп берип.

— Сиз айтқан күни келе алмадым, бай аға, айып менде,—деди, ол байдың ашыўына селтең бермекши болып.

— Көзиме көринбе, шық дегенде шық жайдан! Мен сениң не ушын келмей жүргениңди жақсы билемен, сениң бе сениң, сен бузақының көзиңди жоймасам, ҳәддиңнен асқан екенсең!

— Не қылыппан?—деди Қылышбай.

— Қысқарт ийттиң баласы! Қысқарт дегенде қысқарт!—деди тағы да қаттырақ жекиринип бай.

Қылышбай байдың ақырып-бақырғанына сескенбеди. Бай әдепки айтқан сөзин тәкирарламақшы болған Қылышбайдың қасына ашыў керңеген геўдеси менен ғоддаслап жетип барды да оның бешпент жағасына жабысты. есик бетте турған Қылышбайды төр бетке қарай тартпақшы болып силкебергенде Қылышбай қолын бешпент жағасынан жаздырып еди, Омарбай жабадай шаппаты менен оның шеккесине берип жиберди, екинши рет



www.ziyouz.com kutubxonasi

умтылғанда Қылышбайдың қаймыққанынан бай өз нәтине өзи аўдарылып түсти. Тулыбына сыймай, алқымы тығылған бай бираз ўақытқа шекем исип-кеўип отырды. Әллен ўақта катты гүрсинип суўық демин алды. Есик бетте турған Қылышбай да арманырақ барып, өжирениң бир қапталына төселген гилемниң бир шетине дизерленип отырып алды.

Байдың қасы-қабағы үйнўли. Қылышбай бығырлатып, тепки астына алмақшы еди, бирақ Омарбай қолын қайыра силкип таслаған жигиттиң жағасына жабысыўға екиншиде батына алмады. Сонда да оннан ашыўын сөз бенен сөгип, балағатлап алмақшы болды.

— Әй, адам „жабайысы" сен маған қара, сен не деп келип отырсаң бул кәраға? Бетсиз...

— Өзиңиздиң шақырыўыңыз бойынша,—деди Қылышбай.

— Қәне онда сен питнеңни, бузақылығыңды қоясаң ба, ямаса жер асыртып сибирге айдатып жиберейин бе?

— Өл не дегениңиз?

Қылышбай Омарбайдың тили астында турған гәптиң нийисин сезген болса да ҳеш нәрсе билмеген болып, сыр бергиси келмеди.

— Ҳим, ҳеш нәрсе билмейтуғын адамға қараң? Сен бе ҳеш нәрсе билмейтуғын, „сумлықты алатана баслайды!" деп сениң билмегениң арғы дүньяда!

— Аўа, аға, дурыс айтасыз, еле көп нәрсени билмейтуғыным ырас.

— Ҳим! Айтаманда, адамлардың алдына түсип ақылгөйшилик етиўиң зор! Буншама неге жөгишилик етесең? Сениң менен сампылдасып отыратуғын ўақтым жоқ,—деди Омарбай сөзди қысқартпақшы болып.—Сен басыңның аман болыўын тилесең—питнешилигиңди қоясаң, егер қоймасаң бул жалғанны дүньяда жүремен



www.ziyouz.com kutubxonasi

дeп ойлама, көкке ушсаң аяғыңнан тартаман, жерге кирсең қулағыңнан!.,.

— Бул мәселени қыздың өзи шешеди, мени қәлейди екен маған, басқаны қәлейди екен басқа биреўге айтажағың сол ғой!

Байдың Қылышбайдан билгиси келип отырғаны да усы еди. Мәселе түсиникли еди. Ол қолға таяқ услатқандай етип дурысын айтып берди.

Шорта кесип айтылған сөз Омарбайдың жүрегине барып қадалған оқ, басына урылған шоқмардай болып тийди.

— Не дейди, мынаў! Ким менен ҳәл салысып турсаң өзиң, көзиңди ашып қара, ўай, гезенде, жалаңаяқ! Көзиңниң ети өскен екен сениң!

Жигит айтқанынан қайтпады.

— „Шешинген суўдан тайынбайды", бақтымызда не жазылған болса көре беремиз!

Байдың тула бойы оннан бетер жуўлады.

— Тарт тилиңди, ҳарамзада! Айбынбайтуғынын көрдиң бе?! Көтерил, бул жерлерде сени көзим көрмесин, енди қайтып заводымның босағасынан атлама! Қатты қәҳәрге минген бай Қылышбайға шыға-шыклап топылды.

— Шешинген суўдан тайынбайды! — деди тағы Қылышбай, изине қайрылып.

## ЖИГИРМА ЕКИНШИ БАП

Майданшадағы қурдың ишинде өткен жылғы ашаршылықта жабаннан қалаға посып келген, поскыншы каллашлардан қалада қалып қойған Бекан мерген. Қәлмен қақыраш, Турымбет көк көзлер де быйыл тағы да түскен қос-қос салғырт зарпына шыдамай, усы қурға араласқан еди.

Қурда өз-ара гаўырлы. Биреўлери әлле қандай бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

иске асығып турғандай сабырсызланады. Дөгерек көк шөплик, ҳаўа ашық, шыжғырған қуяштың ыссысы ҳалықлатып, ҳәўири ишке урады.

— „Бийдәўлетти түйениң үстинде ийт қабады“ деген ҳақыйқат бизлер болдық,—деди орта бойлы, жас орта болған, буўдай ирең, жука жүзли қоңыр сақаллы киси.—Кимимиз ҳәкимниң гәзебине ушырап, үйде жатып, кимимиз ең соңғы мал-мүлкимизди сатып салғырт бәлесинен қутылғанымызда елди ашаршылық апаты басты.

Сөз баслаған бул адам сөзин таўысар-таўыспастан мақуллаўшы излегендей қурдағыларға көз жүўыртты. Ҳә! дегенде сөзге ҳешким араласпады. Ол тамағын қырынып, сөзин даўам етпекши болғанда Қылышбай оның сөзин бөлип жиберди.

— Ашаршылық салғырт бәлеси сизлердиң сай-сүйеклериңизди қандай сырқыратқан болса,—деди ол,—завод байларының ғәзеби бизлердиң сизлерден де бес-бетер жети-жүйкемизден өтти. Тийисли ҳақымызды бермей, заводларынан шығарып жиберди, бала-шағамыз шубырып, тағы далада қалды. Байларға, қала ҳәкимине мың мәртебе арыз етсең де тыңламайды, олардың арызға қулақ салмайтуғынын бизлер де көрдик, салғырт бәлесинен азап шеккен жапакеш диййханлар да көрди. Сизлер менен бизлердиң басымызға түскен ғүл-пет Омарбай сыяқлы залымлардың, ел ҳәкимлериниң басына да түсетуғын күн узақ емес!...

— Туқым таппай, егин еге алмай қалғаным былай турсын, маңлайымдағы жалғыз саўыннымды сатып салғыртқа берип, мынаў жүриснм!—деди қаллашлардан биреў.

— Аўа, енди өлмеген немиз қалды!—деди тағы биреў.—Қаланың байлары менен ҳәкимлеринен теңлик жоқ, ендиги арзымызды ханның өзи тыңласын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен әўелги сөзимди тағы қайталап айтаман, арыз ҳәм хан ҳәкимлердиң алдына датқашы жибергеннен бир де пайда жоқ. Бирмиз басшы, ҳәммемиз қосшы болып, бирликте ҳәрекет етиўимиз керек. Ендиги шарамыз байлардан ҳақымызды да алыўды, ҳәкимлерден салғыртты қысқартыўды да ҳәммемиз бирликте талап етиўди даўам ете берейик, гәп сонда,—деди Қылышбай.—Ал мен болсам сизлер менен бирге алдыңызға түскеним-түскен! Хан алдына барыўдан да қорқатуғын мен емес, оны да бир көрейик!

— Аўа, бәрекелла, бизлер де соған қайылмыз, сениң айтқаның айткан болсын шырағым изиңе ериў жағы биз бенен,—деди рабочийлар да.

## ЖИГИРМА УШИНШИ БАП

Аршын мал, рыўзыгер затларын қаншама муқыятлы, писентли деп мақтаса да Омарбайдың гезмал дүкәнларында бүгинги қалада айтарлықтай саўда болмады. Айдынлы, дәрайылардың басы бузылмастан текшелерде турыпты. Күни менен мынаў шыттың аршыны неше пул? деп баҳасын сораўшы болмады. Омарбайдың басқа дуканларында да ужыпатлы саўда жоқ. Бурынырақ аўсық дәнин қала базарына әкелип салатуғын аўыл қалла шлары ендиги тапқан қара теңгесин гәллеге урыўға ҳәрекетленеди. Бүгинги саўданың көби гәлле базарында болып, гәллениң нырқы бул сапары анаў ўақыттағы қалалағыдан қымбатлап, гәлле саўдагерлериниң тағыда асығы алшылады. Ғәллеханаларында тышқан, қург-қумырысқа басын шрип атырған гәллесин бириң екиге қаратып, дәспе-дәс сатпақта.

Магазинлеринде бүгинги қалада саўда болмағаны Омарбайды қатты тәшиўишке салды. Қаланың басқа байларының магазинлерин, бәззазлардың дуканларын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы саўда-сатлық жағдайын сыртырақтан байқастырып та көрди. Бирақ оларда да бүгинги саўданың өзинше „базар сорпадан“ артпағанына көзи жетти. Ҳәр қала сайын пайдасы менен өзинен төрт-бес тилла пул алып туратуғын майда саўдагерлердиң де сәни жоқ.

Дүньякор байдың тула-бойын пүткиллей ашыў кернеди, қабағынан қар жаўды, ишин ийт тырнағандай болып, турған жеринде тақағы болмады.

— Мен сизлерге саўдаңыз болады, яки болмайды деп, базар саўдаңыздың болыўы-болмаўына пул бергеним жоқ!—деди жекирингп,—қайдан тапсаңлар-- соннан табыңлар, алған пулларыңызды дәрриў нәқлап, алақаныма саласызлар,—пайдасында қалдырмап, намазшамға дейин мәўлет! Егер кимде-ким соған шекем әкелип бермесе, ол меннен жақсылық көрмейди!—деди Омарбай.

Қарыздарлардың аяқ-қоллары дир-дир қалтырады, байға басқа гәп-сөз айта алмай, жан-жаққа тарқасып кетти. Омарбайдың қаладағы бәсекелеслери Мәтимбай ғана емес, жаңадан байып, ири байлардың қатарына қосылған таза бай деп аталған Мәдирейим, Шымбай, Ешимбай бег сыяқлы гез мал, саўда-салық байлары, Омарбайдың заводындай үлкен завод салыўды әрман етип жүрген Атаханбег сыяқлы ҳәр қалаға атлаў салып жүрген бәззаз байларда аз емес. Омарбай булардың ҳәммесинде: „күндес бәсекелеслерим, бир ўақытлары олардың ең ири баслыларын қандай жол менен болса да бир ҳийлесин тaўып, куртыўым керек, болмаса мениң саўдам оңбайды“, деген нәтийжеге келди.— Буннан былайғы исим сол болсын,—деди, өзине-өзи тәселле берип, ол. Әлбетте ең алды менен исим Мәтимбай менен болсын!...

Илгериректе Мәтимбай менен Базаргүл ҳаққында сөз алысқалы бери Омардың оның менен шени жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәтимбайда Мүсет шаршының қызын Пирлешиие келин етип түсиргиси келип, Базаргүлди Омарбайдың босағасына жолатпаў еди. Омардың қәсти-ғәрези қызды қалай болсада өзине ҳаял қылып алып, ғаррылық шағында, арыўдың қыпша белинен қушыў, тағы бир қайымында, еткенине еткеним, деп Мәтимбайдың заводына биреўлердиң қолы менен от түртиў қыялы да бар еди.

* * *

Қалың қара тал менен бүркелген ҳаўыз дөгерегиндеги сыпада буpқына писип көк чай ишип отырған Омарбайдың көзи бағдың күн батар қапталында атызларға төгин төгип жүрген жас жигитти шалып кетти.

— Өтеген, ҳа Өтеген!—деди дарылдаған даўысы менен оған,—бери келип кет балам!

Оның есигинде дийхан жүргели бери жыллы сөзин биринши сапар еситкен Өтеген төгин жайып жүрген белин жерге шаныпты да бай отырган сыпаға келип жетти. Оның менен сәлемлести де,—келдим дегендей еки аяғын тик басып, тигилип турды. Бай оның берген сәлемин „әлик" алып өзиниң қасына жақынырақ отырғызды, алдында турған чайнектен қуйып алған бир кеге көк чайды Өтегенге усынды, ҳал-жағдай сорасты.

— Япырмай!—деди жигит ишинен,—бай атамыз неғып инсапқа келип қала қойды, еллер тоқшылық болар!...

— Асымды ишип, нанымды көп жеп едиң, еткен исиңниң мини жоқ, баламдай көретуғын, қолыңнан ис келетуғын, ғошшақ жигит едиң, егер мынаў саған тапсырайын деп отырған жумысымды бәржай етсең, берген дузыма ырза болар едим, әлбетте, ол сениң қолыңнан келеди балам,—деди бай, күле шырай менен, Өтегенниң арқасынан қағып сөйлеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бай ата, қолдан келер жумыс болса, сизден аяр жаным барма! — деди.

Бай, ҳийлекерленип күлди де:

— Ҳеш бир қыйын нәрсе емес! — деди.

Не жумыс екен дегендей, Өтеген бир пәс индемей отырды. „неге сөзиме жуўап бермейсең," деп бай оны қыстастырган соң:

— Онда, айтыңыз! — деди Өтеген.

— Әне, қалас!—деди бай,—азаматлықтың белгиси! Мәтимбайдың заводы еле жүрип турыпты, пахтасы ада болмаған, көп усайды аў! — деди де, көмекейиниң түбинде турған сырды бирден айтпай иркилип турды.

— Сизиң заводыңызда не? — деп сорады оннан Өтеген.

— Бизиң заводта пахта қалган жоқ, рабочийларды шығарып жибергениме едеўир ўақыт болып қалды.

Өтеген муңайып, төмен қарады да көп бийшаралардың бала-шагасы қаңғырып қалған екен аў, — деди ишинен.

— Сонда да не айтқыңыз келеди? — деп сорады Өтеген.

— Жақсы, онда енди айтпасам болмады, — деди бай. Бирақ басқа ҳеш ким билмесин! Айтсам: барлығы тек бир ғана гүкирттиң ушында, тасада „тыз-з-з!" еткизесең де, ылақтырасаң да қоясаң, бәс тамам!...

— Түсинбедим. Өтеген ойланып қарады.

Омарбай орнынан қозғалды. Күлимсиреп Өтегениң ийнине қолын салды да:

— Мен айтқан жерге, киси көрмегенде от таслайсаң!

Бай бәшпентиниң кисесинен 6-7 онлық алтын шығарды да, оны алақанында шыңғырлатты. Өтегенди пулга қызықтырмақшы болды. Оган Өтеген ҳайран болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

байдың алдында турған пулға қарсы көзи астынан қарап қояды.

Бирден „палт" еттирсем, Өтегенди шоршытып алarман деген ой менен бай сөзин жуўасытып ара-тура қыз-келиншектен де гәп қозғап қойды. Бираз ғана ҳәзил сөздиң қабатында алтын реңли бадыя толы палаў малдаслап отырған байдың алдындағы дастурхан үстине қойылды, байдан тартынған Өтеген кетпекши болып орнынан қозғалмақшы еди, бай оған палаўға мирәт етти. Өтеген байға „алла жарылқасын" айтып кетпекши болып, тағы қозғалғанда, бай оның шапанының пешинен тартты. Бадыяға жақын диз бүктирди, жалғыз гүкирттиң тилсимин палаў жеп отырғанда айтып түсиндирмекши болды.

Дәстурхан басында екеўинен басқа ҳеш ким жоқ. Бай жан-жаққа көз таслады да мойны соррыйған шийшени өзиниң қапталына қойды, шайдан босаған кесениң ишин қол шаршы менен сүртип қапталындағы шийшеге жабысты. Тығынын ашпақшы болып, шийшениң түбин сол қолының алақанына еки-үш мәртебе „тырс-тырс" еткизип урды, тағы бир урғанда шийшениң тығыны зымп етип атылып кетти. Бай шийшени қыйсайтып, кесеге еңтергенде шийшениң алқымынан кесеге „лық" етип аққан тыңық, ақ суўға көзин айырмай, қарап турган Өтеген:

— Бай аға!—деди, шырайын шытып,—бул не нәрсе ийиси жаман ғой?

— Бул жанымның таптырмайтуғын даўасы! „Кәбатуллладағы" абызәмзем суўы", „мың жыл төсек тартып жатқан қаста муны таўып ишсе ғойса, дәрҳал шыпа табады, орнынан турып, жүрип кетеди бирак ол ҳәр кимниң қолына түсе бермейди, иштейинди ашып, кеўлиңди йошландырады, ишесең бе, берейин?" деди бай оны қызықтырып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Берсеңиз ишейин“ дегендей Омарбайға жылмыйып қарады Өтеген.

Бай арақ қуйылган кесени қолына алып, оны басына көтерди де, демин бир алып: аўзын шарпы менен сүртти, жабадай қолы менен бадьядан бир пэнже палаўды ала сала аўзына басты. Әри-бери шайнап жутар-жутпастан бир қолын тағы шийшеге созды, оның мойнын кесеге кыйсайтып, кесени толар-толмас қылды.

— Мэ мынаны сен иш дем алмай, бир жола симир бунық дэстүри солай болады;—деди, Өтегенге арақ қуйылған кесени берип.

Сумлығы басынан асқан бай Өтеген бийшараның басын шыргүбелек айландырып, сол жерде оның мойнына Мэтимбайдың заводына от бериўди илдирди хэм хеш кимге айтпаўға, тек жаңғыз өзи гана барып от қойыўға ант етирди. Мэслигинен пайдаланып, сол жерде тил хат жазды да оған бармақ бастырмақшы болды.

„Мениң не қылғаным ақмақ болма, бир гөрқаў ушын жаныңды отқа салма“ деди ишинен, „ойлап, өзиңниң ең жақын досларың менен ақыллас! Саған Омарбай не, Мэтимбай не, оның екеўи де халықты қан жылатқан дүньяхор гөрқаў!—деди де, элле қандай етип аўыр гүрсинди, бай оны қайтадан қыстастыра баслап, тил хатқа қол қойдырмақшы болып, хэр қыйлы муқамға дөнди. Өтеген қолына услаған тил хатқа бежирейип қарады да, оны дастурхан қасына қоя сала араққа мэс болған пишимде сыртқа шықты, соннан қайтып оралмады, бирақ бай Өтегенди қайтып ишке кирер деп ойлаған еди.

## ЖИГИРМА ТӨРТИНШИ БАП

Күнлерден бир күни, „қалаға ханның қыз аңлыўшы жасырын тыңшылары келипти, дузаққа илинген қыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларды алып кететуғын жәллатлар олар менен бирге келипти" деген хабар ҳәмменин қулағына сап етип, қала ҳәм жабан халықларын тәшўишке сала баслады. Әсиресе үйлеринде көзге түскен қызлары бар каллашлар ҳайран болды. Қыз излеген хан тыңшылары қайсы үйде сулыў қызлар бар екенин, ҳәтте олардың кимниң қызы екенинде бес бармағындай билип алып, хан жәлладларына ҳәр қыздың мақтаўын жеткерипти. Базаргүл деген қызды көрсеңиз арыўлықта дүньяда бир өзи шығар деп ойлайсаң, ойнақшыған қара көзлери, ақ бозлақ қырмызы дөнген жүзлерине нәзер таслағаныңызда бийҳуш болғаныңызды сезбей қаласыз. Қоя бериң, арыўдың-арыўыдағы — деди тыңшы кемпир.

Жәлладлар баслығына каладағы басқа адамлардың қызларының да мақтаўын жеткерип, олардың да көбисиниң үйлериниң бағдарын силтеди. Бирақ, жәлладлар баслығы исти алды менен мақтаўы жеткен Базаргүлден, оннан кейин басқалардан баслаўды тыңшыға түсиндирди.

Арқа сүйер таяныщы, туўысқан әжағасы Ораз үйинде болғанда, ямаса Қылышбай аўылында болғанда Базаргүл тап усы күнгидей қорғансыз калмас еди. Әттең! Көптен бери олардың екеўи де үйинде емес. Ораз болса тосаттан мәрдикарға кетип қалып қулағырда жүр, өзинен анда-санда хат келип турғаны болмаса, үйиниң ишинен хабарсыз. Қылышбай болса әкесиниң тапсырмасын бәржай етпекши болып, Бозатаўдағы ағайинлериниң аўылынан қайтып келмей атыр.

Мақтаўын жеткере берген соң ханның өз тыңшыларының бүгинги налы қасахана алды менен Мүсет шаршының үйине түсти.

Қызды көргеннен-ақ тыңшы кемпирлердиң жан иймаными от түсти. Келсең-кел, деген қыз екен дести ишинен. Қыздың көзиниң тасасын ала кемпирлер бир-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бири менен ымласты. Базаргүл оны кәпелимде сезбей қалды. Көп узамай тыншы кемпирдиң биреўи сыртқа шығып кетти де, көзден ғайып болды, екинши кемпир Базаргүлди сөзге айландырған болып, оның қасында отырып қалды. Кемпирлер ортасындағы сырлы „ым" сумлықлы. Ол үйден шығып ғайып болған кемпирге, қыздың қасында қалған кемпирдиң: „сен жәлладларға хабар ет, мында тез жетип келсин!" деген ишарасы еди.

Бийшара Базаргүл ҳеш нәрседен хабарсыз, қозағын тоқыўға кирискенде де тыңшы кемпир оның қапталынан қалмады. Қыздың жеңгеси үй машқаласы менен тыншы кемпирлердиң ким екенин абайламады.

Базаргүл қозақтың сазғабы енликше түбине үш-төрт мәртебе қағылғанда мәкидеги найшаның жиби таўсылды. Базаргүл қапталындағы найша салынған кишкене нақал дүўдеппен жипти найшаның биреўин алып, мәкиге салып атырғанда шарбақта әлле неткен жат еркек адамлардың даўысы шықты. Сол ўақытта тыншы кемпир де шарбақ бетке қарай зып берди. Базаргүл қозақтан шықты да кемпирдиң изинала айўанның шарбаққа шығатуғын қапысына жақын келип қапыдан шығар-шықпас болып, шарбаққа нәзер таслаған еди, жаңағы тыңшы кемпир менен бирге әйўанға бет алып киятырған сүрбет адамларға көзи түсип, қозақ бетке шегинемен дегенше әйўанға кирип келген жәлладларға баяғы кемпир:

— Мынаў, сизге хабар етилген қыздың өзи! — деди.

Бийшара қыз ҳайран болып, ҳаўлыққаннан қозақ бетке шегинип еди, жәлладлар оған аңға шапқан арысландай тәп берди. Еки жаллад қыздың қолына жабысты. Қыз жәлладлардың қолынан жаздырылмақшы болып, әри-бери жулқынды, жәлладлар оны шарбаққа қарай арқасынан ийтергишлеп еди, жан ҳәўлетинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

туўлаған қыздың ўай ўай, аға апа!!! деген ашшы даўысы шыңғырды.

* * *

Қыздың аўызы шаршы менен тығыўлы болғанлықтан оннан шығатуғын үн жоқ. Тек мөлдиреген көзлериниң жасы ғана сорғалайды. Есин жиямап дегенше, жәлладлар биийкешине жармасып атырған келиншекти ҳәр қайсы ҳәр жақтан тартқышлады да зордан дегенде қолларын ажыратқан болып еди, қайтама келиншек ашыў қәҳәри менен қызды есиктен шығармақшы болып атырған жәлладлардың қолларына жабысты.

— Жибер! жибер дегенде — жибер, биийкешимди жаўызлар! Өлим-өлим бир өлим, қолларыңызда айқасып өлейин! Мени өлтирмей турып, биийкешимди алып кетеалмайсыз. Испандияр ханың менен қосып аўызларыңызға!... Сизлердиң!...

Әйўан жайда шаўқым бурынғыдан да күшейип кетти. Жәлладлар қолларына жабысып шаўлап атырған келиншекти ийтергишлеп, биреўи оның көкирегине жудырығы менен түйип жибергени сол, бийшара келиншек шашлары дуўдарланыўы менен шалқасына қулады, орнынан тура сала тағы жармасып атырғанда айўан жайдың дөгерегин тазаламақшы болып айўан есигине жақын келип қалған қайнағасы сойқанның үстинен шықты. Жәлладлар менен айқасып, шыр-пыр болып атырған келинине көзи түсти де:

— Ҳей, атаңа нәлетлер, бул не деген залымлық, тарт қолыңды, нашарды ҳәлеклеме тарт дегенде тарт!!! Қатты қәҳәрли ыза менен бақырды. Жәлладлар айбынбады, бирақ ол қолындағы ағаш айыры менен айқасып атырған биреўин қойып қалды, жәлладтың көзи тынып, есеңкиреп турғанда оған басқа жәлладлар қамшы алып умтылды. Келиншектиң қайнағасы да үсти-үстине



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаўған қамшыдан тегинликте айбынбай, олар камшыласа, ол айры менен дус келгенин қойып қалады. Аяқ-қолы матаўлы бийшара Базаргүл әйўан есигине жакын жерде кара көзлериниң жасы сел-сел ағып, телмирнўи менен еле зар еңиреп жатыр.

Ала тасырлыда әйўаннан шыға жөнелген тыңшы кемпирлер жәлладлар баслығына Базаргүлдиң үйинде болып атырған саўашты жеткерди.

Бийшара Сейтнияз ҳаммал Базаргүлди ийтергишлип атырған жәллалдардың қолына асылды.

— Геллең геўдеңде турғанда тарт қолыңды!—деди, Сейтнияз жәлладларға.

— Ҳаў ешек, сени үш ағаш тартып келдиме!—деди жәлладлар абай етип.

Ғарры тайсалмады, Жәлладлар: „Мине, саған!" деп оған үсти-үстине еки-үш қамшы урғаны сол, Базаргүлдиң әкеси де саўашқа келип жетти.

Уллы дүрсилди, шаўкым-сүрен, шарбақты басына көтерген сайын көтерди. Көше есиги алдында ат туяқлары тасырлайды. Ол Мүсет шаршының үйинде болып атырған сумлықлы ҳәдийсени басыўға келген кала ҳәкими пашшапларының есик алдында тоқтаған ат туяқларының топырлысы еди.

Пашшаплар жәлладлар менен кыран-пышак болып алысып атырған Мүсетке, оның иниси менен Сейтнияз ғаррыға топылды, оларды жабыла сабап, төрги жайға апарып тықты да, өжирениң капысын бәнтлеп, шарбақтағы қалайықты сыртқа қуўып шығарды, олардың өршелескенлерин ат алдына салып, ҳәр қайсысы ҳәр жаққа тоз-тоз етип атырған жәлладлар менен пашшаплардың қолынан жырылған Мүсеттиң иниси Базаргүл жатырған бүркеўли арбаға жабысты, жәлладлар менен қалайық ортасында көтерилген ызалы шаўқым сүрен қайтадан күшейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүркеўли арба үстиндеги жан базары саўашта Мүсеттиң иниси Базаргүлдиң матаўлы қолынан жаздырып үлгерген заматта жәлладлар да үлгерди. Базаргүлде бир жәлладтың қолына жабысты. Өзи менен арпалысып атырған жәлладтың қолын шайнап таслады. Сол ўақытта қала ҳәкиминиң паншаплары да ханның жәлладларына болысып, Базаргүлдиң топарына жаңадан ат қойды. Тумлы-тустан қамап алып, жәлладлар Базаргүлдиң қол-аяғын қайтадан матады да, оны бүркеўли арбаға шандып таслады. Тула бойын ыза кернеген Базаргүлдиң көзлеринде ғәзеп оты жаңадан тутанған сайын тутанып:

— Қәдирдан ата-анам, берген ақ сүтиңе ырза бол, басыма түскен зулымлыққа көнбеймен, тири болсам бир жерлерден шығарман! Мен ғәрибиңизди умытпаңлар! Қайдасаң Кылышбай, усы саўашта болмағанына әрманлыман, мени сүйгениң ырас болса мениң изиммнен тез келип жеткейсең!...

Жәлладлардың қатты тарпыўына ушыраған Базаргүл топары жәлладлардан айбыныўға мәжбүр болды, жәлладлар бүркеўли арбаны қоршап, жолға түскенде Базаргүлдиң әке-шешеси көзлеринен жас төгип зар еңирегенде көше әтирапының пукаралары да оларға ызалы үн қосты, бул үн көшеде көтерилген дүбелей топалаңына араласып кетти.

* * *

Ешейинде жүзи гүл-гүл денип жайнап-жаснап, жүретуғын Сәнемниң сурғылтланған жүзине көзи түскен Қылышбай:

— Апа, буне, қызыңа не болды, әлле сырқасланып жүр ме, көзиме азып қалғандай гой! — деди әжепсинип.

Сәнемниң бес-алты күннен бери мәниси қашып жүр,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Базаргүл қоллы болғанға ма, әйтеўир дым қапа деди де, кемпир ўақыяның төркинин гүмилжиге салып, Базаргүлди жәлладлар алып кетти деген сөзди айтыўға тили бармады.

— Сәнем аныгын сен түсиндирши маған!—деди ол.

Өзи тығылып турған Сәнем бирден еңиреп жиберди.

— Базаргүлден айрылып қалдың, залымның дузағына түсти!...

Қылышбай отырған жеринде қатты сескенип кетти.

— Недейсең, қайсы залымның? Омарбайдың ба, Мәтим, Пирлештиң бе?

— Жақ, олардың емес, бирақ солардан келген бәле шығар деп ойлайман. Сәнем енди солығын басыңқырап кәддин жыйнады:

— Хан залымның дузағына түсип кетти.

## ЖИГИРМА БЕСИНШИ БАП

Хан сарайына елдиң шар әтирапынан тартып алынған арыўлар қасына жаңадан-жаңа гөззаллар әкелинип атыр. Қызлардың ендиги мәканы кәнийзеклер сарайы. Олардың көзине зийнетли зал мисли, жәлладлардың жан алатуғын саллақханасындай болып көринеди.

Жүзлери лаладай, бадам қабақ, жуқка додақ, қыйылған қаслары астындағы ништер кирпик, қара көзлери нәзер таслағанда кимди болса да жүрегинде ышқы отын лаўлататуғын арыўлар торға түскен торғайдай болып жатырыпты. Кимлери бала-шағаның ийгилигин көрме, казанында қан қайнасын, бизлердиң басымызға түскен мүсибет сизлердиң басларыңызға, ул ҳәм қызларыңыздың басларына бес бетер болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

түскей“ деп елиниң байлары менен ҳәкимлерин қарғап еңирейди.

Кәнийзеклердиң саны еле қырық адамға жеткен жоқ. Ҳәзиринше ҳәр ҳәптеде бир-еки қыз келип тур. Кәнийзеклердиң биреўлери еки қолын жағына таяныў менен отыр, сөзге де араласпайды. Жылай-жылай гейпараларының еки көзи қызарып, көз қабақлары исип кеткен, жүзлери солғын, бетлеринде дөнген қып-қызыл алмалықтың жуқа сүлдери ғана қалған.

„Ўаҳ! Бизлердей талай бақты қаралар дузаққа түседи екен ғой“ деседи биреўлери, сарайдағы көп қызларды көрип.

Базаргүл курдаслары менен бирге отырған сарай залының пәтиклерине, оның дийўалына, пәтигине салынған әжайып нағысларға көз жиберди. Сол ўақытта залдың қақ ортасындағы жарқырап турған хрусталь люстраның жарығы еки үш минутқа гиреўкеленип турды. Гүл-гүл жайнаған жүзлери хрусталь нурына шағылысқан арыўлар да өзлериниң қайғыларын, люстраның гүңгиртленген сарғыш нурына қоса муңайды.

Сарайға ҳәзирше соңғы әкелинген Базаргүл, ол еле кәнийзеклер сарайындағы „Қырық қыз“ ҳаўызындағы болып өтип атырған сумлықлы бәзимлерди көрген жоқ. Сарайдағы бурын әкелинген қурдас қызлары оған ҳәдийселерди айтып берейин десе жүреги даўамайды. „Нәўбетинде бақытынан көрердағы“ деп қояды.

Хожели, Қыпшақ, Гүрлен, Маңғыт әтирапынан алып келинген қызлар келиўден-ақ Базаргүлге үйирсек болып алды. Ол сөзинен ара-тура иркилип қалғанда, „айта бер апа, „қара суў қара көрим жерге алып барады“ деген қулағымыз сенде“ деседи.

— Ал, қызлар кимиңиз апам, кимиңиз сиңлим, киминң қурдасым шығарсызлар! —деди Базаргүл, бәримиздиң басымызға түсип отырған қанлы мүсийбет хан ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

ел бийлериниң пақыр-пуқараларға етип отырған зулымлығы! Қара геллем бул залымлыққа көнбеймен! Усы қараң қалғыр сарайда талай-талай апаларым, Шасәнем, Зылыйха яңлы сиңли ҳәм курдасларым ҳақ жолында жан бергенин көрмесем де еситкенмен. Жанымнан тойдым, енди маған өлим қорқынышлы емес, бул саллақханада жанынан кешкен мәрт арыўлардың бас ушларында мәңги шырақ жансын! Кимде-ким булманда тәниме қара пәнжесин урмақшы болса, зорлыққа көнбеген арыўлардың бири болып сүйген ярымның садақасы болып мениң де қыршын жаным қыйылсын!...

Кәнийзеклер бираз ўаққа шекем муңайып қамсықты, көзлеринен аққан жас тамшылары бет алмалықлары үстинен соргалап кетти.

## ЖИГИРМА АЛТЫНШЫ БАП

Қылышбай Хийўаға келгенде қаланың ортасынан ағып турған Палўанжап көпири қасындағы чайпурышханаға тоқтап, сонда қоныс басты. Чайпурышхана Хийўа көшелерине өтетуғын, ҳәтте, ханның Европа жайлары үлгиси менен салынған Нуруллабай сарайына баратуғын жол ашаларының түйини еди. Чайпурышхананың жазғы сыпаларында чай ишип отырған миймanлар Мухаммед баҳадурхананың тусында салынған шонтық минарды, өрген гербиш дийўалы ушына шекем көк сыр менен сырланған Исламхожа мешитиниң минарын көз ушынан тамаша қылар еди.

Бирақ Қылышбай, Хожан ҳәм Хожабайларға ол минарлардың ҳеш қайсысы да қызықлы емес. Өйткени, олар руссият қалаларында рус байларының хызметинде жүргенинде неше түрли әлўан-алўан ғайры нағыслы жайлардың талайын көрген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Чайхана ортасындағы нәрўан гүжимде салбырап турған қәпеслерде арман-берман ушып-қонып сайраған бөденелердиң, кешки сайраған бүлбиллердиң мұңлы ҳаўазлары жигитлерди тынышсызландырды. ,,Базаргүл бийшара да усы бөденелердей болып тор ишинде тыпыршынатуғын шығар" деген ой Қылышбайдың көзи алдында елеслейди. Сол ўақытта чайхана қасындағы көпирден өтип баратырған Розымет деген досты Хожанды көзи шалып қалды да, қушақлап алды. Қылышбай да қуўанғанынан бундайда тәўир болар ма. ,,аўҳалдың шет-шебирин билетуғын болдық", деди.

— Розымет Хийўа қаласында туўып өскен, өнермент мыскердиң баласы. Ол, Оренбург темир жолында Хожан менен бир неше жыл рабочий болып ислеген. Хийўа қаласының барлық қуўыс қолтығын, ҳәтте хан сарайындағы қәнийзеклер туратуғын залдың қайда екенинде биледи, деди. Хожан Розыметти Қылышбайлар менен таныстырып. Дос-яр дегенде жанын аямайтуғын ғошшақ жигит, мениң ҳақыйқат достым,—деди сөзин тәкирарлап.

Қәпелимде бир-бири менен ушырасып қалған дослар қушақласып қол алысып қуўанысып қалды.

— О-ҳо-ҳо-о! сизлерди,—деди Розымет ҳәзиллеп, —бул жерге қандай даўыл әкелип таслады?!

— Татажақ дуз айдап алып келди.—Булар да күлисти. Розымет көп иркилип отырмады. Жигитлерди қыстастырды да өзиниң үйине мирәт қылды.

— Кәмбағал болсақ та үй-жайымыз, кеўилимиз кең, шүкир, сизлерди мийман қылғандай қәрежет табылады,—деди ол.

Розыметтиң шын кеўили менен мирәт еткен миймандаршылығын сезген Қылышбайлар чайпурышхананың сыпасындағы отырыспасын токтатып. Қошадәрўаза көшесиндеги Розыметтиң үйине келип ўақтынша



www.ziyouz.com kutubxonasi

қос басты. Миймānлар Розыметтиң ҳәўлиси ишиндеги миймānхананың алдынлағы нәрўан гүжимниң астына салынған сыпада жайыўлы турған тақыр гилемниң үстине дизбеклеп төселген көрпешелерге отырмақшы болып, дизелерин бүккенде, жаз қуяшының күн узаққа созылған нурын кешки ымырт қаплады.

Розымет миймān жигитлерине бар қонақ асы менен еки аяғынан тик турып хызмет етти. Оларға арнап қой соймаған менен хийўа-дәстүрине алды менен қырмыш бөрек, оннан кейин гөш бөрек писирип жегизгени менен кеўили кеншимеди. Бәрре қой гөши салып писирилген бадыя-бадыя палаўды да бириниң изинен бири дәстүрхан дөгерегинде отырған жигитлердиң алдына қойды.

— Сизлердиң дәстүриңизше қой сойып, алдыңызға бас коя алмадық, азы-кем дәстүримизди еттик, өкпелемеңлер досларым!—деди, аўқаттан кейин Розымет, еткен хызметине ырза болынқырамаған пишинде.

— Атаңа рахмет, буннан артық хызмет бола ма?—деди миймān жигитлер, Розымет миннетдар болып.

Аўқаттан кейинги чай жигитлер арасындағы гүрринди бир пәс тоқтатып қойды. Сыпа үсти тым-тырыс, гүжим шақаларына қонақлаған майда-шүйде куслардың анда-санда тысырлағаны еситиледи. Қуптан аўды, қоңсы үйлердиң гейпараларындағы шыра жақтысы узақтан гүңгиртленип көринеди.

Алдында турган чайнектен қуйған соңғы кесе чайды бир қаптал отырған Розыметке усынған Хожан:

— „Түн ғәриптики“ деген, бүгинги күни уйқыңды бизлер ушын кешессең, енди бизлерден ҳақыйқатлап жол босын сора достым,—деди оған қарап.—Сениң бизлерге табылып үйиңе миймān болып отырғанымызға төбемиз көкке тийип, қуўанғанымыздан саған қайта-қайта ырза болып отырмыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳе, жоралар! Сизлердиң ўактыңыз хош болған болса, мениң де кеўлим хош болып қалды,—деди Розымет, күле шырай менен—уйқы қайда барар дейсең, қәне онда жол болсын сораганымыз, қулағым сизлерде.

Розымет қолындағы чайын ишип болған кесени Хожанға узатып, жайғасып отырып алды. Қолындағы кесени чайнектиң қасына тық еткизип қойған Хожан Қылышбайға нәзер таслап, „қәне, сөзиңди басла“ деп ишара етти, мақул емес пе, дегендей Хожанға да қарап қойды.

— „Айран сорап келген адам ыдысын жасырмайды“—деди Хожабай, салдамлы пишинде.

Буннан кейин Қылышбай сөз баслады:

— Елимизде суўымыз кем болып, кептен бери ашаршылық пухараның ўайранын шығарды. Байлардың қысыўмети, қаламыздағы ҳәкимлердиң зулымлығы жети жүйкемизден өтип баратыр. Оның үстине жыл сайынғы салынып атырған аўыр салғыртлар да болар емес, биреўинен қутыла алмаған пақыр-пухараларға екиншиси салынады, қаламыздағы завод жүргизип атырған байлар өзлериниң заводларындағы рабочийларына ҳақыларын бермей, бала-шағаларын тентиретип ҳақысын талап еткенлерин жумыстан шығарып қуўып жиберди.

Сол байлардан азап көрген рабочийлардың бири—өзим! Мине, мен ҳәм мениң мынаў жолдасларым болып, Қоңырат ҳәкими сорамындағы ашаршылық басына түскен қаллашлар атынан пақыр-пухараларының көз жасын көрер, оларға рәҳийми келер деген үмит пенен хан алдына кирип, арыз етиўге келдик, буны сизге ойласық етип айтып атырман,—деди Қылышбай.

Ханның жасаўыллары көшемиздиң қызын да зорлап



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып кетти. Сол қызды ҳәзир елден тартып алып келинген кырық кәнийзектиң арасында деп еситтик. Биз ол қыздың да ҳал-жайын билип, қолайын тапсақ оған жолықсақ деймиз, ебин тапсақ ол қызды хан сарайынан алып қашсақ та деймиз. Бизиң Хийўаңызға келгендеги даў-жырымыз усындай Розымет жан!

Арыз жөнинде беретуғын не мәсләҳәтиң бар, хан сарайында темир кәпесте туншығып атырған қоңсы қызымызды көриўимиз ушын беретуғын не көмегиң бар? Усыларды сизге айтыўды, жәрдем сораўды мақул көрип ойласып отырмыз.

Сөздиң ахырын күткен Розымет, Қылышбайға тигилип қарап отырды. Бирақ Қылышбай уялып қызды сүйгенин ашық айтқысы келмеди.

— Пақыр-пухаралардың алдына әпайы адам түсе ме? Хан алдына мүшкил не пенен келген екенбиз—геллеңди гиреўге қоясаң, соған бел байлағанда ғана мүшкилиң оңына баслайды, я насырға шабады, екеўиниң биреўин ығбалыңнан көресең,—деди Хожабай.

— Хожабай! – деди Қылышбай, – бизиң бул жердеги мақсетимиз не? Бәрнеле кайыл болып келгенимиз жоқ па? Хожабай иркилип қалды. Досларының сапар етип келген исиниң ҳақыйқаттан да мүшкил екенин сезген Розымет ишинен билипер-билипбес гүрсинип қойды да;

— Елге түскен аўыр салғырттан, кәнизек етип тартып әкелинген қызларының изинен ханға наразы болып, арыз етиўге келген талай-талай бийшаралар зар жылап кетти. Ханның жасаўыллары арызға келген олардың ҳеш биреўин де хан алдына жибермей урып-сабап, сарайдың дәрўазасына да жақын келтирмей қуўып жиберди. Сизлердиң де хан алдына кириўиңиз қалай болар екен, ҳәй, қайдан билейин, бирақ өзлериңизге де сақ бола гөриң,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Енди қалай болар екен“ дегендей миймаи жигитлер бир пәс ойланып қалды. Бирақ, Қылышбай хан сарайына кирермен деген үмитин еле үзген жоқ. Ҳақыйқатында елдиң тумлы-тусынан дүркин-дүркин келип-кетип атырған датқашылардың наразылығынан сескенген хан өз сарайының дөгереклерин сақшылар менен бәнтлеп қойған еди. Бирақ, Нурыллабай деп аталған сарайдың алма, жүзим бағларының ең төрги арқа жақ дийўалы сақшылардан саўалаў еди. Буны Розымет бурыннан сезер еди.

— Хан сарайы сәтир екен деп, аўызымызды қуў шөп пенен сүртип кете беремиз бе? Ақылласып, хан сарайына кириў жолын табыўымыз керек,—деди Қылышбай. Гәпти жигитлердиң ортасына таслап. Сол ўақытта Хожан сөзге араласты.

— Хан сарайына жүртты гезген қәлендерлерди жибермейме екен?

Сол ўақытта хан сарайының дәрўазасы алдында көргенлери есине түскен Розымет бир пикирди ойына түсирди. Ханның ҳәм хан ўәзирлериниң ҳаяллары әдетте, ағайинлериниң үйлерине қыдырыспаға баражақ болса пәренже бүркенип сарайдан сыртқа кирип-шығатуғын әдети бар. Усындай пәренже бүркенген ҳаялларды пәренжесине қарап, оларды сарай дәрўазасында турған қараўыл-жасаўыллар онша ирке бермей ишкериге жиберип те қояды.

— Сарайға қәлендер болмаған менен „ҳаял“ болып киретуғын бир рети бар,—деди дәрриў ортақласып. Ҳәмме буған қулақ түрди.—Былай болсын: әпиўайы ҳаял кийими емес, ханның хатынлары кийетуғын әмирқаны мәси-геўиш, олардың бүркенетуғын миссек—пәренжесин табыў керек. Оңынан келсе хан сарайына кирермиз деген үмитим бар. Ал кийимлерди шапан базарынан табыўға болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул пикир жигитлердиң ҳәммесине мақул түсти.

* * *

Шаңқай түсте, қалың гүжим шақасының арасында сайраған бүлбилдиң ҳаўазы гүжимди саялап отырған жигитлердиң шаршағанын умыттырды.

— Мениң ушын да, досларымның кеўили ушын да сайра жаныўар! Сайра!,—деди Розымет, хошрейли пишинде.

— „Иншалла“ жолымыз болады екен, деди Хожан,— досларының кеўилин алмақшы болып,—мынаў, жаныўардың йошланыўына қара!...

— Ендиги тамашаны өзлеримиз ислеп көрейик, қалай болар екен,—деди Розымет, мийман жигитлерге қарап,—бул тамаша бәринен де қызық болады.

— Ол қандай тамаша екен?—деп жигитлердиң биреўлери мыйық тартты. Әлле, бизлерге ойнатып бериў ушын масқарапаз шақырған шығар деп ойлады. Қылышбайдың ойы базардан сатып әкелинген кийимлерде бир кәрамат бар шығар деген пикирге кетти.

Ис Қылышбайдың ойындай болып шықты. „Ендиги тамашаны өзлеримиз ислеймиз“—деген Розымет дәрҳал гүжимге қарсы турған өжиреден миссеклерди алып шығып, жигитлер отырған сыпаға қойды да:

— Әне, тамашаның бәри усы миссеклердиң ишинде,—деди ол, ўаҳаҳалап күлип, оған қосыла мийман жигитлер де күлисти.

Розымет миссеклердиң екеўин еки жерге қойып:— Енди тамашаны баслай бериўге болады,—деди.

— Ҳаў, мынаў нәрселердиң ишинде тамаша нәрсе көринбейди ғой,—деди Хожабай өзине қарсы қарап отырған Розыметке.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Розымет мырс етип күлди де:

— Сыпадан түсип, мениң қасыма келиң, тамашаны сизден баслаймыз,—деди оған.

Хожабай үй ийесиниң сөзин сындырмай, сыпадан түсип, Розыметтиң қасына келди.

— Мә, мәсини аяғыңызға кийиң, оннан соң миссекти басыңызға бүркениң, елекшени басыңыздан төмен түсириң, оның менен бетиңизди каплаң,—деди Хожабайға, бир жуп мәси-геўишти, алдында турған миссектиң биреўин қолына услатып.

Қолындағы пәренжени бир капталына қойған Хожабай отырған жеринде аяғындағы етиклерин шешти, бир қат шүберек шылғаў менен аяғына тартқан мәсиниң екеўи де аяқларына шап-шақ болды, геўишлерде дегендей болып шықты. Аяқларын олай-булай басып көрип, пәренжени бүркенбекши болып, қолына алғанда күлип жиберди.

— Заңғарлар, кубыжығымды шығарып, басқыламақшы болып отырсызлар-а!—деди де және күлди.

Мәси-гәўишти аяғына кийип алған Хожабай отырған орнынан тик турып, узын жипек миссектиң ишинен төмен түсирип, елекше менен бетин қаплады.

— Әне, қалас! Тап, ханның елтисине жаңа усадың, Испандиярдың қасына бара ғойсаң, сени дәрҳал қушақлай алатуғын елтиси болдың да турдың!...

Жигитлердиң ўаҳаҳасы сыпаны жаңадан басына көтерди.

— Қәне, енди олай-булай жүрип, усылыңды көрсет, адымыңды қалай атлар екенсең, көрейик!,—деди жигитлер.

Хожабай адымын тезирек атлап еди, бөкселери бултаңлай баслады. Сол ўақытта Розымет оған қалай адым атлаў кереклигин үйреткен болды, бирақ, Хожа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бай кейўаны ҳаяллардың кербазлық адымын келистире алмады.

Екинши пәренжени Розыметтиң өзи кийип алды да, хан сарайына кирип-шығып жүрген кейўаны ҳаяллардың жүргениндей етип, адымларын назланып, ғаз-ғаз басып жүрип көрсетти.

— Сарайға киргенде аяқты усылайынша басыў керек,—деди, жигитлерге.

Ендиги гезек Қылышбайдың гезеги. Бағанадан бери Хожабай менен Розыметтиң жүрис-турысына нәзер салып отырған Қылышбай өз гезегинде пәренжеге оранды да аяқларын наз-наз басып, олай-былай Розымет айтқан кейўаны ҳаялларша жүре баслаған еди, Розымет қуўанғанынан: Қылышбайдың жүрис-турысына тәсийин қалып, бирден шақалақлап күлип жиберди.

— Жарайсаң, достым!—деди Розымет, Қылышбайдың ийнинен қағып.

Пәренжениң таярлығы тамам болды. Ендиги мәселе кимниң пәренже салып, хан сарайына кириўи ҳаққында болды.

— Гәптиң болар жерин айтсам,—деди Қылышбай,— сарайға мен тәўекел етемен, мениң менен ким барады?—деп сорады, жигитлерден.

— Мен!—деди Розымет.

Ертеңине хан сарайына пәренже кийип, Қылышбай менен Розымет кириўге бел байлады. Басқа жигитлер оларды аңлып жүриўге ырза болды. Әри-бери отырыспадан кейин жигитлер көшеге шықты. Узақтан хан сарайының әтирапына көз жиберди. Биреўлерден; хан датқашыларды қабыл етпейди-миш, деген сыпсың гәпсөз еситип келген Қылышбай:—мейли хан арзымызды тыңлай ма, тыңламай ма, сарайдың ишине кирип алса, не қыларын дәкенниң өзи биледи,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИГИРМА ЖЕТИНШИ БАП

Бүгин хан сарайының алдында арыз етиўге келген датқашылар көринбеди.

Түс аўа Қылышбайлар хан сарайының алдынан екинши мәртебе хабар алыўға киятырғанда пәренже бүркенген еки-үш ҳаялдың, сарай дәрўазасынан кирип баратырғанын көзи шалып қалды. Жақынырақ келе бергенде ҳәўли ишинен әлле қандай сыңсыған жағымсыз ҳаял даўыслары еситилди, ол гейде үдеп, гейде басылыңқырайды.

Сарай дөгерегине жақын келген сайын сарай ишинде болған ҳәдийсени аңғарыў мүмкиншилиги болып қалды. Тағы бир пәстен кейин пәренже жамылған еки-үш ҳаял, беглер сыпатында кийинген бир нешше еркек адам ҳаялларға араласа сарай ишине кирип кетти. Сол мәҳәлде сарайда сыңсыған ҳаял даўыслары анығырақ болып еситилди.

Бул аўҳалға әжепсинген Қылышбайлардың еки көзи еле дәрўаза бетте.

— Сарайда неде болса бир сумлық бар, тегин сыңсыў емес,—деседи, биреўи екиншисиниң қулағына сыбырлап, бәлким иште ханзадалардың биреўлерине апат дарыған шығар, ким биледи?!

Арадан азғантай ўақыт өтпей-ақ сарайға жақын көшеде, тамлардың қуўыс-қолтықларында адамлардың дүбирлиси еситилип атыр. Ҳәр ким қасындағы адам менен әстен ғана сөйлеседи.

Бул не қылған дүбирли, не сыңсыў? Қылышбайларға ҳәдийсе еле түсиниксиз.

Сыбыр-сыбыр, сыңсың. Бир мәҳәлде Қылышбайларға жақынырақ турған үш-төрт киси бирден қатты-қатты сөз алысты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— „Испандияр кудайдан тауыпты, халыкка берген азап-ақырети басына жетипти!“—деди, олардың биреўи.

— Жап, аўзыңды! Не деп турсаң өзиң? Гелленнен ажырасқың келеме?—деди қасында турған адамлар.

— Ҳәзир мени үш ағашқа астырса да айтқаным! Сарайға белгисиз кирген еки киси жаңа бир ҳәзирде Испандиярды сарайдың сыпасында отырған жеринде сойып кетипти,—деп еситтим! Несин жасырыў керек!—деди ол, тағы қатты даўысқа салып.

— Ҳе-е-е!! Не деген сумлық! Ханды сойып кетипти дейме?! Дөгеректе турған адамлар шуў ете қалды. Сол ўақытта ол адам әлле қайда „зып“ берди. Бул орта денели, қарапәрең, шоқ сақал адамды Розымет сыртынан таның қалды да, мийман жигитлерине:

— Атабай деген киси, хан оның туўысқан ағасын Исламхожаның пиитнесине қатнастың деп айыплап, дарға астырған еди. Испандиярдың гелле болғанын қуўанғанынан айта сала бийшара ғайып болды,—деди Розымет, әсген сөйлеп.

— Анаў адам кайда кетти? Қандай аўызлы, ләўжүрек өзи?—деди жабырласып, адамлар.

Сарай ишине кирип-шығып жүргенлер кем-кемнен көбеймесе азаяр емес, алапасырлы.

— Жүрицлер үйге кеттик, сарайдың ишине киретуғын пайыт келди бундай пасырлы жақсы болады. Кимниң кирип, кимниң шығып жүргенин ҳеш ким сезбей қалады,—деди Розымет жигитлерге.

Ҳақыйқатында да сарайдың иши пасырық. Ханның өз үйинде қарс қағып жылаған ҳаял даўыслары гейде сарай ишин жаңғыртып жибереди.

* *
*

Испандиярдың өлгени Хийўа қаласының ҳәмме қуўыс-қолтығына дерлик жария болып қалды. Сарай



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәрўазасының алдындағы ҳәрекет еле басылған жоқ. Бет-аўызы бозарып бөрткен ханзадалар сарай ишине бири кирип, бири шықпақта. Гей биреўлериниң көз қабақлары қалқыған. Бет жүзинде нуры қалмаған жәлладларда дәрўаза әтирапын айланшықламақта.

Ыссы қуяштың шыжғырған ҳәўиринен көтерилген қоңыр ийис алған демиң менен қосыла ишиңе қарай урады. Түс аўып баратыр. Күн намазлыгер ўақтының жақынлағанынан дерек бермекте. Әллен ўақытта сарай дөгереклериндеги мешитлердиң минберинен намазлыгер азанын айтқан мешит иймамларының „ҳеййеәла сала, ҳеййе әлел пәлла!“ деп қыйғырған сеслери жаңғырды.

Қуяш күн батыў алдындағы нурларын жыйнап кем-кемнен уясына жасырынған сайын сарай төриндеги алма-жүзим бағларының ишинде гүңгиргленеди. Әдеттегише, дәрўазаға қулып урылатуғын ўақытта болып қалды. Хан сарайындағы пәррашлардың биреўи келип дәрўазаның еки қапталындағы паныслардың қақпағын ашты, оның ишиндеги шыралардың пәнжирелерин, моржа-шийшелерин тазалады, түңкелерине лампамай қуйып, ҳәр түңкени өз орнына панис ишине жайластырар еди.

Дәрўазаға енди қулып урылатуғын болды-аў, дегенде пәренже бүркенген Қылышбай, Розымет демде сарай дәрўазасы алдында тап болды. Сарай ҳаяллларының биймезгил жүргенин жақтырмай турған дәрўазаманлар асығып кийатырған әжайып „нашарларды“ сыртқы пишинине көз жуўыртып қарады да бир-бирине көз қысысып оларды биймәлел дәрўазадан сарай ишине киргизип жиберди. Қылышбайдың аман-саў ишке кирип кеткенин сырттан бақлап турған Хожан менен Хожабай дәрҳал бағ арқасындағы пәрдийўалдың сыртында тайын болып турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сарай ишине кирип, онлаған адым атлаған Розымет:

— Қараўылларда өзгерип қалыпты ғой! — деди әстен ғана.

„Нашарлар" сыңсыған ҳаяллардың даўысы шыққан қапыға қарай бурылған еди, бирақ олар бир нәрседен, сескенгендей, қапыға барар-бармастан бийик дийўалды жағалап, арқаға бет алғанда Қылышбайдың нәзери „Қырық қыз" ҳаўызының қасындағы сарайдың қызыл гилем жайылған сыпасында бетине ақ жамылған өликке көзи түсти, оның қасында 3—4 адам көринеди, олар бейитти ҳәзирше әлле қайда жайғастырыўдың ҳәрекетинде.

— Бәзимлер сарайы, „Қырық қыз" ҳаўызы деген усы усайды!, — деди тез-тез адымлап баратырған Қылышбай Розыметке.

— Аўа, сестиңди шығарма!, — деди оған. Ең қәўипли жерге келгенин сездирип.

Сарай ишинде кимниң ким екенин байқаў қыйын. Жылаған ҳаяллардың даўысы шыққан жайдың есигинен кирип-шығып жүрген кемпирлер де көринеди.

Кәнийзеклер сарайына жақын келе бергенде Қылышбайлар өзлерин жүзим ағашларының арасына қарай урды. Ортараққа барғанда азырақ иркилип турды да кәнийзеклер сарайының арқасындағы қалың алма бағына жайғасты.

— Бир жақсы жери — бағлардың ишине лампа жағылмайды екен, — деди Қылышбай қуўанып. Жәнжаққа үңилип қарады. — Қолымыз болып, еңгурмаса Базаргүл қолымызға тийегойса!

Ай қарангы. Жатар ўақытта жақынлады. Кәнийзеклердиң жайындағы үлкен әйнектен зал ортасында турған безекли нәҳән аспа лампаның нуры жарқырайды. Жайдың ишинде олай-булай жүрген қызлар лам-



www.ziyouz.com kutubxonasi

панның жақтысына шағылысып көринеди. Енди, Қылышбайлар кем-кемнен қызлар жайына жақын келип қалғанда жай ишинде арман-берман жүрген бир жас нашар әйнектен Қылышбайдың көзине оттай басылды.

— Оңым ба, түсим бе? Мынаў бир таныс нашар ғой! Ананы қара, әне, әне! Тап Базаргүлдиң өзи!,— деди ишинен.—Базаргүл! Базаргүл! Сенбисең жаным! Мен мындаман, әйнектиң қасындаман!,—деп бақырып жибере жазлады да және өзин зорға иркип қалды.

Дөгеректеги үйлердиң алды жатып, үйлердиң әйнеклеринен жылтырап көринип турған тас шыралардың жақтысы бүгинги түнги өмирин таўысты, көшелерде үрген ийтлердиң сести узақтан еситиледи.

Әйнектен Базаргүлге нәзери түскен Қылышбай өзин мисли, дәстандағы Шасәнемди көргеннен бетер сезди. Ишн-баўыры қалтырап, жүргенде сәўер ярына болған ышқы оты, муҳаббат сүйгиси өрт болып жанады. Кәйтсем екен? Өзимди әйнектен атып урып, Базаргүл, Базаргүл! Базар!,—деп қушақлап алсам кәйтеди, қышқырып жиберейин бе, усы!,—депте қояды өзине-өзи.

Қылышбай бағ ишине қараған әйнектиң түбине келип қалғанда бир нәрсеге алаң болған Базаргүл қасақана қарағандай, әйнекке тағы жалт етип қарап еди, бул сапары Қылышбай өзин тутып тура алмады:

— Базаргүл!!! Ериксиз қышқырып жибергенин сезбей қалды. Тағы қышқыраман дегенше Розымет оның аўзын басып үлгерди.

— Мәсликке келдиң бе?!

„Базаргүл", деген еркек адамның даўысы Базаргүлдиң қулағына да еситилген усайды. Бул не қылған еркек даўысы, әлле қулағыма солайма, әлле қулағым шыңлайма?—дегендей, әйнектиң алдында биразға шекем ҳайран болып турды. Қулағына және еркек



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамлардың гүбирлескени сезилер-сезилмес еситиледи. Бул сапары әйнекти сығаламақшы болып қолларын қаплап, әйнекти сығалап еди, әйнектиң тусында пәренжели еки „нашарға“ көзи түсти, олар әйнектен сығалап турған Базаргүлге:

— Далаға шығып кет! ишарасын берди.

Базаргүл: мени неге шақырады екен? – деп ҳәўлықты, ханның өлгени басымызға бәле болмаса болар еди деп тула бойы дир-дир қалтырап кетти де, далаға шықпақшы болып дәлизге қарай жүрди. Пәренжели „нашарларда“ кәнизеклер сарайының есигинде турған сақшының қасына келди:

— Иште Базаргүл деген кәнизек бар, ҳәзир соны мында шақыр, бизлер ханның қызларымыз, оған оңашада айтажақ сөзимиз бар еди,—деди ҳаял даўысына салып әстен сыбырлап Розымет.

Пәренже кийген „нашарға“ кәўипсинип қараған сақшы:—Биймезгил ғой,—деп кес-кеслеп еди.

— Әдира қалғыр қата қалдың ғой, мә!—деп алақанына „алтын“ жүзикти баса салғанда жүреги қатты сақшымыз ләббай деп ишке кириў менен болды.

— Араңызда Базаргүл деген ким?—деди есиктен басын көрсетип қараўыл.

Сарайдың есиги тасырлағаннан Базаргүл кейин шегинген еди.

— Сенбисең?—деди, қараўыл оған.

Базаргүлдиң түри қашып, қалтырайын деди.

— Не гәп екен өзи!

— Бол, алдыма түс, ханның қызларына хабарласып кет,—деди қараўыл.

— Астаўпыралла! Менде не жумыслары бар екен? Биймезгил ўақта!,—деп, қараўылдың алдына түсип, сыртқа шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әмириңиз тәрк болмасын апалар, мен келдим!— деди Базаргүл мулайым ғана.

— Қәне, онда жақсы қыз, бери жүриң!—деди сыбырлаған даўыс пенен Розымет.

Қараўыл;

— Ары кетиўге болмайды—деп қапталласа берди. Арзымайтуғын нәрсеге Ханның қызы жүзик бергенине иши улы-гүпилди болып турған сақшыға.

— Ҳеш болмаса артындағы есикти жап—деди Розымет. Ол да бурыла бергенде Қылышбайдың қолында 'қанжар жарқ ете қалды...

Алма бағы сондай үлкен, оның аяқ жағында шыққан анаў-мынаў сес қараўыл турған жерге еситиле коймайды. „Нашарлар" алма бағының аяқ бетине тез-тез жүрип кетисти. Бул ҳәдийседен жүреги суўлаған қыз булардың еркек екенин билсе де „Неде болса кәпестен қутылайын" деп сүйреген жағына жүрип баратыр. Дийўалдан сырттағы досларының арқаны ишке түсти. Әўели қыз соң өзлери өлдим азарда шығып болып уўҳ!—деп демлерин бир-ақ алды. Хожан менен Хожабайды көрген Базаргүл, паренжесин жаңа көтерип атырған Қылышбайдың қушағына өзи-ақ таслапды.

* * *

Кәнийзеклер еле уйықлаған жоқ. Олар Базаргүл ҳаққында ҳәр қайсысы ҳәр нәрсе жорыйды. Еле ҳеш нәрсе көрмеген, жүзлери гүл гүл дәнип турған периштедей қыз еди, беў, пақыр-ай! Бир жәлладтың қолына түсип, зая болмаса болар еди?—де еди, аяған болып биреўлери.

— Ҳей, сорлы шорылар,—деди сөзге араласпай ишинен тынып отырған бир кәнийзек,—сизлер көпирип отыра бериң, мениң ойымша, ол қыздың иши майлы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрерсеңиз, еле қашса да меннен көрмең!... Ол жатырған орнынан бир қырын шығанақлады да, жамылған жуқа жаз одеялды ийнинен аш белине шекем түсирди.

— Ҳаў, сен, оны қайдан билесең?—деп сорады қызлар.

— Баған сизлер ўағырласып атырғанда, мынаў әйнектен әлле-неткен еркек адамлардың гүбирлегени қулағыма еситилгендей болды, бир ўақлары „Базаргүл" деген даўыс та шықты. Енди ойласам жаңағы қыздың аты Базаргүл екени есиме түсти, әне, кеткенине де бираз ўақыт болып қалды, не де болса, геллесин қанжығаға байлаған таныс биреў ҳийлесин таўып, ишке киргенде қызды алып қашқан болыўы керек,—деди —мениң жорыўым солай!...

Аш бүйиринен тыйық өткен қараўыл: таң алдында екиншиси келип:—ҳә, түргел!--дегенде зорға есин жыйнап ыңырсыды да:

— Кәнийзек қашты, кәнийзек!!—деп сылқ ете қалды.

— Сақшыны өлтирип қыз қашты! Қыз қашты!!! Көрген билгенлериңиз жоқ па?!—деп екиншиси жин урғандай дәрўаза қараўылларының қасына жуўырып барды, қышқырыўы менен ҳаўыз жаққа да адым урды. Иште азаға келген ўәзирлердиң ҳаўлыққан биреўлери бул не даўыс деп, асығыслық пенен сыртқа шықты.

Жасаўыл басы қараўылдың төбесине қойып қалды. Қараўыл таяқ зарпынан дүрс етип қулады, қамшы астына алды, тепкиледи.

— Қайдан тапсаң, соннан тап, егер таппасаң, ертең өзиңди дарға асаман!

Жасаўыл басы дәрўазаманлардың қасына тез барды да, олардың биреўине:

— Жәлладлар сарайында нөкерлерден еки атлы Ташаўыз жолына, еки атлы Хазарас—Ҳаңқа жолына тез атлансын, жолында қыз-жигитлер ушырасса дәрҳал



www.ziyouz.com kutubxonasi

тутып, мениң алдыма алып келсин. Тез атлансын, шап!—деди, қатты қәҳәрленип.

## ЖИГИРМА СЕГИЗИНШИ БАП

Ел, халық арасында жаңа патырат гәп-сөзлер көтерилди. Қылышбай Базаргүлди хан сарайынан алып қашпақшы болып ханның кәнийзеклер сарайына кирген жерде тутылыпты, ол қанды да өлтириўге қатнасыпты. Сол себепли ханды өлтирген жынаятшылар менен дарға асып өлтирилетуғын болыпты, тек қасында жолдас болып Хийўаға бирге кеткен жигитлери ғана қашып қутылыпты-мыс деген мыш-мыш сөзлер қулақты жаңғыртты.

Усындай мыш-мыш хабарлар Омарбайдың қулағына тийгенде „ҳә“ қанхор сондай болады“ деп қомпаңлап қояды.

Дослары Қылышбайдан еле үмитин үзген жоқ. Ҳәр ким-ҳәр кимнен еситкен сыпсың сөзлерге исенгиси келмейди. Гейпара дослары өсек сөзлер жанына тийип қапа болады, гей биреўлери бирин-бири жубатып, „Қылышбайдың усланғаны ҳаққында гәплер бос сөз, тек ол душпан адамлардың таратып атырған өтирик өсеги“ деп қарайды. Қылышбай „тегинликте қолға түсетуғын жигит емес, қасындағы дослары да арысландай алғыр жигитлер, олардың ҳеш қайсысы да қолға түсе қоймайды, көрерсиз еле, бәри де бир жерлерден келип шығады!“ дейди биреўлер.

Еки байдың да Базаргүл ҳаққында махсети орнына келмеди. Омарбай қызды дүнья-малға жығып үш қатынның үстине төртинши ҳаяллыққа алып перизат қушыў еди. Мәтимбай да баласына келин етип алып бериў әрманына жете алмады. Мәтимбай арыў қызға



www.ziyouz.com kutubxonasi

қолы жетпей қалғанын Омарбайдан көреди. Бир күни қала ақсақалларына гийне қылып:

— Ханға ел арыўын саўға етип, қолымыздағы ҳәмелимизди сақлап қалайық, деп қала ҳәкими менен қала ақсақалларының ислеген қыласыны ма, хан жәлладларына сырттан силтеп, ҳеш нәрсе билмегендей болып жүрген сирә да солардан келген бәле шығар депте гүманланаман. Мейли, Қылышбай деген гелле кесерди де көрермен! Ақыры бир күн дузағыма илинер, сонда оның менен сөйлесе билермен! — деди Мәтим аўыр гүрсинип.

Көптен бери жүрмей батылы шығып атырған заводын қайтадан тиклемекши болып жүрген Омарбай ҳарып-шаршап үйинде, „уҳ!" деп суўық демин алғанда хызметшиси Қулман биреўлерден еситкен хабарын байдың қулағына салмақшы болып:

— Бай аға, көше-гөйден өтирик пе, ырас па бир хабар еситтим, бәлки сиз де еситкен болсаңыз? — деди сөзинде иркилип Қулман.

— Тағы не таптың жақсылық па? — деди бай.

— Аўа, қәне айт!

— Маған кейимейсиз бе?

— Не өзи, айта бер! — деди орнынан қозғалып бай.

— Қылышбай Хийўадан қашып келипти!

Омарбай отырған жеринде селк ете қалды да:

— Ҳәй, не дейди, мынаның өзи? Сөйтип, не қылыпты?

Шоршып түскен байдың тақаты болмай, Қулманға үсти-үстине дәпинди, албыраған Қулман Қылышбай ҳаққында еситкен хабарларын айтып болалмай, байдың алдында қаршығадан қашқан қояндай дирилдей баслады.

— Ба-ба-бай аға, еситкенимди айтып атырман, — деди, ол еки көзи мөлтеңлеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен-ақ, қайдағы суўық гәплерди табасаң да жүресең, әйтеўир қулағымыз бир күн болса да шыңламай турмады, және не еситтиң?—деди бай оған.

— Оған қыйлансаңыз, Қылышбай Хийўадағы хан сарайынан Мүсет шаршының қызын алып қашыпты деседи,—деди Қулман.

— Астаўпыралла не дейдиң! Қудай тала бәлеңнен өзиң аман сақлай гөр, бул не деген гәп?! Не деп сандалап турсаң? Базаргүлди хан сарайынан алып қашқан дедиң бе?!—деди төбе шашы тик турып, бай.

— Аўа, бай аға! Базаргүлди алып қашқан деседи,—Қулман қалтырақлады.

— Уллы хан ҳәзиретимиздиң сарайын қорғайтуғын пашшаплары, жасаўылы қайда, олар турған қамалдан қызды шығарып алып қашыпты дегенге ҳеш кимде инанбайды! Бәлки, итимал!—деди және бай соңында сөзин гүмилжи қылып ишинен: ол гелле кесердиң қолынан ҳәр түрли бәле келеди!..

Бурқынып отырған бай Қулманға қас-қабағын үйе қарап:

— Айтатуғын тағы нė суўық гәплериң бар?—деди.

— Және ме?

— Аўа, және?!

— Егер ырас болса Қылышбай Базаргүл деген қызды алып, усы дөгереклерде, ел арасына да келген қусайды,—деседи!

Омарбайды бурынгыдан да бетер қалтыратпа тутты.

— Ҳей бала! Усы Қылышбай деген жалатай менен бир бәлең жоқ па өзиңниң ямаса мениң мәжгүнимди шығарып, мазақлап турсаң ба?!..

Омарбайдың көзи бурынғыдан да аларып уясынан шығып кетти.

— Жақ аға,—деди Қулман,—еситкенлеримди айтып отырман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бай Қулманның шеп қулағын бурап силкип-силкип жиберди. Көтереми шыққан хызметши арман-берман теңселип кетти.

— Мен еситкенлеримди айтыпатырман, жасы уллы, бирақ ырасын-өтиригин билмеймен, кимде-ким өтириктен айтса өти жарылсын!—деди хызметши.

Хызметшисинен еситкен гүптикей сөз Омарды биротала тынышсызландырды. Қайта-қайта суўық демин алды да хызметшисиниң айтқан суўық-селки хабарларын байқастырмақшы болып, бай асыққан пәти менен қала бетке қарай кетти.

## ЖИГИРМА ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

Қылышбай хан сарайынан Базаргүлди алып қашқаннан кейин бираз ўаққа шекем Қоңырат әтирапындағы елатларда, атаўлардағы ағайин-туўғанларының арасында паналап, қалаға тек узақ базар, келте базар күнлери келип кетип турар еди. Онда да таныс-билис, қәдирдан жора-жолдасларының үйлерине қала базарының ишкерисине өзин урып барып кириўи қәўип еди. Өйткени, қала ҳәкимине хан сарайынан Базаргүлди алып қашқанда Қылышбайды жәлладлардың услай алмай қалғаны, оның Қоңырат әтирапындағы елатларда жасырын жүргени әлле қашан мәлим болған. Соның ушын да оны қалай болса да услаў, уллы хан пайтахтында хан ҳәзиретине қарсы қылап ислеген „гүнәкарды“ дарға асыў. Соның ушын да қала ҳәкими оның изине тыңшы-жансызлар салып қойған.

Қылышбайды атайы душпанынан да бетер жек көретуғын Омарбайдың күни-түни қудайдан тилегени де усы Қылышбайдың ханның жансызлары қолына түсип, шәрияттың „әдил ислерге қылап“ нызамлары менен айыпланыўы, қудайдан үмити жоқ, бийҳая, „бузақы“



www.ziyouz.com kutubxonasi

Базаргүл менен дарға асылыўы еди. Қайтсе де оларды қолға түсирип алса қала ҳәкими хан ҳәзирети ҳүрметине өзиниң уллы парызын өтейди-мис, халықты ығўакер—питнешилерден қутқарады-мыс.

* * *

Бул ҳәптениң еки базарын өткерип екинши ҳәптениң узақ базары деп аталған күнинен бир күн бурын Қылышбай қалаға келгенде сол күни үйине қайтпай, қалада бир достының үйинде қонғанда қала ишиндеги бир қанша жаңа хабарлар менен таныс болды. Русият қол астының пухараларынан солдатқа, мәрдикарға кеткен бир неше адамлардың жарадар, кимлери кеселленгени себепли қайтып келгенлери менен ушырасты. Мәрдикардан келген биреўден Базаргүлдиң әжағасының аман екенин, урыс линиясынан оншама қашық емес жердеги шахталардың биринде ислеп жүргенин еситти.

Ўазалғы нийети—қала байларынан жәбир көрген қала қаллашлары менен салғырттан қысылған аўыл поқыншыларының датын ханға жеткере алмағанына қысынып жүрген Қылышбай ертеңине Мәтимбайдың заводындағы рабочийларды көрмекши болып. завод шарбағының дәрўаза алдын айланшықлады. Ол дәрўаза алдына келгенде байға өткерген пахталарына байдың оңлап ҳақы бермегенине, ҳәгте қарызларын өз есапларына қарағанда қашшан-ақ төлеп қутылған диййханларда байға қарызы болып, дәрўаза алдында бирбирине зарын айтып турған еди.

—Ҳә балам, жүзиң жыллы жигит екенсең, байдың мынаўы дурыс па! Усы Мәтимбай деген үйи күйгирге анаў өгизше жегилген телеген арбаға тийеп неше жола пахта әкелип бердим, мениң өз есабым оннан пах-



www.ziyouz.com kutubxonasi

таға алған пул қарызымнан әллеқашан қутылған шығарман деп жүрип едим, өткерген пахталарымның пулын сорасам, енди анаў жыллардан қалған қарызың бар, соннан қутылғанша пул бермеймен дейди. Ол жыллардан ҳеш бир қарызым жоқ еди ғой, бүгинги өткергеним қолымда қалған ең соңғы пахтам еди, пулын напақа қыларман деп едим, енди не қыламан, оннан ҳақымды қәйткенде аламан?—деп ғаррылаў дийхан Қылышбайға шағынды.

Дийханлардың биреўлери Мәтимбайды қарғап, күйип-писип завод дәрўазасының алдын басына көтерди. Гейбиреўлери не ақыл айтар екен дегендей, Қылышбайға тигиле қарайды.

Дийханлар Қылышбай менен енди сөйлесиўге қарағанда Омарбайдың еки-үш адам менен мезгилсиз ўақытта Мәтимбайдың заводына қарай киятырғанын Қылышбайдың көзи шалып қалды да өзин завод дәрўазасы алдынан шетке бурды. Жаңағы дийханлар сөзин айтып болмай-ақ иркилип қалды, басқа дийханлар да Омарбайға жол бермекши болып дәрўаза алдынан бир шетке шықты. Қылышбайда дийханларға аралаласа завод шарбағының ишине кирип кетти.

Жартыўлы әйнеги жоқ жыйықхананың иши күндиз де гүңгиртленип турады, тек еки жеринде түткеши ғана бар, олар да оншама үлкен емес. Ҳаўаның булытлы күнлеринде паныс жағып коймаса пахта арасында қыбырлап жүрген адамлар бир-бирине дүгисип те қалады.

—Жыйық қуўрады, пахта!—деди ашшы даўысы менен бир жыйықшы.

—Қараңғы, жол жоқ, кимде гүкирт бар? Паныс жағың!,—деди трапқа енди аяғын қойған бир рабочий, арқасындағы қанарды қатты силкип.

Ҳә, дегенде паныс жағыла қоймады. Жыйықхана-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның иши кем-кемнен түнерди. Ортаншы жыйықтың мастери әллен ўақытта қапталына әкелип төгилген шигитли пахтадан бир қушақ пахтаны көтере берип, жыйықтың елекшесине сала берген заматы бир аяғы жазатайымнан тайды да оң қолы пахта менен араласа жыйықтың валигине илинди. Бийшара жыйықшы жан ҳәўлетинде:

—Дат, өлдим! Қолым-қолым!!!,—деди ол, жан азары шаўқымы менен жыйықхананы басына көтерди. Екинши жыйықшы жыйықтың қайысын қағып жибергенде жыйық ишинде еки-үш жерде шырпы шағылды. Прессхананың рабочийлары да жыйыққа пахта тасыўшы рабочийлар да қол шайнаған жыйыққа қарай топарласты. Омарбайдан өзин паналап турған Қылышбай да рабочийларға араласыўы менен қол шайнаган жыйық бетке умтылды. Сол ўақытта Омарбайдың „тық" еткизип шаққан шырпысын жыйықтан жаңа ғана шыққан нәҳән бир тай жумақ пахтаға таслап жибергенин көзи шалып қалды. Ҳә дегенше жыйықханада өрт көтерилди. Жыйықшылар, пресс рабочийлары шуўласыўы менен қолы шайналған рабочийды арқалап өзлерин сыртқа қарай урды.

Өрт өшириўге жыйналған халықтың шаўқым-сүрени көбейди:

Қолына суўлы шекер көтерип Қылышбай:

— Қалайлықлар! Заводқа Омарбай от қойды, мен оны өз көзим менен көрдим! Ҳә Мәтимбай аға, адамларыңнан көрип жүрме! Омарбайдың өрт қойғаны ҳақ, мен қай жерде болса да гүўа боламан!—деп қолындағы шелектиң суўын Омарбайға серпип жиберди де жуўырды. Қылышбайды ойламаған жерден көрип қалған Омарбай тақыр жерде буға алмай албырағанынан!

— Өзи, өзи, от берген өзи-өзи деп қараңғыға тасалана берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Туўры сөйле сен де барып турған бузақысаң,—деп Мәтимбай келе Қылышбайдың жағасынан асылды.

— Өтирик болса мен гөрге бармайман ғой, оннан да қашпастан бурын Омарбайды усла, шырпысы да қалтасында шығар, қой десең отыңды өширмеспей-ақ қояйын,—деп шелекти ылақтырып жиберди.

— Мәтимбай, Ҳә Мәтим! Омарбайға исен бе! Омарбай ҳарамы шырпы шағып пахтаға өрт берген,—десип онлаған даўыс буны қуўатлады.

— Жоқ, Мәтим! Мен емес! Жалатайдың сөзине исенбе!—деген Омарбайдың даўысы қараңғыдан тарғылланып шықты.

Өрт көтерилген сайын көгерилип лаўлады.

Мәтимбай ашыў менен, Омарбайдың изинен жуўырды, Басқаларда заводты басына көтерди.

— Газзапты услаң!

Омарбайды бара бас салған Мәтимбайдың адамлары қалтасын тинтип шырпыны таўып алғаннан соң қорықпастан бир-еки жудырықты таслап жиберди. Ғәзеби келген Мәтимбай келе Омарбайға асылды. Еки бай қараңғы да бағырласып атырғанда Қылышбай дәрўазаға қарап жүре берди. Үйлерине тарқасқанлар да даўырық пенен жыйналған екен олар да, бес-алты жигиттиң басшылығында Қылышбайдың изине ере берди. Байлардың талай қысыўметин көрген адамлар көшеге ш ғысты.

Демде тап болған еки жасаўыл Қылышбайдың еки билегине асылды. Жигитлер жасаўыллардың көкиреклеринен түйип-түйип жиберди.

Қылышбай адымлап киятыр.

Тар көше. Қаланың ана шетинен, мына шетинен „таң атады“ деп қызыл кегирдек болған қоразлардың ҳаўазасы еситилди.

Ол адымлап киятыр. Ҳәр қәдеми салмақлы. „Сен



www.ziyouz.com kutubxonasi

басла биз еремиз!“ деген баяғы гедейлердиң сөзи, ядына түсти. Бул—алдында, адамлар—изинде.

„Таң атып киятыр; деп ойлады ол,—таң атып киятыр. Биз сол таңға қарай киятырмыз, алысырақтан жасаўыллардың атларының дүбири шығады, оннан сескенген жан жоқ.

Сағынышдай сарғайып алтын таң атып киятыр. Қылышбай баслаған қалайықта сол таңға қарай алға кутлы қәдем таслап киятыр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

*Курбанбай Аралбаев*

СВЯЩЕННЫЙ ШАГ

(ПОВЕСТЬ)

*Издательство „Каракалпакия“*

НУКУС—1970

Редактор *М. Қарабаев.*
Худ. редактор *К. Бердимуратов*
Тех. редактор *А. Турдымуратов*
Корректор *Л. Қлышева.*

Териўге берилген ўақты 13/XI- 1970-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 8/XI!—1970-ж. РК 32305 Қағаз форматы 70x108$^1/_{32}$Қағаздың № 2 Көлеми 4,87 баспа табақ 6,82 шәртли баспа табақ. 6,76 есап баспа табақ. Тиражы 5000 Баҳасы 22 т.

ҚҚАССР Министрлер Советиниң баспа сөз бойынша басқармасының „Правданың" 50-жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты Заказ № 174.

www.ziyouz.com kutubxonasi